12+

# МАХ ДУГ

7

2016





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2016

7
2016

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2016

## НОМЫРЫ ИС:

**КАЛОТЫ ХАЗБИ: 95 АЗЫ**

**Поэттæ Хазбийы тыххæй** 7

*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Фæсном.** Уацау цыбыртæгондæй 16

**НОГ НОМ**

*ХОЗИТЫ Агуындæ.* **Мæ райгуырæн бæстæ.** Æмдзæвгæ 63

*ÆЛБОРТЫ Петр, ГАДЖИТЫ Барис, НОГЪАЙТЫ Хазби, САСИАТЫ Ислам, ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æмдзæвгæтæ** 64

**ТУГЪАНТЫ БАТЫРБЕГ: 150 АЗЫ**

*ТУГЪАНТЫ Батырбег.* **Æгъдаумæ гæсгæ.** Радзырд 73

**НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**

*БАГАТЫ Аврам.* **Фæллойы Хъæбатыр** 80

**УИДÆГТÆ**

*ГУСАЛТЫ Барис.* **Кусарт æмæ йе 'гъдау** 87

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 96

**РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН**

*БЕТРОЗТЫ Майрæм.* **Хæрзгæнæг** 108

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

*БАГАТЫ Никъала.* **Ирон æвзагзонынады фарстаты тыххæй наукон конференцийы** 114

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Фыдохы арт** 121

**АРВИСТОН** 133

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

Маймули куы спаддзах уа, уæд йæ цуры чъыллипкафт кæн.

*Арабаг æмбисонд*

# КАЛОТЫ ХАЗБИ: 95 АЗЫ



# ПОЭТТÆ ХАЗБИЙЫ ТЫХХÆЙ

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

## АХÆМ ÆНКЪАРД БОН УЫДАИД...

*Æвзонг курдиатджын поэт Калоты*
*Хазбийы мысынæн. Уый хъайтары мард*
*фæци Фыдыбæстæйон хæсты 1943 азы.*

Ахæм æнкъард бон уыдаид...
Уый бæрц æрцыдаид хъыг,
Арв дыл йæ рустæ тыдтаид,
Калдтаид судзгæ цæссыг.

О, цымæ чи уыд дæ марæг?
'Лгъыст уа мыггагмæ йæ ном!
Риуæй нæма схызт дæ зарæг,
Афтæ дыл аталынг бон.

Афæлурс мардау сæуæхсид,
Бауасыд халон кæмдæр,
Булæмæргъ фескъуыдта йе 'хситт,
Нал райхъуыст Терчы сæр-сæр...

Фидæны 'фсæн дуæрттæ хостай,
Хур дæм йæ зынг къух тылдта.
Знаджы мæлæтдзаг рæхуыстæй
Де 'взонджы рухс бон ныттар.

Цардбæллон, цардæй фæцух дæ, –
Амæй тæригъæддæр циу?
Цадæггай ризынц дæ къухтæ,
Тугхъулон дары дæ риу.

Цæй-ма, мæлгæйæ цы худыс?
Ме 'мкарæн, исты-ма зæгъ.
Чи зоны, уый ды нæ цудыс,
Чи зоны, фенкъуысти зæхх...

...Радтай дæ зæрдæ дæ Ирæн,
Уый тыххæй федтай фыд-зын.
Оххай, тæригъæд, тæригъæд, –
Нал дын ыл антыст фыссын...

Ахæм æнкъард бон уыдаид...
Уый бæрц æрцыдаид хъыг,
Арв дыл йæ рустæ тыдтаид,
Калдтаид судзгæ цæссыг...

*1956*

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

## ФÆСТАГ ХЪУЫДЫ

*Калоты Хазбийы мысынæн*

О, зонын æз, æрзылд мæ фæстаг сахат...
Æрхаудзынæн уæлгоммæ дзагъырдзастæй.
Мæ зыхъхъыр дзыхæй скæлдзæн туджы саха,
Ныхъхъæбæр уыдзæн хъусрæбынты ахстæй.

Дард ацæудзысты, дард, мæ тохы 'мбæлттæ,
Æз та кæсдзынæн сау мигътæм æдзæмæй.
Æндæгъд къухы – рæдывд кæрдæджы хæлттæ...
Мæ кард – дзæгъæл æппæрст æнæ кæрддзæмæй...

Мæ хуры хай... дæ ном нæ дзурын барæй...
Кæддæр уыдтæ мæ сонт митæм фыдæхау.
Кæд мын сæ ныр, фæстаджы бон, ныббарай, –
Мæ уд дæм хъуамæ базыртыл фæтæха.

Æхсæв дын-иу ныххойдзынæн дæ рудзынг,
Сæумæ дын хъаздзынæн дæ сау дзыккутæй.
Мæ цæстысыг-иу нæугæрдæгыл судздзæн,
Æрттивдзæнис-иу дон мæ мидбылхудтæй.

Изæрон арв – ызгъæр цæгты æмбæрзтæй...
Куы йыл уынай мæ къæдз æхсаргард састæй –
Уæлгоммæ хуысгæ уайдзынæн дæ цæстыл
Мæ туджы ахст фæзгъæртыл дзагъырдзастæй.

Дæ мидхъуыдыты-иу дæ сæр æркъул кæн,
Æрхæц-иу мын мæ цæстытыл дæ хъыджы.
Æрæппар мыл дæ бæзджын сау дзыккутæ
Æмæ-иу сæ æрæхс дæ цæстысыджы.

*ХОДЫ Камал*

## КАЛОТЫ ХАЗБИЙЫ ФÆСТАГ САХАТ

Æз цæуын,
Æмæ гуыргуыргæнгæ мæ фæстæ хидтæ судзынц:
Фæстæмæ мын æрмæстдæр ис кæсæн,
Фæлæ мын, оххай, нал и ныр ыздæхæн...
Цъæх арты денджызы мæ танк
Сырхзынг зæрдæйау
Утæхсæн кæны.
Уæлахизмæ – йæ фæндаг!..
Мæ къæмисæнты иугæндзон дзæхст-дзæхстæй
Мæ сæрæн нал дæн...
Кæд мæ туг
Цыхцырджытæй мæ хъæдгæмттæй фæкалди?..

Цæуын...
Гуыргуыргæнгæ мæ фæстæ хидтæ судзынц.
Хæрам тыхæй цы рафæлдыста æрдз –
Мæ ныхмæ абон растадысты иууыл,
Фæлæ уæддæр мæ цыды кой кæнын...

Афонмæ...
Ирыстоны...
Фæсырхбынтæ и тута...
Æз цæуын...
Фæлæ уый циу? –

Ætt, туг куыд ныууарыди, уастæн:
Мæ разæй дæр гуыппæй куы судзынц хидтæ!!!
Дæ раны дæ, Калойы-фырт, дæ раны...
Ныр фæиртæстæ дунейæ,
Куыд фæиртæсти Данкойы зæрдæ
Йæ буарæй...
Фæлæ уый циу!
Мæ тугвæд калы арвгæрон тæмæнтæ.
Æви мæ цæстыл алы хъылма уайы?..
Кæд, мыййаг, хуыцæуттæ
Налхъуыт-налмасæй арæзт хид
Рауагътой мæ размæ!..

Размæ... Размæ...
Уыцы хидыл хъуамæ
Фæхæццæ уон æз абон
Уæлахизы бæрзондмæ!
Размæ... Размæ...
Ау, уый та куыд? –
Арвæрдын куы февзæрди мæ размæ!..
О, арвæрдын – хуыцæутты хид...
Æртасыди мæ размæ,
Фæлæ йæ кæрон туджы малы змæлы.
... Куы ма бакастаин уæд та,
Ирыстонæй цы фыстæг райстон абон,
Уый...

*1972*

*ХЪОДАЛАТЫ Герсан*

## ФЫН

Дысон фыныгъдауæй
Калоты Хазбийы федтон.
Исдуг æнхъæлдтон:
Чидæр мын ивддзаг кæны...
Мæ цæстыты дзагъырыл
Æдзынæг цымыдис бафтыд...
Стæй уæд...

Мæ хистæр, мæ кардзыд æфсымæрыл,
Стæй уæд...
Мæ кæстæр, мæ цардхъуаг æфсымæрыл
Ныттыхстæн...
Ныррызтæн...
Мæ цины цæссыгтæ
Йæ хæстарыд цинелы 'фцæгготыл
Хъæрмустæй ныгъзæлдысты...
– Дæ фæдтыл нæм уалдзæг куы 'рцыди,
Дæ фæдтыл нæм фæззæг куы 'рцыди,
Дæ фæдтыл нæм зымæг куы 'рцыди,
Стæй иу æмæ дыууæ хатты нæ, –
Кæм бафæстиат кодтай уæд ды,
Куы дæм ныуурс ысты мæ цæстытæ?
– Иугæр куы ахуыссыд
Хæсты æвирхъау зынгирвæзт
Нæ туджы къæвдайæ,
Скæсæны сырхдзыкку бон куы фæзынд, –
Мæ фæндаг ракодтон уæларвон дунейыл.
Æрфæны цъæх-цъæхид быдыры
Æвæджиаг дидинджытæ
Æртыдтон Гыцци æмæ Н-йæн...
Суазæг мæ кодта хæларæй
Йе 'ргъæу галуаны Куырдалæгон.
Мæ сагартæн уаддзуйæн
Болат цæфхæдтæ ныссагъта,
Ноджы сæ сысæрста
Мадæл бирæгъы æхсырæй.
Бонивайæны хъуамæ
Хæрзæггурау балæууон
Рухс фидæны къæсæрыл,
Рагæй мæм тилы йæ зынг къух.
– Бæдæйнаг, нæ хæхты фæдисон!
Мах та дæ 'нхъæлдтам зынгхуыст.
Арв сæ æркъуыра, уастæн,
Гæдывад ныхæстæ чи мысы! –
Се 'взаг цы нæ скæрды,
Иу ахæм нал ис...

Калоты лæппу, дам,
Курскы цур
Хъазуатон ныббырсты заманы
Басыгъди танчы...
Æмæ дыл мах дæр удрисгæ
Рухсаджы зарджытæ кодтам.
Табу хæстамондæн,
Æгайтма дæ сау гæххæтт
Рæдыды фæндагыл рацыд!
Æгайтма Ирыстоны арвæй
Нæ расхъиудта стъалы – зæриндзаст!
Æгайтма дæ номы куырдадзы
Урсдзыгуыр зынджытæ
Æхситгæнгæ стъæлфдзысты!
Ды ма банхъæл, Иры дзыллæ дын
Дæ лæггæдтæ баппæрста Терчы.
Дæ ризгæмыр дадзин-рæнхъытæ –
Дæ уды рæбинаг фæллой дын
Хæрзаивæй рауагъди джиппы.
Дæхиау курдиатджын,
Дæхиау хæдæфсарм, æхсарджын поэт ыл
Ныууагъта йæ зæрдæйы рухс фæд...
Табуафси, ныззилæм хъæмæ,
Кæддæра мæ фынгыл
Зынаргъ сувенирау
Дæ чиныг нæ фенис...
Дæргъвæтин фæсбалц
Фæллад дæр уыдзынæ, –
Де 'хсæв нæм рахæсс...
– Бузныг, æфсымæр,
Фæныгуылы хур.
Нырма мæ нæ федта Гыцци. –
Загъта ныгъуылдтытæгæнгæ
Мæ саджы фисынтыл амад æфсымæр,
Стæй уæд фæбадæг и уаддзуйыл,
Цæстыфæныкъуылдмæ
Саудзалыг æфцæгæй ахызт...
Æз – æгуыппæджы амæддаг,
Дурцыртау баззадтæн джихæй.

Ærmæст ма мынæггæнгæ зæлыд мæ хъусты:
«Нырма мæ нæ федта Гыцци»...
Диссаг:
Лæджы цæстæй-цæстмæ ма фен,
Удæй-удмæ ма зон,
Æмæ дæм раргом уæд фыны,
Ærцæуæд дæм мидбылты худгæ мæрдтæй
Æмæ йыл дæ мадызæнæгау фæцин кæн,
Æнахуыр æхцонæй
Ысриссæд дæ зæрдæ,
Уынгæгæй фæцæйтонæд риуы
Æмæ дын хъыг уæд дæ фехъал!..

*1977.17.10*

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ*

## КАЛОТЫ ХАЗБИЙÆН

Стыр Хуыцауы рард,
Стыр Хуыцауы айст, –
Иры милрихи
Сауæвзалы фырт,
Нал дæ ды æмæ
Нæй хæстон поэт, –
Чи та фехъусид
Иры зæххы хъæрзт,
Чи та фехъусид
Ныр нæ фæдисхъæр,
Чи та бахæрид,
Чи, йæ дудгæ маст.
Ехх, кæмæн уыдтæ!
Охх, кæмæн нал дæ,
Уый кæмæ кæуа,
Ныфс кæмæй кура!..
'Фсæн гуырд чи феста
Ныр дæ сау мадæн?!
Нæй хæстон поэт,
Нал – дæуæй ардæм.

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

## КАЛОТЫ ХАЗБИМÆ

Фыстай йæм,
дæ уарзон сылгоймагмæ:
«Мæ хъоппæг», «Мæ дзагъыр»,
Зæххон уыд, хуымæтæг,
фæлæ уæддæр –
диссаг, æнахуыр.
Æмæ танчы куы сыгъдтæ,
уæд касти
дæ риуæй ысгуылфгæнæг пиллонæй,
Æмæ кæд сау ала калдта,
уæддæр дæм нæ зынди чъиллонæй, –
Зынди дæм сыгъдæгæй,
æмæ кæд демæ сыгъди
буарæй, зæрдæйæ,
Уæддæр баззад дæ фæстæ –
дæ номыл –
дæ номæй –
цæргæйæ.
Æхсæв æмæ бонæй
йæ цин дæр, йæ маст дæр
демæ æвзарæг, æрвитæг,
Ды цардтæ йæ мидæг,
дæу хаста йæ мидæг.
Æмæ куывта дæумæ –
æнустæм Ирыстонæн нывондмæ,
Куывта дын дæ монц, дæ монмæ –
Ирыстоны генофондмæ.
Дæуæн Уæлахиз не ‘рцыд, –
рæстæг æгъуыз бонтæй
ныддаргъ ис, ныххал ис, –
Æрмæст дын дæ уарзт –
дæ хъоппæг, дæ дзагъыр –
уыдис уæлахиз –
Дæ иунæг, дæ бæрзонд уæлахиз –
нæй, никуы дæм скасти
ныллæгæй!..

Цы кæнон?
Мæлын дæм –
æмæ дæм нæ мæлын –
хæлæгæй.

*1995.19.06*

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

## КАЛОТЫ ХАЗБИЙЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ КÆСГÆЙÆ

Ехх, куыд буц уыди йæхицæй
Саг ирон лæппу, мæ зынгыл.
Сты йæ зын æмæ йæ цинтæ
Ирд, цыкурайы фæрдыгау.

Дзырд – æлвæст, фæндыры хъисау,
Зарæг сис, цы кура зæрдæ...
Царды хорз æмæ йæ риссаг
Хъуамæ бахиза мæлæтæй.

Дун-дунейыл нæй фæцудæн,
Ууыл афтæ тынг æууæнды,
Æмæ сау нæмыг йæ цыдæй
Уый цур сагъдауæй фæлæууы.

Мæй та, бурдзыкку, ысхилы...
Фенцад хæсты хъæр рæстæгмæ,
Уæд йæ сис рæсугъд æрзилы
Уды сагъæссаг ныхæстæ.

Хъæу. Ирон хæдзары, къуымы,
Бады сидзæрау йæ гыцци...
Уарзон чызгæй рох нæу фыны:
Хъæццул асхойы, ныббуц и.

Фод уæ зын сурæг мæ фыстæг,
Не 'хсæн нæу мæлæт дæр арæн...
Хæст фæци, уæд уæм зындзыстæм,
Багъæц, æз кæнæ мæ зарæг!..

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

## ФÆСНОМ

*Уацау*

Цыбыртæгондæй

*Искæмæн нæ зонын, фæлæ мæнмæ гыццылæй нырмæ цымыдисаг каст, мæ алыварс цы адæм цард, уыдоны фæснæмтты равзæрд. Æмæ мæнæ цы бафиппайдтон:*

*– Кæд иу мыггагæй бирæ кæйдæрты фæзонынц, уæд фæсном та фæхауы æрмæст иу хицæн адæймагмæ, æмæ йын уый февдисы йæ æнæфæивддзаг миниуджытæ: йæ уды, йæ цæсгом æмæ йæ гуыры сконды, суанг йæ бахудт, йе схуыфт æмæ йе 'рыхснырсты дæр ма.*

*Хъуылаты Созырыхъомæ ис радзырд «Дыууæ къæрныхы». Мæнæ цы хуызы æвдисы уый йæ хъайтарты: «Парсайы сæ хъæуы хуыдтой Дæлимон, къаннæг æмæ хин лæг кæй уыдис, уый тыххæй. Палайы хуыдтой Кæфой, йæ дзых чысыл хæлиу кæй дардта, уый тыххæй».*

*Иу фæсном дæр æнæ исты æфсонæй нæ фæзыны. Фæлæ иугæр фæзындис, зæгъгæ, уæд ныффидар вæййы, адæм æй дзыхæй-дзыхмæ айсынц, адæймаг йæхæдæг нал вæййы, уæддæр ма йæ уыцы номæй фæмысынц, уыцы номæй йын фæамонынц йæ фæстагæтты дæр.*

*Мамсыраты Дæбе йæ радзырд «Хъæндил»-ы фыссы: «Адæм ном æвæрынмæ куы æрæмбырд сты, уæд дзы куыд нæ уыдаид хорз нæмттæ! Бирæ фæрахъуыды-*

*бахъуыдыйы фæстæ æвзæрст æрцыд ном «Чермен». Фæлæ, кæд ныййарджытæ дæр æмæ номæвæрджытæ дæр цыфæнды архайд кодтой, уæддæр уыцы ном фесæфт. Кæддæр чидæр цæмæндæр лæппуйы «Хъæндил» рахуыдта æмæ уæдæй фæстæмæ Хъæндилæй баззад. Фыд мæсты кодта, æлгъыста. Лæппу куы фæхъомыл, уæд йæхæдæг дæр мæсты кæнын райдыдта, Хъæндилæй йæм чи дзырдта, уыдоны-иу нæмынмæ дæр рахъавыд, фæлæ-иу йæхæдæг нады фæцис æмæ сæ уæд ныхъхъуытты уагъта. Ныййарджытæ дæр æрсабыр сты æмæ йæ фæстагмæ сæхæдæг дæр Хъæндил хонын райдыдтой...»*

*Фæснæмттæ канд хицæн адæймагыл не 'вæрдæуыд. Чеджемты Геор æй бафиппайдта: «Нæ рагфыдæлтæм мæнæ ахæм миниуæг уыди: хъазгæмхасæнты-иу иу хъæуы цæрджытæ иннæ хъæуы цæрджыты, иу коймæгтæ иннæ коймæгты рахуыдтой цавæрдæр æнахуыр номæй. Кæрæдзиимæ фембæлгæйæ-иу хъуамæ загътаиккой:*

*– Уæ бон хорз, Зилгæйы родгæстæ.*

*– Куыд стут, гæды Куырттатæ?*

*– Цы фестут, хъал Тæгиатæ?*

*– Байрайат, тæрсаг Хуымæллæг...»*

*Æмæ афтæ дарддæр. Ныртæккæ дæр ахæм цыдæр нæмттæ ис Брутыл, Олгинскæйыл, Ногирыл, Джызæлыл...*

*Фæснæмттæн сæ фылдæр рацæуынц мадæлтæй æмæ вæййынц уыдонæн сæ цин æмæ сæ сæрыстырдзинад æвдисæг. Адæм кæй радтынц, уыдон та фылдæр хатт февдисынц искæй хъæнтæ, кæнæ искæй иставæр æнæуаг ми, арæхдæр хицауы бынаты чи вæййы, уыдоны.*

*Мæнмæ афтæ кæсы, цыма Ирыстонæй фылдæр фæснæмттæ никуы ис. Уыдон сты нæ адæмы ахастдзинæдты кæрæдзийæн цас аргъ кæнæм, кæнæ кæрæдзийы цас нæ уарзæм, сæйрагдæр та цавæр дуджы цæрæм, уымæн ирд æвдисæн, стæй адæмон сфæлдыстады иу хуыз.*

*Ууыл дзуры мæ цыбыртæгонд уацау дæр...*

## Фыццаг хай

Рагацау мæ хæлæрттæй кæмæндæрты ныффæдзæхстон, зæгъын, уæ хъæуты ма мын, фæснæмттæ кæмæн ис, уыдоны номхыгъд скæнут, кæд гæнæн ис, уæд мын иуæй-иу фæснæмтты

равзæрды тыххæй кæнæ радзурут, кæнæ та ныффыссут: кæд райхъуыст фыццаг хатт, кæй дзыхæй схауд, цы нысаниуæг ын ис. Дыууæйæ мын дзы не сразы сты Ног Бæтæхъойыхъæу æмæ Олгинскæйæ, мыййаг, дам, сын хъыг куы фæуа, сæхи тыххæй куы бакæсой, уæд – чидæртæ, дам, дзы мæсты фæкæнынц, уыцы номæй сæм куы сдзурынц, уæд...

Мæнæн уæлдай цымыдисагдæр уыдис, мах разæй чи иард, абон не 'хсæн чи нал ис, уыдон цавæр фæснæмттæ хастой, уый базонын. Æмæ уæд æххуысагур мæ тъæпп фæцыдис нæ хъæуы хистæртæй иу – Дзгойты Аслæнбегыл. Иу изæр æм телефонæй ныдздзырдтон, мæ курдиат ын загътон æмæ мын уый къуырийы æмгъуыдмæ мæ ныццыдмæ уыдоны номхыгъд скодта. Сæ мыггæгтæ, се 'цæг нæмттæ дæр дзы ис:

Борыхъуаты Акка (Алыксандр) – Сæгъгæс,
Цырыхаты Валодя – Бичъо,
Томайты Махар – Джоджыхъо,
Æгайты Азæмæт – Ботъи,
Слонты Хадзымæт – Цыбыр,
Бадриаты Хасанбег – Немахълаца,
Бедойты Михал – Бигъа,
Гугкаты Алихан – Алкуын,
Æлбегаты Хасæхъо – Æнхъæл,
Майрæмыхъуаты Митя – Гытджын,
Æлбегаты Юри – Гота,
Æлбегаты Алихан – Дидаттæ,
Кокуаты Дзамболат – Кутакк,
Кцойты Барис – Гырго,
Созанаты Валодя – Гæды,
Бызыккаты Ирбег – Бындзахсæг,
Бадриаты Хъазыбег – Мичурин,
Æлбегаты Виктор – Биттыр,
Дзгойты Коля – Тебло,
Бедойты Андрей – Дзиба,
Æлбегаты Альберт – Джан,
Дзампаты Уырызмæг – Будза,
Æгайты Эльбрус – Æбу...

Дæлдæр иуæй-иу фæснæмтты равзæрды тыххæй:

## Сæгъгæс, Цыбыр, Бырау...

– Се ‘ппæтæн ахæм æнахуыр дыккаг нæмттæ цæмæн радтой, уый нæ зонын, – загъта мын Аслæнбег, – гыццыл ма куы уыдтæн, саби, уæд сæ-иу хъуыстон, фæлæ уый кæд æмæ кæд уыдис, кæйдæр загъдау, зноны лæппу нал дæн, дысон æхсæвæрæн цы бахордтон, уый дæр мæ куы ферох...

Сæгъгæс нæ тæккæ сыхаг уыдис, махæй æртæ хæдзары уæлдæр цард, æз ма йæ æрæййæфтон. Мæ мад Мæсирæт-иу дзырдта, сидзæрæй, дам, хъомыл кодта, йæ сабибонтæ, дам, сæгъгæсæй æрвыста. Йæхæдæг дæр, дам-иу, арæх мысыд, æз, дам, адæмы астæу нæ, фæлæ сæгъты астæу схъомыл дæн дæлæ Ганинæйы къуыбыры фæрстыл хъæугæрон.

Нæ сыхаг уыд Слонты Хадзымæт – Цыбыр дæр. Йе ‘цæг номæй йæм искуы исчи сдзырдта, зæгъгæ, æз уый нæ хъуыды кæнын. Ам æй алчидæр зыдта: нæ хъæуы уымæй къаддæр ас адæймаг нæ уыд. Дамир, ды цæй бæрзæндæн дæ?.. Гъемæ дæуæн, мацы мæ уа, дæ риуы уæллаг цæппузырмæ дæр нæ хæццæ кодтаид, уымæн йе ‘рцыдмæ фæцæрай. Уæртæ тæккæ тигъыл цард, æмæ ныр искуы-иу хатт йæ кой куы рацæуы, уæд мæ цæстытыл ауайы сæ дуармæ акъацийы къодахыл бадгæ, йæ мæллæг фæсонтæ-иу сæ хъæдын къулыл баныхæстысты. Зæрондæй йæ, мæгуыр, йæ цот горæты балæууыын кодтой. Æз ын йæ зианы уыдтæн, нæ сыхæй мæрддзыгой ацыд. Чырыны бынтондæр ныггыццыл ис. Йæ чырыныл дæр ын цыппарæй нæ, фæлæ дыууæйæ схæцыдысты, афтæ рог уыдис...

Хуыздæр зонын, мемæ чи куыста, уыдонæй кæйдæрты фæснæмттæ. Сымах, Дауыратæ, Цæллаггатимæ æрвадиуæг нæ кæнут? Кæнут. Уæдæ уæд Викторы зыдтаис. Бауырнæд дæ, æз йæхицæй уæздандæр æмæ къухджындæр адæймагыл нæма сæмбæлдтæн. Машинæ æмæ тракторы хæйттæй цалцæг кæнынмæ кæцымæ нæ арæхсти, иу ахæм нæ уыдис. Зест æм бахæссай, æфсæйнаг хæтæл æм бахæссай, уайтагъд-иу æй ахуынкъ кодта, кæнæ та – алыг. Иу заман кæйдæр дзыхæй æппæлды хуызы уыцы дзырд схаудта:

– Бырау дæ æмæ бырау, Виктор!

Уайтагъд цалцæггæнæн æрмадзтыл уый ахъæр ис, баныхæсти йыл. Уымæй фæстæмæ-иу æм уыцы фæсномæй куы сдзырдтаис, уæд-иу фæлмæн бахудт.

Ӕз дæр кæйдæртау рифмæтæй фæхъазын æмæ мын иухатт лæппутæ афтæ зæгъынц, Бырауыл, дам, ма йæ райгуырæн бонмæ исты æмдзæвгæ ацъапп кæн. Иу чысыл фынг ын сарæзтам, æрмадзты фале цъæх нæууыл бадтыстæм æмæ йын æй уым бакастæн. Ныфсæрмытæ ис, мæгуыр... Уыцы тетрады сыф уæдæй нырмæ не скъаппы лæгъзтæй иуы арф ран æвæрдæй фæлæуыд. Иу скъуыддзаг дын дзы бакæсон...

*Болт ызгæ кæнын нæ уагъта,*
*Алы бон – сæрдгæ.*
*Знон та йын Дыбыдта загъта:*
*«Алыг ма йæ кæн...»*
*Уый дзæбуг, зубилæ райста,*
*Бавнæлдта лæгау.*
*Ӕмæ болт къæртгай фæхаудта...*

Ацы Бырауæн йæ сыхаг, не ’мкусæг Ӕлбегаты Дидаттæйæ йе ’цæг ном куыд ферох, уый никуы фехъуыстай?.. Беслæныхъæуæй Хуымæллæгмæ дын иу лæг æрцыдис. Уæд ма-иу ацы Дидаттæ бульдозерыл куыста æмæ йæ уыцы лæг дæр уый тыххæй агуырдта. Чи йын æй бацамыдта, уый йын, æвæццæгæн, ныффæдзæхста, Алихан, дам, хуыйны æмæ йæм-иу Дидаттæ, зæгъгæ, ма фæрæди, куы йын фæхъыг уа.

Дидаттæ уынджы тигъыл лæуд фæцис æмæ йæ уазæг фæрсы:

– Бахатыр кæн, хорз лæг, ам та Ӕлбегаты Алихан кæм цæры?

Дидаттæ хъуыдыты аныгъуылд, стæй æрæджиау афтæ бакодта:

– Ӕз мæхæдæг дæр Ӕлбегатæй дæн æмæ ам, Хуымæллæджы, ме ’рвадæлтæй иуы дæр ахæм номимæ никæй зонын...

Уазæг стыхст:

– Мæнæн, чи йæ зоны, ахæм афтæ загъта, уым æмæ, дам, уым цæры, афтæ йæ хонынц. Ау, уæдæ дзæгъæлцыд фæдæн?

– Цы кусæг у, уый дын нæ загъта? Уагæры дæ афтæ æхсызгон цæмæн бахъуыд?

– Бульдозер æм ис уыцы Алиханмæ...

Ӕмæ, дам, уæд Дидаттæ йæ къухтæ кæрæдзиуыл ныццавта:

– Мæнæ мыл мæрдырох куыд бахæцыдис? Уый æз мæхæдæг куы дæн!..

Гъе, ахæм худæджы хабæрттæ... Мæнæ ма дын иу ахæм диссаг радзурон:

– Дæлæ ма дæлæсыхаг Дилойы хъуыды кæныс?

– Куыннæ кæнын?! Дауыраты хæрæфырт уыдис...

– Уæдæ ма мын зæгъ: Дило йе ‘цæг ном уыдис, æви йæ фæсном?

– Уый дын нæ зæгъдзынæн...

– Гъе, кæсыс? Æмæ йæ ды нæ зоныс, уый диссаг нæу, фæлæ уый йæхи ус Женя дæр бирæ азты нæ зыдта. Йæхи ус! Дило йæ фæсном у, йе ‘цæг ном та – Симон. Æмæ ныр сæ авд хъæбулæй æртæ хистæрæн сæ документты сæ фыды ном фыст у Дило, зæгъгæ, мад сæ ныффыссын кодта афтæ, хъæусоветмæ-иу фыццаг уый ссыди, иннæ цыппар кæстæры та «Симоновнæ» æмæ «Симоновичтæ» сты. Архивы, стæй хъæуы абоны администрацийы кусджытæн сæ сæртæ разилынц Борыхъуатæ сæм сæ документтæ ивынмæ куы бацæуынц, уæд, кæцыйыл, дам, сæ бауæндæ уа, уый нæ фæзонынц...

Кæйдæрты тыххæй ма мын фæдзырдта Аслæнбег, стæй æрæджиау загъта:

– Мæхи фæсномы тыххæй дын цы зæгъон, фæлæ, кæйдæр загъдау, æз мæрдты номхыгъды нæма дæн, дыккагæй та йæ, мæнмæ гæсгæ, дæхæдæг дæр зоныс...

Зонын. Кæцыдæр аз ын æз, æхсæнадон уацхæссæг, йæ мад Мæсирæты тыххæй газетмæ уацхъуыд ныффыстон. Хæсты размæйы азты уый уыдис уæды фыццаг колхозты бригадиртæн сæ тæккæ хъуыстгонддæртæй иу. 1936 азы йæ фæхуыдтой Мæскуымæ колхозонты фыццаг съездмæ. Фембæлдис Сталин æмæ йæ мадимæ. Сæ дыууæимæ дæр йæ къам систа. Æз æй уæд мæхæдæг фарстон, зæгъын, дæ лæппуйæн дын ахæм æнахуыр фæсном чи радта – Асæпп.

– Мæнæ мæхæдæг, – сæрыстырæй мын радзырдта уый, – гыццылæй-иу æй æз арæх разæнгард кодтон къахыл ауайынмæ:

– Асæпп кæн, асæпп кæн, мæ къона!

Йæхи-иу ауайын куы фæндыд, уæд-иу мæ хъæбысæй зæхмæ йæ быцъынæг тыдта:

– Цом, ацæпп, ацæпп... Ома, ауайæм.

– Мæнмæ мæ мады номæй исчи куы сдзуры, уæд мын æхсызгон вæййы, – дзырдта мын нæ фембæлды кæрон Асæпп. – Иуæйиутæ та ууыл цæмæндæр мæсты кæнын байдайынц...

Йæ дыккаг номы тыххæй мæсты чи никуы сси, уый нæ, фæлæ ма дзы-иу сæрыстыр чи уыд, уый мæ дзæнæтыбадинаг кæддæры хæлар Кокайты Виктор. Йæ фыд Къори хуынд. Мæ хæларæн

йæхи хуызæн бæрзонд, домбæйттæ арæзт, фæтæнуæхск. Йæ фыртмæ йын фыццаг хатт Къорийыфырт, зæгъгæ, чи сдзырдта, уый абон ничиуал хъуыды кæны, фæлæ йæ, æвæццæгæн, загъта Къорийы фæзминаг миниуджытæн йæхирдыгонау бирæ аргъ кæнгæйæ. Ома, ды хорз лæджы фырт дæ, Къорийыфырт.

Мах дæр æм, йæ бирæ хæлæрттæ, иууылдæр уыцы номæй дзырдтам.

Къорийыфырт тынг дæсны уыд кусарт кæнынмæ, йæ фыдыл сахуыр. Æз ын фыс æргæвдгæйæ бирæ хæттыты уыдтæн кусæрттаджы къæхтыл хæцæг æмæ-иу ын цымыдисæй кастæн кардимæ йæ къухы змæлдмæ. Ныр рагæй нал федтон уый хуызæн афтæ рæвдз кусæрттаг чи ахæйттæ кæна, нæ фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ сæ цины æмæ зианы фынгыл раст чи æрæвæра, ахæмы.

Мæ хæлæрттæй бирæтимæ акодтон æз сиахсдзыд, фæлæ дзы Къорийыфырт йеддæмæ йæ каистæм кусарт никуы ничи акодта. Æз мæхæдæг дæр. Мæ хæларæй къорд хатты фехъуыстон мæнæ ацы уайдзæфы ныхæстæ:

– Дæ бынаты афонмæ маймули сахуыр уыдаид...

Стæй-иу, æвæццæгæн, фæтарст, куы мын фæхъыг уа, уымæй æмæ-иу æрæджиау уæзданæй хъуамæ загътаид:

– Уæвгæ, уый Хуыцауæй лæвæрд хъуыддаг у...

Уый-иу йæ цыргъ кард нывонды хурхыл куы авæрдта, уæд-иу æз та мæ цæстытæ æхгæнынмæ фæдæн: уырдыгæй туг куыд рапæлхъ кæндзæн, уый фенын мæ-иу нæ фæндыдис.

Ныр дæр ма мæ цæстытыл ауайы, Къорийыфырт-иу гал куыд абырста, уый. Афтæ кодта: бæласмæ, кæнæ-иу æй исты фидар сагъд цæджындзмæ цыбыр бабаста, йæхæдæг-иу хæлиу алæу-уыд, йæ галиу къухæй-иу ын йæ рахиз сыкъайыл ныххæцыди, иннæ къухы æнгуылдзтæ-иу ын йæ фындзы хъуынчъыты фæцавта, стæй-иу ын йæ сæр цæхгæр æрзылдта. Гал-иу, мæгуыр, уыцы æнæуынæрæй уæззау æрфæлдæхт, æмæ-иу ын уæд сыхы лæппутæ, цины хъæртæ кæнгæйæ, йæ къæхтæ бæттынмæ фесты.

Мæ хъæуккæгтæ мæ гæды ныхас зæгъын нæ бауадздзысты:- домбай лæппутæ уæддæр куыннæ уыдис Хуымæллæджы, фæлæ дзы уыцы хъуыддагмæ Къорийыфырт йеддæмæ ничи хаста йæ ныфс...

Кæцыдæр аз нæ республикæмæ ссыдысты япойнаг хъæбысæй-хæцджытæ. Цалдæр боны фесты ам, стæй, фæстæмæ куы здæхты-

сты, уый раззаг бон сæ хæхтæм аластой. Уым сын Гуысырайы хъæды æрдузы фынгтæ сæвæрдтой. Къорийыфырт дзы кусартгæнæг уыд. Зæрдæбын ирон сидтытæ дзы хъуысыд, арфæйы нуазæнтæ дзы уыд, Уататы Бибойы тæхгæ-нæргæ Уастырджийы зарæг дæр дзы азæлыди.

Æрæджиау кæддæр фынджы хистæр, спортивон æхсæнад «Тыллæджы» сæрдар Баситы Барис сыстад, нуазæн æмæ базыг кæстæртæм алæвæрдта, стæй тæлмацгæнæгæн ныффæдзæхста, уазджытæм, дам, ма, ацы ирон æгъдауæн ирон фынгыл цы нысаниуæг ис, уый бамбарын кæн. Уазджытæ йæм лæмбынæг байхъуыстой, стæй дзы иу фæгæпп ласта æмæ хистæртæм æрхатыд:

– Махæн дæр базыг асæттыны бар радт...

Фараст домбай япойнаг лæппуйы уыцы базыгыл фæрахæцбахæц кодтой, фæраууæрд-бауурд æй кодтой сæ къухты, фæлæ сын сæттын нæ бакуымдта. Æмæ уæд фынджы кæстæр Къорийыфырт сыстад, йæ риуы æмбæрц æй систа, се 'ппæтмæ дæр æй равдыста. Дыууæ хатты йыл æрхæцыд, стæй æртыккаг хатт æмæ уæд йæ къæрцц æгас Куырттаты комыл дæр фехъуыст. Япойнæгтæ йын сыстадысты æмæ йын лæугæйæ бирæ фемдзæгъд кодтой.

Ууыл иу фондз азы бæрц рацыд. Уæд Ирыстоны чи уыд, уыцы япойнаг хъæбысæйхæцджытæй кæцыдæр сси йæ бæстæйы спортивон разамонджытæй иу. Æрбацыд Мæскуымæ, æмæ дзы интервью райста газет «Советон спорт»-ы уацхæссæг, фæрсы йæ:

– Фыццаг хатт куы уыдтæ нæ бæстæйы, уæд фæстæмæ цавæр æнкъарæнтимæ баздæхтæ, тынгдæр дæ зæрдыл цы бадардтай?

Цыбыр дзуапп ын радта:

– Прежде всего очень красивые и высокие горы, кавказское гостеприимство и силача-осетина с японским именем Корифрт...

1984 азы Джеоргуыбайы фыццаг бонтæй иуы Виктор Цымытийы кæмæдæр зианы сæмбæлд. Фæстæмæ йæ хæдзармæ здæхт зонгæ лæппуйы рог хæдтулгæйы. Къостайыхъæуæй Фарныхъæуы астæу сæм иу расыг шофыр йе 'нтыдæй дзаг «ЗИЛ» комкоммæ сарæзта...

Уымæй цалдæр боны раздæр Къорийыфырты йе 'рвад Сослан Фарныхъæуы йæ хæстæджыты нывонд гал æргæвдынмæ йемæ акодта. Йæ кард фæсатар. Сослан-иу арæх æрæмысыд:

– Бынмæ ныккаст Къорийыфырт, йæ цæстæнгасыл бæрæг уыд, тынг хъыг ын кæй уыд, уый. Иуахæмы загъта:

– Искуы мын ӕй фӕстӕмӕ ӕрбахӕсдзысты...

Йӕ амардыл цасдӕр куы рацыд, уӕд ын иу уалдзыгон районы кард йӕ ингӕныл ӕвӕрдӕй баййӕфтой...

Хуыцауӕй разы, дзӕбӕх ӕмӕ мын ӕнӕниз у мӕ иннӕ хӕлар Сӕлбиты Гоян. Мӕнӕ мын цы радзырдта уый та йе нахуыр номы тыххӕй:

– Сомы дын кӕнын, Дамир, мӕ дынджыр сӕр дын фӕрӕты бын ӕрӕвӕрдзынӕн, мӕнӕ мын ды ныртӕккӕйы сахатыл ме 'цӕг ном кӕд зӕгъай, уӕд... Кӕсыс, нӕ йӕ зоныс, ӕмӕ мӕ даст сӕр мӕхицӕн баззад.

Мӕныл хӕсты тӕккӕ размӕ ном сӕвӕрдта нӕ хъӕуы куыройгӕс Кокайты Моисей. Азтӕ мыл куы рацыд, уӕд ӕм иу бон сӕрмагондӕй уӕртӕ Кцойты куыроймӕ бацыдтӕн, зӕгъын, зӕгъ-ма мын, уыцы ӕнахъинон зындзурӕн ном мын кӕцӕй ӕрхъуыды кодтай, уый. Куыд мын радзырдта, афтӕмӕй йын уыд мӕхъхъӕлон ӕрдхорд ӕмӕ мыл уый кадӕн уымӕн йӕ ном – Озрамбег сӕвӕрдта. Ӕз раздӕр арӕх цыдтӕн Цӕгат Кавказы алы горӕттӕм. Мӕхъхъӕлаттӕ дӕр сау шляпӕтӕ дарынц мӕнӕ мӕн хуызӕн ӕмӕ-иу мӕ сӕхирдыгон фенхъӕлдтой, бацин мыл-иу кодтой, фӕлӕ-иу куы базыдтой, кӕцытӕй дӕн, уый, уӕд-иу дисы бацыдысты:

– Дӕ мыггаг мах хуызӕн, дӕ ном дӕр уӕдӕ мах хуызӕн, дӕ шляпӕ дӕр, афтӕмӕй та – ирон. Уый куыд у?

Ӕмӕ сын-иу уӕд мӕ номӕвӕрды хабар радзырдтон, ӕхсызгонӕй мӕм-иу хъуыстой. Фӕлӕ... Фыццаг хатт скъоламӕ куы бацыдтӕн, уӕд мӕм ӕвдисӕндар нӕ уыд, ницы гӕххӕтт мын радтой мӕ ныййарджытӕ мемӕ. Ахуыргӕнӕг мӕ фӕрсы: чи дӕ, кӕмӕй дӕ, дӕ ном цы хуыйны? Ӕмӕ йын ӕз загътон, кӕй дӕн Сӕлбитӕй, мӕ ном та Озрамбег. Уый мӕ, ӕвӕццӕгӕн, хорз нӕ бамбӕрста ӕмӕ мӕ къласы журналы ныффыста, Озрамбег нӕ, фӕлӕ Узрамбег. Номы фыццаг дамгъӕ ивд ӕрцыд. Ӕмӕ афтӕмӕй баззадтӕн. Паспорт райсын афон мын куы ӕрхӕццӕ, уӕд милицӕйы хайадмӕ ссыдтӕн, фӕлӕ сӕм мӕн тыххӕй ницы разынд. Мӕнӕ раст дугъон бӕхы дӕндӕгтӕм куыд фӕракӕсбакӕс кӕнынц, афтӕ фӕракӕс-бакӕс кодтой мӕ дӕндӕгтӕм дӕр, стӕй мӕ дызӕрдыгхуызӕй бафарстой:

– 1938 азы 5 майы райгуырдтӕ, зӕгъгӕ, дӕ ныффыссӕм?

Зӕгъын, ныффыссут. Цы документ мын радтой, уым дӕр мын мӕ ном ныффыстой Узрамбег, фӕлӕ мӕм, бауырнӕд дӕ,

уыцы номæй дыууæ-æртæ хатты сдзырдтой нæ сыхаг чындз Бызыккаты Венерæ, стæй нæ уæллагварс цæрæг Бызыккаты Валодя. Æндæр – ничи. Мæн адæм зонынц мæ мады номæй: æз дæн Гоян. Уыцы номæй мæм чи сдзуры, уый мын удыбæстæ æрхæссы, мæ уæздан, мæ фæлмæнтæ дзураг ныййарæджы мын мæ зæрдыл æрлæууын кæнынц...

Æрмæг æмбырд кæнгæйæ ма уыдтæн нæ хъæуы æхсæнадон кусæнуаты дæр. Раздæр мын Асæпп кæй скодта, уыцы номхыгъдыл ма мын иу-цалдæр бафтыдтой:

**Борыхъуаты Зауырбег – Мумуся.**

Мæнæй бирæ кæстæр нæу, цæргæ дæр мæм хæстæг кодта, фæлæ йын йе 'цæг ном, бауырнæд уæ, ам æз фыцаг хатт фехъуыстон. Æхсæз-авд адæймаджы бафарстон, зæгъын, нæ хъæуы ахæм æмæ ахæм чи у. Ничи йæ зыдта. Уыдæттæ йын дыккаг бон йæхицæн куы дзырдтон, уæд бахудти æмæ загъта:

– Мæнæ искуы куы амæлон, уæд-иу мын раздæр мæ цыртыл ме 'цæг ном ныффыссут, къæлæтты астæу та мæ мады ном – Мумуся. Уадз æмæ-иу искуы исчи уæлмæрды бадис кæна, уымæн уæртæ ирон лæджы замманай ном куы уыдис, мах та йæм гыццыл лæппуйы номæй дзырдтам йæ фæстаг бонмæ дæр, зæгъгæ.

Абон æй Хуымæллæджы зонынц хæларзæрдæ æмæ уæздан адæймагæй, Мумуся зианы бон ингæнкъахæг вæййы, стæй ингæны фæрстæ амайæг дæр, уæлмæрды ног ингæны уæлхъус фыццаг уымæн раарфæ кæнынц, уырдыгæй зианджынты хæдзармæ æппæты фæстæ уый раздæхы...

**Гугкаты Ханджери – Шарик, Гугкаты Бексолтан – Тузик.**

Кæцыдæр аз уыцы Шарик æмæ Тузик иумæ фæндаггон фыдбылызы бахаудтой. Се 'рвадæлты лæппу Хæчъа сæ рынчындоны бабæрæг кодта. Фæстæмæ хъæумæ здæхгæйæ автобусмæ куы бахызт, уæд дзы йæ зонгæ лæджы баййæфта. Ахæм рæстæг куыд вæййы, афтæ: куыд дæ, кæцæй цæуыс, цы хабæрттæ ис...

Æмæ йын уæд Хæчъа радзырдта, афтæ æмæ, дам, афтæ, Шарик æмæ, дæм, нын Тузиччы чидæр йæ машинæйæ скъуырдта, æвзæр цæфтæ фесты. Сæр, къæхтæ...

Сæ разæй цы дыууæ сылгоймаджы бадт, уыдонæй сæ иу фæстмæ разылд:

– Æмæ дыууæ дæр иу хæдзары куыйтæ уыдысты?

Хæчъа йæ худын тыххæйты урæдта, фæлæ йын радзырдта уыдон, дам, куыйтæ не сты, лæппутæ сты.

– Уыцы Бексолтан мæ хорз зонгæ куы у. Æллæх-æллæх, æгæр тæригъæд у ахæм рæсугъд лæг уыдæттæн, – ныккатай кодта сылгоймаг æмæ йе ‘мбалы хъусы цыдæртæ дзурыныл схæцыди.

**Дыдарты Аслæнбег – Арс...**

Фарæстæм къласы уарзта нæ чызджытæй Цæлойты Риммæйы. Се ‘хсæн æз дардтон сусæг бастдзинад: сæ цыбыр писмотæ сын хастон дыууæрдæм. Дыууæйæ дæр мæнæй бирæ рæвдздæр алгебрæмæ, æмæ-иу истæуыл куы стыхстæн, уæд-иу чысыл мæ былтæ базмæлын кодтон:

– С-ы-ы-ы, Сы...

Ома, дæумæ дзурын, Арс.

Кæнæ та:

– Цъы... Цъы...

Уæд та-иу Риммæмæ дзырдтон.

Нæ тызмæг, нæ домаг ахуыргæнæг Хъæстуаты Динæ-иу ницæуыл фæгуырысхо, кæд мæ-иу фехъуыста, уæддæр-иу, æвæццæгæн, банхъæлдта, уыдон уынджы уынæртæ сты, зæгъгæ Уайтагъддæр-иу гæххætты гæбазыл куы сæ иу, куы сæ иннæ, кæнæ та-иу сæ дыууæ дæр хынцинаджы дзуапп фæстæты æрбалæвæрдтой.

Хъыгагæн, бæзджын къæбæлдзыгсæр сау лæппу Арс нал ис, фæлæ, хатгай Риммæимæ куы сæмбæлæм, уæд та кæддæрау мæ былтæ базмæлын кæнын:

– Цъы...

Æмæ æдзухдæр фенын, уымæн йæ цæстытæ цины уылæнтæй куыд айдзаг вæййынц, уый.

**Сæлбиты Виктор – Джунгли.**

Мæ хъæуккæгтæ уæдæй нырмæ ‘ндæр дис ницæуыл кæнынц: йæ фыд дæр, йæ мад дæр урсцъар, ай та сау-сауид, негр æмæ негр. Йæ фыд Барисы, дам-иу, хъазгæйæ мæстæй мардтой, æвæццæгæн, дам, дæ хистæр лæппу дæхицæй нæу. Худтис-иу... Виктор Черномырдин нæ бæстæйы хицауады сæргъы куы рлæууыд, уæд Сæлбийы-фыртмæ Джунглийæ нал дзырдтой, фæлæ Черномырдин, зæгъгæ. Фæстаг йæ бæрзонд бынатæй куы фæцух, уæд та ай дæр фæстæмæ Джунглийæ агæпп ласта. Мæсты, дам,

нæ кæны, йæ фæсномæй йæм куы сдзурынц, уæд, æрмæст фæлмæн бахуды.

Мæсты, дам, йæ фæсномыл йæ фыд Барис кодта. Бадур æй, хуыдтой. Хуымæллæджы æмбисондæн баззад: сылгоймаг сæм цыдæр курæг æрбацыд æмæ йæм Бадур, зæгъгæ, фæрæдыд. Уый йæм ныккаст, йæ цæстытæ туджы разылдта æмæ йын загъта:

– Хъусыс, æз дæумæ мæ комдæл дæр нæ райхалин, мæ комдæл...

Фæстаг фæсном сæвæрдæуыд бастдзинады телефонтæ цалцæггæнæг Бестауты Людвигыл – Къохтæ.

Иу бон, дам, уый телыхъæдмæ сбырыд æмæ æнæнхъæлæджы йæ хæрдмæбырæн къохтæ феуæгъд сты æмæ зæхмæ æрхаудтой. Уыцы рæстæг йæ бынты чи цыд, уыдонмæ æрдзырдта:

– Дæлæ ма мын мæ къохтæ фæстæмæ сæппарут...

Уыдонмæ æрыгон лæппуйы къуыдайраг ныхасыхъæд худæг фæкаст, æмæ уыцы бонæй фæстæмæ уымæн Къохтæ сси йæ дыккаг ном...

Хъайтмазты Эльбрусы ма хонынц Къула. Уымæн йæ сабибонты сæ сыхаг уыди нæ хъæуы домбайдæр лæппутæй иу – Гæбæгкаты Кола. Хатгай-иу йæ дыууæ къухæй хæрдмæ систа тракторы, кæнæ машинæйы раззаг. Эльбрус æм Кола, зæгъгæ, нæ, фæлæ Къула дзырдта æмæ йын уæд йæхи фæкъула кодтой.

Кокайты Дзабегæн та йæ фæсном у Дзæбидыр, Чысиаты Боряйæн – Сычъи, дыууæ дæр æрыгонæй тынг цæрдæг æмæ тæлфаг уыдысты. Царахаты Утан гыццылæй лыстæг æмæ даргъ кæй уыди, уый тыххæй йæ схудытой Дудахъхъ, Уырытаты Эльбрусæн уыцы иу бон сæхимæ, стæй та сæ сыхаг Ælбегатæм йæхицæн дæр æнæнхъæлæджы йæ къухтæй æрхаудтой дыууæ авджын къусы, къæртгай фæйнæрдæм фæтахтысты. Лæппутæ дын уый феной, цы, цы ма сæ хъуыд хуыздæр, æмæ йыл уымæй фæстæмæ баныхæст фæсном Састкъус...

Иуæй-иутыл дзы дыгай-æртыгай фæснæмттæ ис, мæй-дыууæ мæйы сыл фæвæййынц, стæй та йыл æндæр батъæпп ласынц, йæхи чи куыд дары, цавæр митæ равдисы, уымæ гæсгæ æмæ уый тыххæй кæрæдзимæ хæрам нæ кæнынц, уый сын фылдæр худыны хосæн у...

**Мæхи фæсномы тыххæй.**

Уыдис мæнæн мæхицæн дæр фæсном? Уыдис...

Фыцаг хатт мæм уыцы номæй нæ сыхаг зæронд лæг Цъæхилты Æга сдзырдта. Уый фæсхæсты уæззау азты сæрдæй-зымæгæй сæхи даргъ сарайы бын цалцæг кодта колхозы бричкæты æмæ бæхуæрдæтты гуыффæтæ, рæтæнæгъдтæ æмæ цалхы чъилтæ. Дæлæ-иу ын Туацъæйæ сластой хæрисбæласы цъæхснаг уистæ æмæ сæ быдта чыргъæдтæ – гыццылтæ æмæ стыртæ, хæцæнджынтæ æмæ æнæ хæцæнджынтæ, бацу æмæ дзы равзар...

Иу фæссихор мæ скъолайы фæстæ мæ мад Цъæхилтæм нырвыста, иу чыргъæд, дам, дзы сдав, райсом нартхортонæнтæ райдайдзысты.

Бацин мыл кодта Æга, мæ цæстытæм мын ныккаст, стæй мæ бафарста:

– Цæй, куыд дæ, Насхорыфырт?

Æмæ уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд, мæ мад-иу сыхаг устытæн куыд æппæлыдис, уый: нæ лæппуйы фыд, дам, нас бирæ уарзта, Насхор, дам-иу æй хуыдтой.

Æз нæхимæ фæстæмæ æд чыргъæд цæугæ нæ, згъоргæ дæр нæ, тæхгæ кодтон, Æга мæ афтæ схуыдта, зæгъгæ, мæ мадæн аппæлыдтæн. Уый мæ йæ хъæбысы æрбакодта æмæ уайтагъд мæхиуыл уымæн йе уæнгты зыр-зыр куы банкъардтон, уæд æм хæрдмæ скастæн: йæ фæйнæ русыл цæссыгтæ æрцæйлæсыдис...

Уымæй фæстæмæ дæр мæм-иу уыцы номæй чи сдзырдта, уыдон цалдæр йеддæмæ нæ уыдысты, фæлæ ма сæ æз абон дæр дæн бузныг, арæх сæ æрæмысын: ме 'рвад Дзибийы, Кæсæбиты Митяйы, Æгайты Æндырийы. Мæ сыхаг Бадриаты Ирым мæ цæмæндæр иннæ лæппутæй фылдæр уарзта. Йæхæдæг-иу кæй скодта, уыцы дурæхсæнтæй дæр-иу æппæты разæй мæнæн радта. Нæ хуртуаны цур æдзæсгом æмæ къæйных сырддонцъиутæ мæнæй тынгдæр никæмæй тарстысты...

Æхсæзæм къласы сæрдыгон каникулты рæстæг мæ Ирым йæ тракторы гутоныл прицеп икæй сбадын кодта. Алы райсом дæр-иу нын нæ рудзынг æрбахоста:

– Гъей, кæм дæ, Насхорыфырт? Цæлыччы быдыртæ махмæ æнхъæлмæ кæсынц...

Афтæ мæм-иу касти уæд, цыма-иу уыцы бон зæххы цъарыл мæнæй амондджындæр нæ уыди...

Абон сæ иу дæр уæлæуыл нал ис, æрмæст ма мæхæдæг мæхимæ, фынгыл нас куы вæййы, уæд фæдзурын:

– Ахæр, Насхорыфырт. Дæ фыды бæсты дæр...

Ӕмæ та мæ цæстытыл ауайы Уæрæсейы стырдæр горæттæй иу Смоленскы бæстастæу æфсымæрон уæлмæрд. Уым мæ фыд ныгæд ис 7-æм ингæны, йæ сæрыл цырты бæсты къæйдур æвæрд, йæ быны та ныгæд, 1944 азы январы мæйы кæрон ам знæгтимæ тохы чи фæмард, уыцы хæстонты иу хай.

Къæйдурыл æппæты уæле сыгъзæрин дамгъæтæй фыст ис мæ насхор фыд:

«Дауров Ханджери Англисович, 1912 г.».

Кæддæр мын Уататы Бибо афтæ загъта:

– Ӕз хæлæг кæнын æрмæст уыдонмæ, йæ фыды чи федта...

Ӕз дæр...

Искуы ма мæм исчи куы сдзурид мæ фыды кæддæры номæй, уæд удыбæстæ скæнид йæхицæн...

* * *

Иу-цалдæрæй мын загътой, Заманхъулæй фылдæр, дам, фæснæмттæ иу хъæуы дæр нæй.

Мæ рагон хæлар, кæддæр зындгонд хорыгуыстгæнæг Ӕрчъеккаты Геор мын, фæснæмттæй кæмæ куыд дзырдтой æмæ ма абон дæр дзурынц, уыдоны номхыгъд бацæттæ кодта.

Фæснæмттæ фылдæр разынд Хъуысатæм – æнæхъæн фараст: Пырындз, Бетъо, Бази, Дзи, Гæд, Къогъо, Къæнт, Пъист, Къæпи.

Авд Бæцæзатæм: Къæхи, Китай, Хъло, Майор, Одессæ, Быртос æмæ Фæткъуы.

Хадыхъатæм цыппар: Мухæ, Богъа, Абырæг æмæ Хъуылыг. Фæйнæ дыууæйы Дзиуатæм: Дзибл æмæ Хъыбыл, Айлартæм – Мызыр æмæ Мыдз. Ис Галазтæм – Герой, Хосонтæм – Мæцъис, Хъæстуатæм – Бырсин, Сидахъхъатæм – Уæрцц, Сатцатæм – Дзабыр, Куыдзиатæм – Тæкку, Карсанатæм – Харчи...

Цымæ, зæгъын, сæхæдæг та цы зæгъиккой сæ фæснæмтты равзæрдыл æмæ сæмбæлдтæн Хъуысаты Бетъоимæ.

## Сауцъиу, Бырц, Цирк...

– Мæхи тыххæй уал дын раздæр афтæ зæгъдзынæн, – райдыдта уый йæ ныхас, – мæнæн ме 'цæг ном Хæмдзæт у, мæ фыд, дам, мыл æй йæхæдæг сæвæрдта, фæлæ мæ не 'гас хъæубæстæ та æрмæст Бетъойæ зонынц, уый та мын мæ мады ном у.

Ӕгæр буцхастæй, дам, фæйнæрдæм фæцыдтæ, мæнæ, дам, раст тæлын боцкъайы хуызæн сдæ, æмæ мæ уæд мæ мад фæ Бетъо кодта.

Иу хатт нæ районы газеты цалдæр рæнхъы уыдис мæн тыххæй, ме 'цæг ном дзы, афтæмæй. Ӕмæ мæм суанг дард кæцæйдæр ме рвадæлтæ æрбадзырдтой, мах, дам, не стыр мыггаджы, кæмæй æппæлынц, ахæм Хæмдзæты куы нæ зонæм, уæд уый чи хъуамæ уа. Зæгъын, уый æз дæн. Ӕмæ-иу куы ныддис кодтой. Махæн та, дам, нæ сæртæ разылдысты...

Иу хатт та нæ хъæуы хицауад фæрæдыдысты æмæ мын ме справкæйы мæ ном ныффыстой, Бетъо, зæгъгæ. Уæллаг хицауад мæ дыууæрдæм фæратæр-батæр кодтой, мæ пенсийы муртæ мын иу-цасдæр рæстæг нал лæвæрдтой...

Нæ мыггаджы бирæтыл уыдис фæснæмттæ, фæлæ дзы мæхимæ дæр æппæтæй цымыдисагдæр кастысты дыууæ – ФӔТКЪУЫ æмæ КӔРДО. Сæ мады нæмттæ, дам, сын уыдысты. Иуæн дзы йе 'цæг ном Хайырбег уыдис, иннæмæн – Дауырбег. Кæрдо раздæр ахицæн йæ цардæй, фæлæ ма æз Фæткъуыйы æрæййæфтон. Мæнæ ныр дæр нæ астæу уымæн йæ бинонты кой куы рацæуы, уæд сæ кæрæдзийæн, уæлæ Фæткъуыатæ, зæгъгæ, фамонæм. Уыдис ма сын иу æфсымæр. Йе 'цæг ном ын, тынг мæ куы бафæнда, уæддæр не 'рхъуыды кæндзынæн. Ӕз æм-иу, иннæтæ йæм куыд дзырдтой, афтæ дзырдтон – Крем.

Нæ хæлар Геор дын кæй ныффыста, уыцы номхыгъды тыххæй та дын афтæ зæгъинаг дæн: æххæст нæу, бирæты дзы ферох кодта...

Ис нæм уæртæ Сатцаты Ӕхсарбег, дзæбæх лæппу у, бæгуыдæр, ницы дзы зæгъдзынæ. Бауырнæд дæ, мæнæй фæстæмæ йæм иууылдæр Бырц, зæгъгæ, дзурынц. Цæмæн? Хъазаг лæппу, æргом ныхасгæнæг, фæлæ куывды, кæнæ чындзæхсæвы куы вæййы, уæд æфсинты байдары:

– Арахъхъыл бырц цæуылнæ ис, бырц?

Ӕмæ йæ иу бон йæ хæлæрттæ фæБырц кодтой.

Иннæ Бадриаты Сауцъиу. Саухил лæг, тынг саухил. Кæд æм гыццылæй йæ мад фырбуцæн «Мæ сауцъиу, мæ сауцъиу», зæгъгæ, дзырдта...

Ам нæм Цирк дæр цардис, Бæцæзатæй.

Йе 'цæг ном Зауырбег, фæлæ йыл Цирк чи авæрдта, цæмæн, Хуыцау йæ зонæг.

Иу хатт ыл ацы номы тыххæй цы ‘рцыдис, уымæ ма байхъус. Сыхаг хъæуы, дам, æй кæимæдæр фемхæццæ кодтой, уымы лæппутæ тынг мæсты кæмæ уыдысты, ахæмимæ. Цалдæрæй йыл сæхи ныццавтой, хæфт-хафтæй йыл ралæууыдысты, сæ быны йæ акодтой. Фадат, дам, ын куы фæцис, уæд сæм хæрдмæ дзуры, æз, дам, Цирк дæн, Цирк. Ды, дам, кæмæй хъазыс, зæгъгæ, йæ уыдон ноджы тынгдæр æрцæфтæ кодтой, мах, дам, дæ ныртæккæ театр сараздзыстæм...

Бзартæм та нæм Къæмдзыг ис... Йæ фыд Болкийы ма йын хъуыды кæндзынæ, зындгонд нартхорыгуыстгæнæг куы уыди. Зæрондæй та мæнæн мæ бригады донласæгæй куыста. Йæ фæсонтæ-иу хъæдын боцкъамæ сарæзта, йæ къæхтæ-иу разæй дæлæмæ æруагъта, уыдон та йын йæ уæрдоны рæтæнæгъдтæй даргъдæр уыдысты, суанг ын-иу зæхмæ æххæссыдысты.

Фæлæ диссаг цы уыди? Боцкъайы сæр та-иу йæ гыццыл лæппу фæтъæпæн. Йе ‘цæг ном ын уæддæр нæ базыдтон, ныр дæр ын æй нæ зонын. Сæрд-сæрды дæргъы йæ йемæ ралас-балас кодта. Донæвгæнæг дæр ын уыд, быдырдзаутыл донуарæг дæр. Мæнæ нартхоры хуымты иу æнæхайыры кæрдæг куы зайы, къæмдзыг, зæгъгæ. Чидæртæ-иу Болкийы цур куы ныддис кодтой, дæ лæппу дæ сæрд-сæрды дæргъы æппындæр цух куы нæ уадзы, зæгъгæ, уæд-иу сын афтæ загъта:

– Цы йын бакæнон? Къæмдзыгау мыл баныхæсы алы райсом дæр...

Уыцы лæппу ныр йæ тæккæ лæгæй у, фæлæ уæддæр Къæмдзыгæй баззадис...

Зонын æй, Дамир, Дзиойты Мухтары хæдзар дæуæн дæр уарзон хæдзар кæй у, уый... Кæддæр уыдонмæ бадтыстæм дзаджджын фынджы уæлхъус. Хъæстуаты Хадзыбатыр дæр уым немæ, домбай, фæтæнуæхск æмæ тынг кусаг адæймаг... Фæсаууонмæ йæ æгас хъæу дæр Гоцц хонынц. Иу заман уыцы Гоцц гогызы сгуы расаста, нурыдзæхдоны йæ атылдта æмæ хæрыс ма – нал. Уый Мухтары гыццыл лæппутæй иу ауыдта, иннæ сгуымæ фæлæбурдта, иуварс азгъордта æмæ куы зæгъид:

– Мæнæ ма кæсут. Æз дæр Гоцц дæн, Гоцц...

Ома, хæрынмæ. Уæд ын йæ фыд Мухтар афтæ куы бакæнид:

– Ды Гоцц хъуамæ канд хæрынмæ ма уай, фæлæ уый хуызæн фæллой кæнынмæ дæр...

Уæллæй, рауадис дзы ахæм, ноджы ма лæгдæр...

### Иуæндæс Январбеджы æмæ фондз Бодзы

–Январбег ном ам хастой 11 адæймаджы. Уыдонæй фондз æцæгæйдæр райгуырдысты азы фыццаг бон, дыууæйæ – Хурхæтæнты, иннæтæй чи Сусæны мæй, чи та Джеоргуыбайы бонты. Æппæты фыццаг уыцы ном фæзынд 1916 азы Карсанатæм. Уымæй авд мæйы фæстæ фыццаг Январбеджы фыд Садуллæйы хæлар Сатцаты Батджерийæн дæр йæ бинойнаг лæппу балæвар кодта. Садуллæ сæм ссыд æмæ йыл йæхи лæппуйы ном сæвæрдта. Уый фæстæ бахъуыд æнæхъæн æртæ æмæ ссæдз азы, цæмæй фæзына æртыккаг Январбег дæр – 1939 азы Уаниты Хъазбегтæм. 1951 азы та уыцы ном фæд-фæдыл радтой æртæйæн – Хæбæлатæм, Хъуысатæм æмæ Æрчъеккатæм.

Хъæубæстæ сæхæдæг куыд загъынц, афтæмæй ацы номæн ахæм стыр кад ис Карсанаты Январбеджы руаджы. Уыдис хорз æмæ каддын лæг, хъæбатыр хæстон, куыста ахуыргæнæгæй æмæ бирæ ныййарджыты фæндыд, цæмæй сæ лæппутæй дæр уый хуызæн лæгтæ рауайа...

Уыцы ном чи хаста, уыдонæй æхсæзæн уыдис фæснæмттæ дæр:

– Уаниты Январбег – Бæбæ,
Хæбæлаты Январбег – Ямал,
Бæройты Январбег – Бутъус,
Æрчъеккаты Январбег – Чъреба,
Галазты Январбег – Дос,
Хъуысаты Январбег – Вовæ...

Бодз фæсном ис Фриаты Хадзыбатырæн, Хъуысаты Хадзымырзæйæн, Мыртазты Хъазыбегæн, Къуыллыты Хъазыбегæн æмæ Бигъаты Валодяйæн...

Фæснæмттæ ис сылгоймæгтæн дæр:
Цгъойты Зæирæ – Йæййæ,
Къуыллыты Меретхан – Гыгы,
Дзгойты Азаухан – Агкæ,
Зæнджиаты Лезинка – Дедик,
Хъуысаты Рая бирæ азты дæргъы фæкуыста ахуыргæнæгæй, уæддæр ыл йæ царды кæронмæ баззад йæ мады æвæрд фæсном Дыгына, адæм æй фылдæр ацы номæй зыдтой...

Æз æй бафиппайдтон:

Ацы ног æнусы Заманхъулы дæр ног фæлтæрыл нæ фыдæлты фыццагон зæллангæнæг нæмттæ нал æвæрынц. Дзæвгар дзы фæкъаддæр сты бирæ цæуылдæрты дзурæг фæснæмтты нымæц дæр. Цæмæн, цæй аххосæй? Æви ам дæр нæ ирондзинады фарн фæцудынмæ хъавы?..

Уый мын хицæн ныхасы аккаг у...

* * *

Ирыстоны иннæ хъæуты мæ куысты фæдыл, кæнæ та-иу уазæгуаты сæмбæлгæйæ, æз-иу мæхæдæг ныхас ракъахтон уымы фæснæмтты тыххæй: чи сæ сæвæрдта, кæуыл сæвæрдта, цæй æфсонæй. Цымыдисагдæр-иу мын дзы кæцы уыдис, уый равзæрды истори-иу мæ блокноты цыбыртæй афыстон. Мæнæ дзы ныр авд равзæрстон...

**Бумбули кауы сæрты атахт...**

Хъæбысæйхæцджыты тренер Токаты Владиславы адæм хонынц Бумбули. Зæгъын, фæйнæрдæм куы фæцыдтæ, уæд дын ахæм худæджы ном цæмæн ис?

Радзырдта мын æй:

– Мæ сыхаг Касаты Дзатте мæ гыццылæй бирæ уарзта, мемæ хъазынæй хуыздæр ын мацы радт. Иу хатт мæ нæ уисын кауы сæрты хосы æмбатъæйы цъупмæ фехста æмæ йæ тæккæ астæу æрхаудтæн. Уый нæ сыхæгтæ федтой æмæ дзы иу хъæрæй куы ныддис кæнид:

– Бумбулийы æхст æй куы фæкодтай, Дзатте!..

Уæдæй фæстæмæ мæм уыцы Дзатте дзырдта æрмæст Бумбули, зæгъгæ. Абоны онг уыцы номимæ цæрын. Къорд азы Дард Скæсæны фæкуыстон, ныр мæм мæ ирон хæлæрттæ уырдыгæй телефонæй куы сдзурынц, уæд сæ фыццаг фарст вæййы ахæм:

– Цæй куыд дæ, Бумбули?..

**Гæккуырийæ Æккури рауад**

– Иу зонгæ чидæр мыл рагæй нал сæмбæлд, – дзырдта мын мæ хъæуккаг Дзгойты Хъазыбег, ныртæккæ Дзæуджыхъæуы цæры, йæ фæсномы тыххæй нæм ныхас куы рауадис, уæд, – кæсын æмæ цыдæр тыхстхуыз у, цыдæр зæгъинаг мын у, уый бæрæг уыд. Зæгъын, зæгъ ма йæ, цы никъкъæзæнæг дæ.

Фæныфсджындæр æмæ, дам, дæм дæ кæцы номæй сдзурон, уый нæ зонын, мыййаг мæм куы фæхæрам уай.

Æз æй бамбæрстон, æвæццæгæн, зæгъын, Æккури сдзурын нæ уæндыс? О, дам.

Ацы фæсном мын мæ мады ном у. Куыддæр ацы дунемæ фæзындтæн, афтæ, дам, дæ йæ хъæбысмæ систа нæ сыхаг ус Царахаты Шериффæ, ныццин, дам, кодта:

– Мæнæ ма æрбакæсут нæ гæккуыримæ!

Мæ мадмæ та фехъуыст Æккури, зæгъгæ, æмæ мæм афтæ дзурын райдыдта. Цалдæр паспорты баивтон æмæ мын дзы алкæцыйы дæр фыст у ме 'цæг ном Хъазыбег. Уымæй мæ нымад адæм зонынц. Иннæтæн Æккури дæн...

**Тымыгъ Зæппадзы райгас...**

Радзырдта мын æй Хъобаны хистæртæй иу – Бекмырзаты Мырзабег:

– Ацы цау нæм æрцыдис хæсты агъоммæйы азтæй иуы... Нæ сыхаг лæппу Текъессæйыл уæд цыдаид авд, кæнæ аст азы. Иу уалдзыгон бон æй йæ фыд хъæуы кæронмæ уæрыччытæн гæсæй арвыста. Зоныс æй, уæрыкк сабыр у, фæлæ се 'хсæн уыдис сæныччытæ дæр. Сæникк та змæлаг у, тæлфаг, фыдуаг. Иу заман дзы иу сæррæтт, зæгъгæ, æмæ зæппадзы смидæг, лæппу – йæ фæдыл, ратæрон æй, зæгъгæ. Кæсы, æмæ уым дурын тæрхæгыл иу мадардбæгънæг лæг бады.

Ды, Дамир, кæддæр суадоны калмæй куыд фæтарстæ, дæ чингуытæй дын æй иуы кастæн, афтæ Текъессæ та уыцы лæгæй фæтарсти. Æмæ хъæумæ згъорыс ма – нал. Хъæу фæфæдис сты, кæсынц æмæ зæппадзы æрдæгталынджы бадæг сæ хъæуккаг Бæдтиаты Тымыгъ куы разынид. Афтæмæй та йын нырма æртæ боны размæ хист скодтой, айонгты йæ сыхы лæппутæ сæ къухтыл фæхастой. Фæлæ уым райгас ис!

Схæцыдысты йыл, уæдæ цы уыдаид, хæдзармæ йæ æрбахастой æмæ ма фæцард æнæхъæн дыууадæс азы. Дыккаг хатт куы амард, æцæг мард, уæд æй зæппадзы нал бавæрдтой, уæлмæрды. Йæ цыртыл та йын ныффыстой йæ фæсном – Тымыгъ. Йе 'цæг ном ын ничиуал зыдта. Мæнæ æз де ссыдмæ мæхи фæлæмæрстон, фæлæ йæ нал æрхъуыды кодтон. Ныр нæм Хъобаны искæй хæдзарыл зиан куы 'рцæуы, уæд бинонтæн хъæуы хистæр Токаты Чермен мæнæ афтæ раарфæ кæны:

– Гæнæн нал ис, зæгъгæ, уæд-иу уæ зиан, мæнæ Тымыгъ мæрдтæй куыд раздæхти фæстæмæ, афтæ-иу сымахæн дæр раздæхæд...

**Цæттæлæджы фырт**

Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы бакастæн Чырыстонхъæуккаг Хъесаты Цæттæлæджы фырт Майрæны тыххæй уацхъуыд. Æз телефоны хæтæл систон æмæ мæ уыцырдыгон хæлар Лолаты Батразмæ бадзырдтон, зæгъын, де 'ххуыс мæ хъæуы: уыцы Майрæнимæ аныхас кæнин. Ссардта мын æй, йæ фыдæн ахæм æнахуыр ном цæмæн ис, уый мæ фæндыд базонын.

Мæнæ мын цы радзырдта телефонæй:

– Йæ паспорты Батырбег, зæгъгæ, фыст у – уыцы ном ыл, куы райгуырдис, уæд сæвæрдтой. Фæлæ, дам, уыдис æнахуыр сывæллон: аст мæйы дæр ыл æххæст нæма рацыд, афтæ дзыхæй сдзырдта, стæй та афæдзы фæстæ къахыл ауад. Чырыстонхъæуы, дам, уæд уый диссагæн дзырдтой.

Цыппараздзыдæй йын иу хатт йæ фыд йæ къухы чысыл хæцæнджын дурын фæсагъта арахъхъæй дзаг æмæ йæ слæууын кодта сæ хæдзары уазджытæн дзагдарæй.

Уыдон, дам, ыл сæ цæст æрæвæрдтой, æмæ дзы иу чидæр афтæ куы бакæнид:

– Кæсут ма йæм, ныридæгæн цæттæ лæг нæу, зæгъыс?

– Уæллæй, æцæгæйдæр, – хъæрæй ныддис кодтой иннæтæ дæр.

Уыцы ном ыл сбадт – Цæттæлæг. Уымæй фæстæмæ йæм афтæ дзурын байдыдтой йæ сæрыстыр бинонтæ, йæ сыхæгтæ, хъæубæстæй йæ чи зыдта, уыдон дæр суанг йæ цярды фæстаг боны онг. Уыд хæстон лæг, цалдæр хæрзиуæгимæ раздæхт, фæцард 83 азы...

**Кæркдоны уасæг кæцы уыди?**

Сусæны мæйтæй иуы мæ хæлар, нывгæнæг Дзбойты Михал йæ фæллад уагъта йæ райгуырæн хъæу Быдыры Дæргъæвсмæ хæстæг пансионат «Урсдон»-ы. Кæцыдæр бон æй бабæрæг кодтон, баййæфтон æй бæлæсты бын зæронд къодахыл бадгæйæ, мæнæн æнæзонгæ чидæртæ дæр ма дзы йемæ уыдис. Номгай мын сæ ранымадта, мæ раздæры сыхæгтæ, дам, сты.

Иу асгомау сылгоймаг, хъæусоветы раздæры кусæг, æрымысыд кæддæры советон дуджы азтæ, уæд, дам-иу, ам бирæ фылдæр адæм уыдис, арвы кæрæттæй нæм-иу схæццæ сты. Нæ хъæуы

фæсивæды фылдæр хай-иу ам куыстой, чи – хицауæй, чи – инструкторæй, чи – хæринаггæнæгæй. Куыддæр-иу æризæр, афтæ-иу, ам чи нæ куыста, уыцы лæппутæ сæхи акъленц кодтой æмæ-иу ам æрбалæууыдысты, уырыссаг чызджытимæ «танго» кафыдысты, тезгъо кодтой, хъæды арфы дæр-иу аныгъуылдысты. Мæнæ æвзонг азты куыд вæййы, афтæ.

Фæлæ диссаг цы уыдис: рагацау баныхас кодтой, кæрæдзимæ, дам-иу, фæсномыгæй дзурæм. Уыдон та сын уыдысты ахæмтæ: Хæнкъæл, Къуыбертт, Кæркдон, Тауырæ, Къозо, Быдыло, Доцент, Къотт, Уыры, Фындзой. Сæ сæры хилмæ гæсгæ та – Сауи, Бури, Зынг...

Уырыссаг чызджытæ, дам-иу, куы ныддис кодтой:

– Ах, какие у вас странные имена, необыкновенные!

Лæппутæ-иу кæрæдзимæ сæ цæст æрныкъуылдтой.

Иу фæззыгон бон хъæусоветы хæдзары бадæм. Чидæр нын нæ сæрдары кабинеты дуар уæздан хост æрбакодта, стæй йыл æрбахæцыд, æмæ мидæмæ æрбахызт иу æрыгон æнхъæлцау сылгоймаг. Йæ хуызæй бæрæг уыд, ацырдыгон кæй нæу, уый. Уырыссаг разынд, Рязанæй. Цы дæ хъæуы, зæгъгæ, æмæ, дам, «Каркдона и у, я от него ребенка жду». Нæ йын йæ мыггаг зыдта, нæ, кæм цæры, уый. Уæд та, дам, цавæр у, цы хуызæн у «этот ваш Каркдон». Æмæ, дам, «черный, усатый, высокий».

Махæн нæ хъæу цалдæр хайæ арæзт у – Сындзыхъæу, Хъарман, Фæлдон, Урсдон, Къора, Хъæрæгъæс... Ахæм «черныйтæ» æмæ «усатыйтæ» дзы бирæ ис, ацу æмæ йæ ссар. Сæрдар нæм æрбакаст, йе уæхсчытыл схæцыд æмæ нæхи æвзагыл загъта:

– Уыцы къулбадæгæн Кæркдон, æвæццæгæн, йæ фæсном у, фæлæ йæ кæд ссарæм, уæд æй амæй фæстæмæ кæрчыты расурбасургæнæг Уасæг хондзыстæм...

Мах дæр хуыдтыстæм, нæ «чындзаг» дæр худти...

**Быдыргæсы ном**

Уыдис хурхæтæны мæй, Уациллайы бæрæгбон. Фæссихор быдыргæс Бураты Мысырби йæхимæ фæдзырдта сыхæгты дыууадæсаздзыд Гугкаты Хæсанæмæ:

– Лæппу, мæ къона, æз мæ бæрæгбоны чъиритæ акувынмæ сыхы лæгтæм хонæг арвыстон. Ды бавдæл æмæ мæ бæсты дæлæ Туацъæйæ мæ бæхæн райсомы фаг кæрдæг сдав. Цæвæг уæрдоны фарсыл ауыгъд...

– Уайтагъд быдыры балæууыдтæн, – æрæмысы уыцы бон Хæсанæ йæхæдæг, – ракарстон...

Бураты кæрты ма ме ссыдмæ сыхы лæгтæ æнгуз бæласы бын сæ тæккæ кувгæйæ уыдысты... Мысырби куы федта цъупдзаг уæрдон, уæд тынг бацин кодта, уыййас сласын æнхъæл, дам, дын нæ уыдтæн. Æрбахъæбыс мæ кодта æмæ йæ иннætæ дæр куыд хъусой, афтæ хъæрæй загъта:

– Уæллæй, æнæхъæн лæг дæ, æнæхъæн лæг! Раст Хæчъа... – Æмæ мæм бæгæныйы къус авæрдта, нæ нуазæн, дам, дын.

Уымæй фæстæмæ мыл уыцы ном сбадт – Хæчъа.

Мæ размæ уыцы ном чи хаста, уый, дам, уыди сæрæн лæг, хæсты агъоммæйы азты фаллаг сыхы йæхи къухтæй хæдзар самадта. Йæ конд саратæ абон дæр ма лæууынц, æцæг сыл æрæджы йæ фæдонтæ ныртæккæйы æрмæджытæй æдде æрттиваг цъар сæвæрдтой. Йæхи йын коллективизацийы заман чидæр банымыгъта æмæ йæ Сыбыры бинаг къæйы балæууын кодтой...

Ферох. Æз ма йын не стыр Хуымæллæджы иунæгæй йæ ном хæссын...

**Уый Душанбейы уыди**

Беслæныхъæуккаг Дзуццаты Юрик мын мæнæ ахæм цау æрымысыд:

– Кæцы аз уыд, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын, фæлæ не «Спартак» хъазыд Душанбейы. Æз уым уыдтæн цыдæр хъуыддæгты фæдыл. Стадионмæ бацыдтæн, ау, уæдæ куыд, зæгъын, ме 'мзæххонтæ æцæгæлон бæстæйы хъазынц æмæ æз дæр хъуамæ сæ фарсмæ балæууон, æппын ницы, фæлæ сæ ме 'хситт æмæ мæ къухæмдзæгъдæй уæддæр сразæнгард кæнон уæлахизмæ.

Нæ размæбырсджытæй иу – Æмбалты Ерик, мæ хъæуккаг, куыддæр фæзмæ рацыд, афтæ йæм йæ номæй цалдæр хатты мæ тых-мæ бонæй ныхъхъæр кодтон. Кæнæ мæ хъусгæ нæ кодта, кæнæ та, æвæццæгæн, загъта, ацы дзыллæты 'хсæн ахæм номимæ бирæ ис, ам мæн чи зондзæн…

Мæхинымæр, уæдæ ма, зæгъын, ныртæккæ дæхимæ кæс. Сыстадтæн æмæ мæ бон цас уыд, мæ хъæлæс цас фæрæзта, уыййас уыцы стыр стадионы ирон ныхæстæ азæлыдысты:

– Гъей, Сыффытт, ардæм-ма ракæс!

Уырны дæ: фæзы тæккæ астæу дзыхълæуд фæкодта, хъæр кæцæй фехъуыст, уыцырдæм разылд, æвæццæгæн, дисы бацыд,

ам мæ мæ фæсномæй чи зондзæни, зæгъгæ. Æрæджиау мæ ауыдта, фæзы кæронмæ разгъордта, йæ къухтæ хæрдмæ систа, бæрæг уыд, æхсызгон ын кæй уыдис, уый.

Æмæ цы хъазт кодта, уый та! Уромæг æй уромын нал фæрæзта. Фысымты хъазджыты 'хсæнты Сыффытт дыууæрдæм сыффыттытæ кодта. Куы рамбылдтой, уæд мæхицæй дæр хуымæтæджы бузныг уыдтæн. Æвæццæгæн, кæйдæр горæты уыцы бон мæнæй амондджындæр ничи уыди...

## Дыккаг хай

Алчидæр нæ зоны иу хъуыддаг: хицау цыфæнды сыгъзæрин куы уа, уæддæр æй чидæртæ нæ фæуарзынц, фаутæ йæм ссарынц, фæсном ыл авæрынц, цыдæртæ йыл фæмысынц, уæлдайдæр та, æппæтæй бæрзонддæр бынаты чи фæбады, ууыл. Нæ абоны хицау Путиныл анекдоттæ хаттæй-хатт мыхуыры фæрæзты фæзынынц, фæлæ йыл ныридæгæн иставæр фæсном ис, уый нæ зонын. Адæм цыма цæмæдæр æнхъæлмæ кæсынц. Æрæджы дохтыр Гæтæгты Тазрет мæнæ цы бафиппайдта:

– Афтæ мæм фæкæсы, цымæ ма Кремлы, Путины цæрмæстыгъд чи бакодта, иу ахæм адæймаджы дарынц, уырыссагау «двойник». Хатгай йæм телевизоры лæмбынæг куы кæсай, уæд иу хатт йæ сæры тенкайыл цалдæр хъуыны тихалæджы хуызæн фезмæлынц, йæ русыл та бæрæг дзыхъхъ вæййы. Иннæ хатт кæсыс, æмæ сæ иу дæр æмæ сæ иннæ дæр уым нал. Уый дæумæ гæсгæ цы хъуамæ уа?

Фæлæ, зæгъæм, Сталинæн адæм уыййас стыр аргъ кодтой, æмæ йæм суанг йе 'цæг номæй дæр никуы ничи сдзырдта. Хрущевы та йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ хонын райдыдтой Микъитт, уыдис ыл анекдоттæ дæр, ноджы фылдæр та уыдон Брежневыл уыдысты.

Уæлæуыл уый кæдæй нырмæ нал ис, уæддæр ыл сæ мысынц æмæ мысынц. Йæ хæрзиуджытæн йæ фæтæн риуыл бынат куыд нал фаг кодта, дзургæ-дзурын-иу йæ уæззау æфсæр куыд æрхаудта, йæ чъæм-чъæм-иу куыд ссыд...

Горбачевы фæсауунмæ Горбач хуыдтой, уый мæскуыйæгтæн сæхи хъæппæрис уыдис. Æрæджы уымæн йæ цавæрдæр юбилейы бонты йæ раздæры æмкусæг йæ мысинæгты радзырдта, Горбачæн иу хатт йæ сыгъзæрин сахат куыд адавдис æмæ, дам, ууыл куыд тынг фæхъыг кодта, уый тыххæй, йæ усы лæвар,

дам, ын уыд. Рацарæзты рæстæг адæмы ‘хсæнмæ арæх куы цыд, йæ дзыхмæ йын-иу куы кастысты, уый та уыдоны дзыхтæм, уæд ын æй чидæр бон сихор афон йæ цонгæй феппæрста...

Алы азты нæ республикæйы сæргъы чи лæууыд, уыдонæй дæр кæмæйдæрты цыдæртæ адавдæуыд. Зæгъæм, ÆГКАЦАТЫ ВАЛОДЯ хатгай-иу йæ шофыры рахизын кодта æмæ-иу машинæ йæхæдæг скъæрдта, быдыртыл-иу зылдис. Иу хатт, æххæст ма быдираг Фыййаджыбыл мæ хæстæджыты дæр бабæрæг кæнон, зæгъгæ, йæ машинæ уымы цæугæдоны цæхгæрмæ батардта. Фæлæ ныссагъд, йæ цæлхытæ змисы аныгъуыылдысты. Йæ бæрзонд уæрджыты онг доны дæр бацыд, иуварсырдыгæй сæхи чи надта, уыцы скъоладзау лæппутæ дæр ыл-иу фæсте рахæцыдысты, фæлæ уымæй дæр ницы уади. Æмæ уæд фистæгæй Дзуарыхъæумæ араст, тракторыл æрбаздæхт. Машинæ лæгъз фæндагмæ куы раирвæзт, уæд Валодя бафиппайдта: йæ фарсмæ бадæныл «Нарты кадджыты» чиныг уыди æмæ нал и. Фæстæдæр, дам-иу, уыцы бон йæ зæрдыл куы ‘рлæууыд, уæд, дам-иу, бахудт æмæ загъта:

– Æз мæхæдæг дæр гыццылæй чингуытæ давын уарзтон...

ХЪÆБÆЛОТЫ БИЛАРÆЙ та Дзæуджыхъæуы партийы горкомы фыццаг секретарь Гугкаты Созыримæ уымæн йæ хæдзары шахмæттæй хъазгæйæ йæ «бæх» фесæфти. Сæ алыварс чи æртыгуыр, уыцы адæмæй йæ чидæр, Билар иннæрдæм куы акасти, уæд фæйнæгæй фелвæста. Фæлæ Билар уыцы давд ницæмæ æрдардта, æз, дам, æй æнæ уыцы бæхæй дæр рамбулдзынæн...

ОДИНЦОВÆН та Бруты цады кæсаг ахсыны рæстæг йе ‘нгуыр æмæ йæ коньяччыты дыууæ авджы æрбадæлдзæх сты. Чидæр сæм хъамылты астæуты бахъуызыд. Базыдтой йæ, бафхæрдтой йæ, æцæг нæ фыццаг секретарь фæтæргай æмæ уыцы бонæй фæстæмæ уыцы зæххыл йæ къах дæр нал æрæвæрдта. Хъобаны йын уымæй рæсугъддæр бынат ссардтой...

Фæлæ, зæгъæм, ДЗАСОХТЫ АЛЫКСАНДРÆЙ никуы ницы адавдæуыд.

Хаугæ дзы акодта.

Йæ раздæры лæджы кад...

Фæлæ йæ уый ницæмæ æрдардта, цыма æппындæр никуы ницы æрцыд...

Кæй ранымадтон, уыдонæн, стæй ма ндæр хицæуттæн дæр цы фæснæмттæ уыдис, уый тыххæй – æз сæ мæхæдæг цас базыдтон, уымæ гæсгæ.

**Сæрой**. Афтæ фæсауuонмæ хуыдтой Æгкацаты Валодяйы. Уый мын йæхæдæг радзырдта 1997 азы фæззæджы. Йе ‘рвадæлтæ мын Хуымæллæджы йæ мæскуыйаг телефон радтой, æз æм ныддзырдтон, зæгъын, ам кæд уыдзынæ, ныхасæн мæ хъæуыс. Æмæ мын зæрдæ бавæрдта, тагъд, дам, уым кæрæдзи ссардзыстæм. Ссардтам, бирæ фæбадтыстæм, фæныхас кодтам Дзæуджыхъæуы йæ хойы хæдзары.

Йемæ мын мæ интервью дыууæ номыры ныммыхуыр кодта «Рæстдзинад», æцæг дзы цæмæндæрты бынат нал разынд, редактор, дам, сæ ахахх кодта. Мæнæ мæ ныр бахъуыдысты:

– Æз, Валодя, ныхас кодтон, демæ чи куыста æмæ дæ хорз чи зыдта, ахæмтимæ æмæ дзы иу-цалдæрæй бафиппайдтой, дæуæй уый, дам, æгæр къæйных адæймаг уыд уыцы стыр бынаты, хатгай, дам, æгæр карз мадзæлттæй пайда кодта, æгæр домаг уыди, йæхæдæг, дам, йæхицæн знæгтæ ракъахта...

– Цы уыди, уый уыдис... Æз уыдæттыл, Дамир, уал азы фæстæ дæр нæ фæсмон кæнын. Уый рæстæг афтæ домдта. Æмæ уый, зонын æй, бирæты зæрдæмæ нæ цыди, мæ фарсмæ чи куыста, уыдонæй дæр кæмæндæрты. Алырдæмты мыл рафысс-бафысс кодтой, мæ сусæгæй ма мын мæ рагон фæсном дæр сног кодтой – Сæрой. Ме уæхсчытыл ахæм дынджыр сæр æрзад æмæ уый мæн аххос у? (Валодя бахудт, йæ цæсгом фæрухс.) Цыма дынджыр сæр худинаг у, уыйау.

Чи зоны, хатгай-иу æгæр комкоммæ дзураг уыдтæн, æнæраст ми никæмæн барстон. Обкомы дыккаг секретарæй та нæм куыста Мæскуыйæ æрвыст лæг Черный, ницæмæй дзы хъаст кодтон, архайдта, мæгуыр. Уыди Дзæуджыхъæуы горæты Советы депутат, Уæрæсейы Федерацийы Сæйраг Советы депутат. Фæлæ мын иу бон ме стъолыл æрæвæрдтой Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советмæ кандидатты рагацауы номхыгъд. Кæсын, æмæ та дзы Черныйы мыггаг дæр. Ай цы хабар у, иууылдæр сæ йæхи бакæнынмæ хъавы, æви цы, зæгъгæ, йæм рамæсты дæн æмæ йæ ныххах кодтон.

Нæ мын æй ныббарста æмæ уымæй спайда кодта нæ иннæ секретарь Хъæбæлоты Билар, сæвварс мыл кодтой, мæ ныхмæ фесты. Фыццаг цы бакодтой? Иу хатт мæйы бæрц мæ куысты нæ уыдтæн, фæлæ куы раздæхтæн, уæд кæсын æмæ мæ хуыздæр хæдивджытæй иу – Васильев йæ бынаты нал ис Куыд, цы, зæгъгæ, æмæ, дам, æй æндæр куыстмæ арвыстам.

Кæд федтай уый, æмæ фыццаг секретары æвастæй уымæн йæ хæдивæджы баивдæуа?

Бирæ цыдæртæ ма, Мæскуыйы дæр мыл ардыдтой. Раст зæгъын хъæуы, куыстæй мæ цы Пленумы истой, уым иу лæджы фырт дæр мæ ныхмæ ницы загъта. Мæ зæрдыл дзы бадардтон медицинон институты уæды ректор Тотраты Максимы раныхас, мах, дам, абон йæ куыстæй уæгъд кæнæм, «самого энергичного секретаря», æвзаргæ та, дам, кæнæм мастисæг Хъæбæлойы-фырты...

Билар ын мæ фæстæ уый ныббарста, нæ ныббарста, уый нæ базыдтон...

– Нæ республикæйы абоны уæлдæр хицауадимæ дын цавæр ахастдзинæдтæ ис? Ферох дæ кодтой?

– Ферохы кой дзы нæма ис... Æндæраз Мæскуыйы Кремлы Стыр Галуаны нæ аивады кусджытæ стыр концерт лæвæрдтой. Æз дæр æм мæ сиахсимæ билет балхæдтон. Залæй куы рацæйцыдыстæм, уæд мыл Галазты Æхсарбег хæрхæмбæлд фæцис, бацин мыл кодта, баурæдта мæ, хъæугæ, дам, мæ кæныс, мæ фæдыл, дам-ма рацу. Дыккаг уæладзыджы сæййæфтон бæркадæй дзаг фынгтæ, бирæ хæрд æмæ дзы нозт. Иу-сæдæ адæймаджы бæрц дзы уыдис. Æхсарбег, мæнæ ахæм рæстæг куыд вæййы, афтæ сын сæ дзолгъо-молгъо ныууадзын кодта æмæ мын ахæм характеристикæ радта, цыма мæ цавæрдæр стыр бынаты сæвæринаг у, уыйау. Стæй мын ныллæгъстæ кодта, хистæрæн, дам, нын сбад. Нæ куымдтон, фæлæ мæ асаста. Æмæ уæд Æхсарбег йæхæдæг мæ рахизфарс сбадт, Уататы Бибо та – мæ галиу...

Мæ зæрдæмæ цы нæ фæцæуы, уый æз никуы фæкæнын. Иучысыл куы абадтыстæм, уæд мын Бибо афтæ зæгъы, Æхсарбеджы ном, дам, сæрмагонд сидтæй ссар. Æз ма мæхæдæг бынаты куы уыдтæн, уæд дæр-иу иуæй-иутæ архайдтой афтæ бакæныныл, фæлæ-иу сæ æз сæ фыццаг ныхæсты фæстæ аскъуыдтон, æз уый никуы бауагътон. Ныр дæр мæхи ницы хъусæг скодтон, фæлæ мæм уый ноджы хæстæгдæр æрбабадт æмæ мын афтæ зæгъы, æз дæр, дам, дæу хуызæн Хъараты хæрæфырт дæн, æрмæст уый тыххæй мæм уæддæр байхъус. Æхсарбег дæр нын нæ ныхас хъуыста, дзургæ ницы скодта, фæлæ йын хъыг кæй уыд, уый йæ цæстæнгасыл бæрæг уыдис.

Фæлæ мæ уæддæр фарон цавæрдæр стыр æмбырдмæ схуыдтой. Афтæ рауад, æмæ президиуммæ куы схызтыстæм, уæд æз

уым иу кæрон бадт фæдæн, Æхсарбег та иннæ кæрон. Куы мæ ауыдта, уæд мæ нæ ныууагъта, йæ цуры кæмæндæр ныллæгъстæ кодта, хатыр дзы ракуырдта æмæ уыимæ нæ бынæттæ баивтам. Æхсызгон мын уыдис...

Хъыг мын цы уыд, уый дæр дæ нæ басусæг кæндзынæн... Æхсарбег абон йæ фарсмæ кæй дары, уыдонæй иу – Бирæгъты Юриимæ – Мæскуымæ хæдтæхæджы тахтæн. Аэропорты куы хицæн кодтам, уæд æй мæ хæдзармæ хуыдтон зæрдиагæй, фæлæ мын не сразы, йæхæдæг мын афтæ зæгъы, райсом, дам, мæ æхсызгонæй хъæуыс, Цæдисон хицауады уæнгтимæ банкетмæ, дам, дын мемæ æнæ ацæугæ нæй. Аив нæ уыдаид, «нæ» йын куы загътаин, уый, стæй, кæйдæр загъдау, мæхи дæр фæндыд, ахæм адæмимæ рагæй нал сæмбæлдтæн...

Телефоны цур бадгæйæ баззадтæн...

Æндæр хатт та, Мæскуымæ тæхгæйæ, бахаудтæн Мецъаты Эдуардимæ, фыццаг рæнхъы мæ фарсмæ бадт фæци æмæ мын афтæ зæгъы, æртынæм азты кæрон, дам, мын мæ фыдæн бахуыс кодтай, кулачы ном сбадын ыл нæ бауагътай, ахæстонæй фервæзт. Æхсызгон мын уыд, æгайтма сæ мæ кæддæры хорздзинад нæ ферох. Уымæй иу-цасдæры фæстæ та мæ кæцыдæр партион конференцимæ ардæм схуыдтой. Æмбисæхсæв куы фæцис, уæд уыцы Эдуардмæ йæ машинæ æрбатылд æмæ уый, мæ лæппуйы æмгар, æвиппайды йæ шофыры фарсмæ фæтъæпæн, мæнæн фæстаг бандонмæ ацамыдта. Цæмæдæр гæсгæ ма уæддæр мæ зæрдæ дардтон, зæгъын, мæн уал раздæр нæхимæ раргъæвдзæн. Цытæ дзурыс, йæ шофырæн ацамыдта, мæн, дам, уал нæ дуармæ æрæвæр. Æмæ æз, бывший первый секретарь обкома партии, сопровождал его, так нызываемого, крашеного министра, до самого его дома...

Зæгъ-ма мын, Дамир, дæ хорзæхæй, уымæ ма ирон лæгæй исты баззади? Уæдæй абонмæ мæхи æфхæрынæй нæ бафæлладтæн, зæгъын, æрдæгфæндагыл машинæ цæуылнæ баурæдтон æмæ цæуылнæ рахызтæн?

Уымæй цас рацыдаид, уый ныр нал хъуыды кæнын, фæлæ мæ уыцы Эдуард иу бон Мæскуыйы ссардта æмæ мын афтæ зæгъы, Ирыстоны президенты бынатмæ, дам, æвзæрстыты рæстæг мæ фарсмæ балæуу, дæ авторитетæй куы спайда кæнин, уый мæ тынг фæнды.

Нæ йæм кæсыс? Цы йын хъуамæ загътаин æз?!

– Уæлдæр мын дзырдтай дæ кæддæры фæсном дын сног кодтой, зæгъгæ. Уый куыд æмбаргæ у?

– Æмæ дзы цы ‘мбарын хъæуы? Скъолайы мын æвдæм къласы мæ хæлæрттæй иу мæ чернилæдон амбæхста. Æз æй кæрты рацахстон æмæ йæ дзæбæх ракъæрццытæ кодтон. Йæ бон мын хъаруйæ ницы уыд, иуварс алыгъд æмæ мын дардæй бафидис кодта:

– Гъей, Сæрой!..

Ме ‘мбæлттыл худæг бахæцыд, фæлæ уый фæстæ уыдоны дзыхæй уыцы ном схаугæ æз мæхи цур никуы фехъуыстон, фæлæ мæм афтæ каст, цыма йæ уæддæр сæхимидæг фæдзурынц, сусу-бусутæ-иу кодтой.

Иу хатт мæм мæ фыд фæкомкоммæ æмæ ныддис кодта:

– Хуыцауы хатырæй, ай нæ кæмæй фæцис? Йæ сæр ныридæгæн кæфойы йас куы фæкæны. Æз нæ хъæстæйы ахæм сæр никæмæн хъуыды кæнын...

Мæ мад æй сабыртæ кодта:

– Лæппуйæн алцыдæр фидауы, афтидæй йын ма баззайæд, æндæр. Мæ дзæбæх лæппуйыл ма мын фаутæ ма æвæрут, уадз æмæ йын рæза...

Æмæ уый æцæгæйдæр рæзыди. Мæ сæр мын сæ куыст скодтой, мæ асмæ та мын фау никуы ничи æрхаста, фæлæ-иу мæхæдæг, æгæр бæрзонд кæй дæн, уымæй хатгай тыхстæн. Кремлы нæлгоймагæй-сылгоймагæй, æз-иу се ‘ппæты сæрты дæр фæлгæсыдтæн. Хрущевы цур-иу мæхи æвзæр æнкъардтон, уымæ уæле бынмæ кæсгæйæ. Уый мын мæ мыггаг зыбыты иунæг хатт дæр раст нæ загъта. Суслов-иу æй бафиппайдта æмæ-иу уæд уый дæр бахудти. Уым ЦК-йы Хрущевæй фæстæмæ иннæтæ сау фæтæн шляпæтæ дардтой, уый сын модæйы хуызæн уыдис. Кабинеты-иу сæ рудзынджы уæлвæйнæгыл куы равæрдтой, уæдиу иннæты æхсæн мæ шляпæ бæрæг дардта йæ асæй, уый мæмиу цæмæндæр хорз каст.

Азтæ куыд цыдысты, афтæ мыл кæддæр мæ сабидуджы чи абадт, уыцы фæсном рох кæнын дæр ма райдыдта, фæлæ мæнæ ам нæхимæ куы ссыдтæн, уæд мын мæ хæдивджытæй иу, цыма исты стыр бæллæх æрцыди, уыйау радзырдта, афтæ æмæ, дам, афтæ, иу чидæр, дам, дæ ам де ‘цæг номæй нæ хоны. Зæгъын, уæдæ мæ уагæры цавæр номæй хоны? Æмæ, дам, Сæрой. Фыййаджыбыл, дам, æй кæмæйдæр фехъуыста. Ратардтон æй мæ

кабинетæй, афтæ мæ чи хоны, уыцы чидæры базонын дæр мæ нал бафæндыд, бузныг дæр ма дзы фæдæн, мæ кæддæры мæгуыр, фæлæ хъæлдзæг сабидуг мын мæ зæрдыл æрлæууын кодта, мæ цæстытыл ауад нæ хъæуæй Нартыхъæуы астæу æрыскъæфты фæз, нæ бæгъæввад къæхты бын-иу фæндаджы хъарм рыг куыд скалдис, уый... Цы уæлдай у, де уæхсчытыл стыр сæр хæссыс, æви гыццыл сæр! Кусгæ дын кæнæд, æндæр. Исты мæнг зæгъын?..

...Валодя куы фæзиан, уæд æм Мæскуымæ мæ хъæуккаг, адæмон зарæггæнæг Кæсæбиты Митя ацыдис, йæ чырыны уæлхъус дзы дзургæ дæр ракодта. Фæстæмæ куы раздæхт, уæд нын мæнæ афтæ радзырдта:

– Мæхи цæстытæй йæ куы нæ федтаин, уæд мæ, æвæццæгæн, нæ бауырныдтаид, фæлæ уыцы дыууæ метры дæргъæн лæг бынтондæр ныггыццыл, батади, баруади, цыма чырыны хуылфы сæр йеддæмæ ницы уыд, цæмæндæр мæм афтæ каст...

**Дæлæмæдзыд**

Афтæ та хуыдтой Билары.

Уый фыццаг хатт кæй дзыхæй схаудта, уый ма ныр уал азы фæстæ чи сбæрæг кæндзæн! Æз йæ базоныныл афæлвæрдтон, фарстон, уæды азты хицауады астæу чи фæкуыста, уыдонæй кæйдæрты, уæды азты сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæртты, фæлæ сæ иуæй дæр бæлвырд дзуапп нæ райхъуысти. Æцæг иу-цалдæрæй Ходы Камалы кой ракодтой, уый, дам, йе 'мдзæвгæтæй иуы цавæрдæр «Бæрзондыл бадæг дæлæмæдзыд хицауæй» хъаст кодта.

Иу хатт Камал æмбисæхсæв йе 'мбæлттимæ проспекты астæу ирон адæмон зарæг ныццæлхъ ластой, Хазбийы зарæг, æмæ сæ милицæ бафхæрынмæ хъавыд, горæты, дам, фынæй кæнын нæ уадзут, зæгъгæ. Партийы обкомы фыццаг секретарь, дам, уæд сæ фарс кæй нæ рахæцыд, уый тыххæй, дам, æм поэт хæрам уыдис.

Чи зоны, чи зоны... Кæмæ нæй аиппытæ?

Æппæтæй æххæст адæймаг куыд нæй, афтæ нæй æппæтæй æххæст разамонæг дæр. Фæлæ Билар асæй гыццыл кæй уыди, хæрдмæ фаг кæй нæ сырæзти, уымæ йын фæкомкоммæ сты æмæ йыл уыцы фæсном, скъæты къулыл сæнар куыд батъæпп кæнай, афтæ йыл æй йе знæгтæ батъæпп кодтой:

– Дæлæмæдзыд!

Йæ зæл Ирыстоны алы къуымты дæр фехъуыст фидисы хуызы, цыма йæ зонгæ кодтой, уымæй æппæтæй тынгдæр фæрисдзæн, æппæтæй йын хъыгдæр уыдзæн, уыйау. Мæнмæ гæсгæ йæм уæды азты, йæ куысты райдайæн азты, æндæр ницавæр фау ардтой.

Билары иуахæмы, куы нал куыста, уæд бабæрæг кодтон. Бацин мыл кодта, хъайла кæныныл мын балæууыд, нозт рахаста. Æз йæ цуры бадын æфсæрмы кодтон. Уый мын ме уæхскмæ йæ къух сивæзта, уым йæ фæлмæн армытъæпæн æрæвæрдта æмæ, мидбылты худгæйæ, загъта:

– Сбад, Дамир, науæд æз бафæлладтæн искæмæты хæрдмæ кæсынæй...

Цы гæнæн мын уыди. Сбадтæн, мæ цæстытыл та ауад, кæддæр æвдисæн кæмæн уыдтæн, уыцы ныв: Советон Цæдисы Сæйраг Советы депутат Басаты Алыкка йæ фыццаг сессийæ Хуымæллæгмæ куы раздæхт, уæд ын йæ хæдзары чысыл куывд акодтой. Сæмбæлдис дзы Билар дæр. Уалынмæ кæртмæ æрбахызт æнæнхъæлæджы уазæг – партийы Хъалмыхъхъы обкомы фыццаг секретарь, Алыккайы хæлар, бæрзонд лæг Городовиков. Бацин кодта Билар, хъазæн ныхас ын загъта:

– Дорогой наш друг Городовиков, что-то ты всегда на нас сверху вниз смотришь. Что бы это значило?

Билар хъазгæйæ цы зæгъынмæ хъавыд, уый уазæг бамбæрста, уæле бынмæ йæм йæ хæлар цæстытæй худти. Æз ын ныр уый йæ зæрдыл æрлæууын кодтон:

– Уыдаид, уыдаид...

Уæдмæ хъайлайы цъыс-цъыс ссыди, Билар ауади æмæ йæ хæцæнджын гыццыл тебæйы рахаста, стъолыл æй æрæвæрдта æмæ загъта:

– Цалынмæ уазал кæна, уæдмæ дын иу цыдæр радзурон... Мæнæ хъайламæ гæсгæ æрлæууыдис мæ зæрдыл. Мæскуыйы Плиты Иссæимæ Сæйраг Советы радон сессийы рæстæг-иу уазæгдоны иумæ цардыстæм. Æдзухдæр-иу мæ разæй сыстад, мæ дуар мын-иу æрбахоста æмæ-иу уымы ресторанмæ ацыдыстæм. Иссæ зыдта, æз хуыйы фыд нæ хæрын, уый æмæ-иу уæд йæхæдæг дæр нæ бахордта, официантæн-иу мæнæ ахæм тæнæг нæ, фæлæ бæзджын хъайла рахæссын кодта, мæ мад, дам-иу уарзта ахæм цæгъдгæ хъайла кæнын. Æз-иу ын хъазгæйæ уайдзæфтæ кодтон, мæн тыххæй дæхи цы марыс, фæлтау хуы-

йы дзидза хæр æмæ дыл хуызы цъыртт æрхæца. Ды, зæгъын, дæ асмæ гæсгæ хæрзхуыз куы уаис, уæд æцæг инæлармæ дæр ма бакæс æмæ дæумæ дæр. Зæгъын, æз цæргæбонты, бæрзонд чи у мæнæ дæ хуызæн, уыдонмæ хæлæггæнгæйæ фæцардтæн.

Уыцы койтæм-иу Иссæ арæх æрымысыд, фыдхуыз кæй у, уый йын Сталин дæр кæй бафиппайдта. Уæлахизы кадæн Кремльмæ хуынды уыдысты æппæт стырдæр хæстон разамонджытæ, не ʻмзæххон дæр семæ. Кæсын æмæ, дам, инæлæрттæ æд нуазæнтæ Сталинмæ бацæуынц, афæстиат вæййынц. Уæд, дам, æз дæр нал фæлæууыдтæн, бацыдтæн æм, мæ дзыхæй иу ныхас дæр нæма ссыд, афтæ мæ йæхæдæг базыдта, сыстадис мын, бахудт мæм:

– Вот ты какой, Плиев!

Иуцъусдуг мæм фæкаст, стæй та загъта:

– Что ж ты так похудел, товарищ Плиев?

– Воевал, товарищ Сталин, воевал, – загътон ын æз. Ома, хæсты уæззау бонты аххос у мæ абоны ахæм хуыз. Йæ сæр батылдта, ома, æмбæрстгонд мын у, худтис, уыдис ын фæлмæн цæстæнгас...

Æз Билармæ хъуыстон, кастæн ын йæ фæллад цæстытæм æмæ йæ æмбæрстон: дзурæг æмбал ын нæ вæййы æмæ, æвæццæгæн, ацы цыппар къуымы астæу иунæгæй стыхсы, искæй уынын æй фæфæнды, искæмæ хъусын.

Иуцасдæр ма абадтыстæм, йæ цæстытæ рухсæй-рухсдæр кæй кæнынц, уый йын уыдтон æмæ уæд, ме ʻрбацыды сæр æм цæй тыххæй у, уый загътон:

– Уал азы Ирыстоны сæргъы фæлæууыдтæ... Фæнды мæ, дæ мысинæгтæй дын хицæн чиныг куы саразин, уый...

Мæ диктофон райстон, зæгъын, сифтындзон æй. Нæ мын æй бауагъта, йæ гыццыл армытъæпæнæй йæ æрæмбæрзта æмæ загъта:

– Æмбарыс, Дамир, æнæниз куы вæййын, уæд дæр мæ хъæлæс диктофоны лентæйыл цæмæндæр бынтон ныллыстæг вæййы, нæлгоймаджы хъæлæсы уагæй йæм ницыуал баззайы... Кæддæр мæ мæ куыстæй куы истой, уæд мын ЦК-йы инструктор Бессарабов, цæй æмæ йæ истæмæй алхыскъ кæнон, зæгъгæ, афтæ зæгъы, дæ хъæлæс, дам, разамонæджы хъæлæс нæу... Тынгдæр та мæ амардта йæ иннæ уайдзæф. Дæ ас дæр, дам, мах чи хъæуы, ахæм нæу. Мы, говорит, в свое время упустили этот момент, не доглядели... Хъуамæ, дам, ды адæммæ уæле бынмæ кæсай, мæнæ

мæн хуызæн, ды та нын дæлæмæдзыд дæ. Æз, дам, гыццыл адæймæгты нæ уарзын, уыдонæн, дам, хурбон аууон дæр нæ вæййы. Уый фыццаг хатт фехъуыстон. Рост, говорит, придает руководителю чувство уверенности, а, если быть конкретнее, то чувство превосходства над другими... Ноджы цыдæртæ ма... Уыдон се 'ппæт дæу нæ хъæуынц...

Мæ фындзы хъым-хъым мын, æвæццæгæн, дæхæдæг дæр бафиппайдтай, мæхи æвзæр æнкъарын æмæ цæй афтæ бакæнæм: æз мæхи сдзæбæх кæныныл архайдзынæн, мæнæ мæм ныртæккæ мæ дохтыр дæр æрбацæуинаг у, афонмæ рараст, ды та, раттинаг мæм кæй уыдзынæ, уыцы фарстатæ рагацау сбæрæг кæн. Æмæ уæд, табуафси, сæмбæлæм...

Нал сæмбæлдыстæм. Нал схæцыд йæхиуыл Билар. Мæхицæн баззадысты мæ фарстатæ дæр...

Цæры Беслæныхъæуы иу уæздан хистæр лæг Туаты Эльбрус, Билары халдих. Йæ дзæбæх сыхæгтæ йæ, уæлдайдæр та йæ бирæ хæлæрттæ фæсномыгæй «Кабалоев» хонынц.

– Кæмæн куыд, фæлæ мæнæн йæ кой æхсызгон вæййы, – дзырдта мын æрæджы уый, – æз ын мæхи удæй бирæ аргъ кодтон, йе 'нгæс кæй дæн, уымæй та – сæрыстыр. Куы нал куыста, уæд фехъуыстон, зын уавæры, дам, ис, æвæгæсæг у æмæ йæм иу бон бæрæггæнæг ссыдтæн, мемæ цыдæртæ айстон. Кæртмæ куы бахызтæн, уæд мæ размæ иу рæстæмбис кары сылгоймаг фæцис, æдзынæг мæм ныккаст, æмæ æз мæхинымæр ахъуыды кодтон, æвæццæгæн, зæгъын, ацы кæрты æцæгæлæтты уайтагъд бафиппайынц, ныртæккæ мæ æрфæрстытæ кæндзæн, чи дæ, цы дæ, ам дæ цы хъæуы...

Фæрæдыдтæн. Хæстæг мæм æрбацыд, уæле бынмæ мæм бахудт, стæй загъта:

– Æмæ мах куы нæ зыдтам, нæхи Биларæн ма æфсымæр ис, уый. Кæс-ма, куыд æмхуызæттæ стут!

Æз ын ницы загътон, бахудтæн æм æрмæст, мæхинымæр, уадз æмæ, зæгъын, амæй фæстæмæ дæр афтæ хъуыды кæна...

Æнæуи та Билар абон кæм ис, уым сыгъзæрин талатæ суадзæд, фæлæ уый мæнæй иу сантиметр бæрзонддæр уыдис. Æрмæстдæр иу! Æз уый мæхицæн сæрмагондæй сбæлвырд кодтон. Уый бæсты мæ бон зæгъын ницы у, фæлæ ацы зæххыл бынноз кæй баззадтæн, уый мæ бирæ цыдæр хъуыддæгты хъыгдæрдта, уæлдайдæр-иу сылгоймæгты компанийы куы уыдтæн,

уæд (**Эльбрус зæрдиагæй худы.**) Æрæджы Тæмисчъы мæ фæллад уагътон, иу бæрзонд рæсугъд сылгоймаг дзы уыд Липецкæй, кафæн фæзы-иу ын йæ дымст риуты онг не 'ххæссыдтæн, мæ сæр сыл-иу бакъул кодтон, æндæр ын уæдæ цы мæ бон уыдис. Сылгоймæгтæ бæрзонд нæлгоймæгты уарзынц, æнæзонд æнхъæл сын ма у...

Фæлæ, дам, Билармæ йæ тæккæ лæппуйæ, йæхицæй бæрзонддæр чи уыд, ахæм чызджыты уарзта. Сæ иу Хъулаты Хъуыбадыйы чызг Томæ. Иу хатт сæм йæхæдæг Плиты Иссæимæ минæвар дæр бацыд. Иссæ Хъуыбадыйæн се 'рбацыды сæр куы бамбарын кодта, уæд æй уый хицæн уатмæ ахуыдта æмæ йæм бауырдыг:

– Куыд мын дæттын кæныс, Иссæ, демæ чи ис, уымæн мæ чызджы?.. Уый мæ чызгæй ссæдз азы хистæр куы у, стæй ссæдз сантиметры къаддæр...

Уый фæстæ дæр ма Хъæбæлотæ архайдтой чызджы сæхирдыгæй фæкæныныл, Билары мад сæм йæхæдæг дæр бацыд æмæ загъта:

– Породæ нæ хъæуы сымахæй, породæ, кæннод зæхмæ æгæр хæстæг стæм, ома, асæй æгæр гыццылтæ, бындзыд æмæ бындзыд.

Билар, дам-иу, йæхæдæг афтæ дзырдта:

– Мæхицæй къаддæр лæгыл-иу куы сæмбæлдтæн, бынмæ-иу æм куы кастæн, уæд-иу мын æхсызгон уыди...

ОДИНЦОВ. Не 'ппæты стырдæр хицæуттæй æппæты фылдæр фæснæмттæ ауыл уыдис. Æнæхъæн æртæ. Фыццаг дыууæ фæсномы фæйнæ иу дзырдæй – Бынтыдзæуæг æмæ Басхор, æртыккаг та дыууæ дзырдæй – Сараты хицау.

Бынтыдзæуæг æй рахуыдта Билары усы мад, мæнæн та йæ æрæджы йæ чызг, Билары бинойнаг, Майя радзырдта:

– Билары йæ куыстæй куы систой, уæд нæм æртыккаг, æви цыппæрæм бон телефонæй æрбадзырдтой, Одинцов, дам, уæм фæцæуы. Тынг æхсызгон нæ нæ хъуыдис, фæлæ уæддæр æрбацыд æмæ йæхи дардта, цыма Хъарсы фидæрттæ батыдта, хæрдтыгæсгæ нын æрзылд нæ цæрæнуатыл, стæй загъта, мах, дам-ма сæмбæлдзыстæм.

Æз æй бафиппайдтон, мæ мад ын йæ алы ныхасмæ дæр куыд зæрдиагæй хъуыста, йæ цæстытæм ын куыд лæмбынæг каст

кодта, уый. Куы ацыд, уæд иуцасдæр хъусæй фæлæууыд, хъуыдыты анығъуылд, стæй йæ цæстытæ пъолæй systa æмæ Биларæн афтæ бакодта:

– Мæнмæ гæсгæ дæ Одинцов хорз адæймаджы каст нæ кæны. Бынтыдзæуæг у...

Уымæй иу-цалдæр боны фæстæ уый Билармæ йæ кабинетмæ фæсидт æмæ йын афтæ зæгъы, дæ усы мадæн, дам, горæты сæрмæ стыр дачæ сарæзтай, зæгъгæ, мын дзурынц, куыд, дам, ын кæнæм.

– Уый цæй дачæ у? – æмбарын ын кæны Билар. – Йæ цæхæрадоны астæу лæууы æрмæст хуымæтæг фæйнæджытæй арæзт будкæ...

Нæ йыл бауæндыд, сæрмагонд къамисæн æй фенын кæнын кодта.

Махмæ уæд йе 'рбацыды сæр та нæ фатер уыдис. Уал азы кæм фæцардыстæм, уырдыгæй нæ сыстын кодтой, йæхæдæг дзы æрцард. Махæн та, уат æмæ æрдæг кæм уыд, ахæм фатер радтой, уыцы хæдзары, æцæг æндæр бацæуæны...

Уый фæстæ дæр æмбæлдис мæ мой Одинцовимæ æмæ иу бон бафиппайдта, дæ мад, дам, курдиатджын психолог у, цы аккаг у, ахæм ном, дам, ын радта – Бынтыдзæуæг, ома гæдывад, йæ фæндæгтæ сафæг...

БАСХОР. Мæнæ йыл ацы ном та бацъапп ласта цуанæтты хæдзарады кусджытæй чидæр. Номæвæрæг чи уыд, уый не сбæрæг, æвæццæгæн, йæхи схъæр кæнын нæ бауæндыд.

– Февралы фæстаг бонты мæм æрбадзырдта обкомы кусæг Притыко, – дзырдта мын йæ мысинæгтæ хæдзарады хицау Хъуппеты Алыксандр, – раздæр мæ ме 'нæниздзинадæй бафарста, нæ куыст куыд цæуы, уымæй, стæй дын афтæ:

– Понимаешь, Александр, наш новый первый прямо-таки обожает уху... Сварганим?

Ацы æнахуыр уырыссаг дзырд æз уæд фыццаг хатт фехъуыстон, нал мæ рох кæны уæдæй. Цыбырдзырдæй, Одинцовы хъуыдис Мæздæгмæ цæуын, йæ машинæйы пец, дам, фаг нæ хъарм кæны æмæ хъуамæ йемæ фæндагмæ аласа кæсаджы тæвд бас. Цы гæнæн уыди, сфыхтам ын, горæты къуымты йын сæрмагонд термос фæцагуырдтам, уым ын æй ныккодтам, йæ шофыры къухтæм ын æй радтам.

Уымæй иу-цалдæр боны фæстæ та телефоны ногæй уыцы Притыкойы хъæлæс:

– Понимаешь, Александр, понравилась твоя уха нашему первому. Надо бы еще. Завтра ему у обкома на трибуне стоять придется на этом жутком вашем морозе...

Нæ термос нын не ‘рбарвыстой. Ногæй та йын ахæм балхæдтам. Обкомы дуаргæсы къухтæм ын æй радтам. Æцæг нæ йæ тæригъæд нæ хъæуы, суанг нæ иннæ зымæджы астæумæ нал бахъыгдæрдта æмæ-иу мæ нæ кусджытæ афæрс-афæрс кодтой, цы, дам, фæци нæ Басхор, истæуыл нæм фæхæрам, нæ бас йæ зæрдæмæ нал цæуы?.. Зæрдæмæ нæ фæцæуыны кой дзы нæ уыд, æцæг та ногæй Притыко куы æрбадзырдта, уæд загъта:

– Все хорошо, только бы перца чуть-чуть добавить. Он любит...

Мæхинымæр, йæ хурхыуадындзтæ йын басудзæд. Æз цалынмæ куыстон, уæдмæ йын иуæндæс хатты барвыстон, алы хатт дæр ног термосы...

САРАТЫ ХИЦАУ. Одинцов ма йæ тæккæ ногæй куы уыдис, уæд фæкомкоммæ ис, горæты бирæуæладзыгон хæдзæртты ирон цæрджытæ сæ цины æмæ сæ зыны рæстæджы хабæрттæ кæм фæкæнынц, уыцы бынæттæм. Æгæр, дам, дзы бадынц, æгæр дзы нуазынц, кæстæрты халынц...

Раст уыцы рæстæг, æз мæхæдæг Беслæныхъæуы кæм цæрын, уыцы кæрты дæр æрдæг арæзт уыд ахæм сара. Йæ саразыны хъæппæрис равдыстой, хъæдæрмæг ын самал кодтой нæ дыууæ сыхаг разамонæг кусæджы Цалиты Æмзор æмæ Дулаты Жорæ, сæ иу дурлыстæггæнæн заводы директор, иннæ та аразæн куыстуаты хицау.

Радио, газеттæ æмæ телеуынынады Одинцовы ахæм хъæппæрисы кой йеддæмæ куы ницыуал кодтой, нæ иуæй-иу дымысдæр хистæртæй дæр чидæртæ йæ фарс куы рахæцыдысты, уæд Æмзор æмæ Жорæйæн сæ быны дон бацыди, цы чындæуа, зæгъгæ. Ома, тарстысты, иу бон æм халынмæ куы æрбацæуой, уымæй. Фæлæ сын, сæхи загъдау, Хуыцау баххуыс кодта.

Иу фæссихор сыхаг кæртмæ мах кæртыл æрбацæйцыдис нæ горæты хæдзæртты управленийы хицау Хуыцъистаты Индрис. Æмзор æмæ йæ Жорæ баурæдтой, раздæхтой йæ, сыбалут бæласы бын ын дзадджын фынг ацарæзтой, стæй, æрдæгбадт куы

уыдысты, фæйнæ цалдæр карз арахъхъы куы фæдæле кодтой, уæд ын се 'рдæгарæзт сарамæ ацамыдтой, цы, дам, ын бакæнæм дарддæр. Индрис уыцы сахат йæ тæккæ дзæбæх зæрдæйæ уыдис...

Уымæй цалдæр боны фæстæ нæ кæрты фæзындысты нæ горæты хицауады минæвар Бзæты Амырхан æмæ милицæйы дыууæ кусæджы. Уæлæнгай æвæрд сын чи уыд, уыцы гæххæтт сæм раскъæфтой Æмзор æмæ Жорæ, хъæрæй сын æй бакастысты:

– Эта беседка строится с разрешения управления домами № 1 для провождения культурного досуга и проведения патриотического воспитания подрастающего поколения дома № 37 по улице Плиева и соседних домов... Мæнæ дзы Индрисы къухæвæрд, мæнæ дзы йæ тымбыл мыхуыр дæр æртъæпп кодта. Исты ма зæгъут? Фенут æй уæхæдæг дæр...

Федтой, ницыуал загътой, ацыдысты. Уыцы ирвæзынгæнæг документ абон дæр ма ис Дулаты архивы, кæддæры кæйдæр æнæсæрфат митæн æвдисæндар.

Кæмдæрты ма хæлдтой, се 'ппæтæн-иу Индрисы хуызæн хæрзгæнджытæ нæ фæцис. Фæлæ иу бон Дзæуджыхъæуы Ирыстоны номыл уынджы амард, иунæгæй чи цард, ахæм уырыссаг зæронд ус. Йæ цот, дам, Уæрæсейы алы къуымты ныххæлиу сты, уæд ныры хуызæн дзыппыдаргæ телефонтæ нæ уыд, цалынмæ сæм телтæ цавтой, цалынмæ уыдон цыдысты...

Сыхæгтæ хабар сæхимæ райстой, чырыны йæ сæвæрдтой, уæлмæрдмæ лæппуты ингæн къахынмæ арвыстой, иннætæ кæрты астæу сарайы фынгтæ æвæрынмæ фесты. Уыцы рæстæг кæсынц æмæ кæртмæ кæрæдзи фæдыл æрбацыдысты дыууæ æнæзонгæ бæрзонд лæппу-лæджы, сау костюмтæ æмæ сыл сау шляпæтæ. Сæ тæккæ чъылдыммæ та æрлæууыд уæзласæн машинæ.

Дыууæ æнæзонгæйы, хæстæгдæр сæм лæуд чи фæци, уыцы лæппутæй иуы фæрсынц, цы хабар, дам, ис ацы кæрты. Æмæ сын куы загътой нæ сыхаг иунæг ус Фрося, дам, амардис, уæлæ кæсут, кæстæртæ йæм хæссынмæ фæцæуынц, ныртæккæ йæ рацæуæны цур æрæвæрдзысты, йæ цотæй нырма ничи ма фæзынд...

– Мах йæ лæппутæ стæм...

Æмæ сын уæд бамбарын кодтой, уæлæ, дам, хистæртæ лæууынц, бацæут сæм, уæхи сын бацамонут, махмæ ахæм æгъдау ис...

Уæзласæн машинæйы бæрзонд гуыффæйæ зæхмæ æргæппытæ ластой цыппар нæлгоймаджы кусæн дарæсы, дыууæйæн дзы сæ къухты фæрæттæ, иуæн хырх, иннæмæн та зæгæл ласæн мæцъис. Сæ ных комкоммæ сарамæ сарæзтой. Сыхæгтæ чи сты, уый бамбæрстой, амбырд сыл сты, дзырдæппарæн кæнынц:

– Уе ‘рбацыд абонмæ цы ‘рхастат?

– Нæ мард баныгæнын нæ уæддæр бауадзут!

– Сымах ардæм чи æрбарвыста, уымæн тагъд рæстæджы уæртæ ахæм чырыны йæ мард авæрæнт...

Хæдзары хистæртæй иу – Дзаттиаты Алыксандр, мæнæ фыссæг Тотырбеджы фыды æфсымæры лæппу, балкъонмæ топп раскъæфта, хæрдмæ дзы цалдæр гæрахы фæкодта, ныртæккæ, дам, ардыгæй куы нæ ацæуат, уæд сымахыл дæр нæ бацауæрддзынæн...

Сæ быцæумæ сарайы цурмæ æрбацыдысты æрдæбоны дыууæ лæппуйы, сæ дзыппытæй фæйнæ сырх-сырхид æвдисæндары систой, дыууæйæ дæр разындысты Советон Цæдисы Сæйраг Советы депутаттæ...

Дыккаг бон уыдон ссыдысты партийы обкомы хъæдзармæ, фембæлдысты Одинцовимæ æмæ йын радзырдтой, куыд сын байрæджы сæ мады зианмæ, ничи сын ницы загъта, афтæмæй, дам, йæ сыхаг ирæттæ се ‘хсæн æхца æрæмбырд кодтой, йæ мæрдон æгъдæуттæ йын скодтой, суанг хист дæр ма. Æрæджиау æй бафарстой:

– Æдде дæ адæм фæсауyонмæ цы хонынц, уый зоныс?

– Нæ зонын...

– Сараты хицау... Уый куыдтæ кусыс, цæмæй райдыдтай, цæмæн сын халыс се ‘нусон рæсугъд æгъдæуттæ?

Уыцы бонæй фæстæмæ иу сарамæ дæр никуыуал ничи бавнæлдта. Стæй аразынмæ дæр. Одинцовы ма Ирыстоны бакусын хъуыд цыппар азы гыццыл хъуаг...

Ныр та **Дзасохты Алыксандры** рад у...

Æз ын зыдтон дыууæ фæсномы – **Шурик** æмæ **Пушкин**. Цавæрдæр сылгоймаджы номæй дæр, дам, ма йæ хуыдтой, фæлæ æз, мæхи хъустæй кæй нæ фехъусон, уый кой нæ ракæндзынæн.

Йæ фыццаг фæсном ын куыдæй базыдтон, кæд æмæ кæмæй фехъуыстон, уый тыххæй та мæ дардæй райдайын хъæуы.

1997 аз. Ирыстоны президенты бынатмæ ног æвзæрстытæм цæттæ кæныны бонтæ. Æз-иу мæ райгуырæн хъæу Хуымæллæгмæ

куы ныццыдтæн, уæд-иу мын хистæртæй чидæртæ сæ катай загътой:

– Уыцы лæг нæ бæргæ ницæмæн хъæуы...

Ома, Дзасохты Алыксандр.

Зæгъын, цæуылнæ, цы хъуаг уæм кæсы?

– Нæ нæ уарзы...

Ома, Хуымæллæджы.

– Цы йын кодтам, цæмæй фæаххосджын стæм йæ разы?

– Кæддæр æй ам, мæнæ нæхимæ, нæ лæппутæ ракъæрццытæ кодтой...

– ???

Æмæ мын æй уæд радзырдтой:

– Ацы Алыксандр йæ тæккæ лæппуйæ куы уыд, уæд уарзта алагираг чызг Джыккайты Зарæйы. Уыцы Зарæ та уыдис Хуымæллæджы Цæлойты хæрæфырт. Йæ фылдæр рæстæг-иу уыдонмæ æрвыста. Уæд Дзасохы-фырт куыста Дзæуджыхъæуы фæскомцæдисы горкомы фыццаг секретарæй, махæн нæхи хъæуккаг Гугкаты Созыр та горæты районтæй иуы секретарæй. Хъæуы йæ фыды хæдзар та уыдис Цæлойты тæккæ фарсмæ. Уæдæ мæ уарзон чызджы Созыры руаджы фенон, йемæ аныхас кæнон, зæгъгæ, иу фæссихор иумæ Хуымæллæгмæ æрцыдысты.

Созыры мад Верæ уæд уыдис хъæуы партионты раздзог. Уыцы мæгуыр азты уымæн иннæ адæмæй уæлдай йæ гæнæнтæ хуыздæр уыдысты. Дзæбæх фынгтæ сын æрæвæрдта, цæхæраджынтæ сын скодта.

Ахæм уазæгимæ абадынмæ, сбуц æй кæнынмæ Созыр бадзырдта Галазты Æхсарбегмæ, уæд ма уый ахуыргæнæгæй куыста, йæ иннæ хæлæрттæ Æлбегаты Раман, Цæлойты Чермен æмæ Бедойты Котикмæ. Иучысыл куы абадтысты, уæд культурæйы Хæдзарæй Æхсарбегмæ сæрвыстой, æнæ дæуæй, дам, нæ репитицийæ ницы рауайдзæн, Чермены ролы хъазыд. Йæхи ракуырдта æмæ куы рацæйцыд, уæд Дзасохы-фырт йæ фæдыл кæртмæ рахызт, базонгæ, дам, уæм, дæ кой, дам, дын хъусын. Æмæ кæрæдзимæ уæд фыццаг хатт сæ къухтæ радтой.

Фæстæмæ куы баздæхт, уæд фынджы хистæр уазæджы цæрæнбоны тыххæй сидт рауагъта, нуазæн æм радтой, стæй сæ чидæр фæндон бахаста, цæмæй, дам, уал кæртмæ иучысыл акæсæм. Цæхæрадоны бæлæсты бынмæ рацыдысты. Ныр уым та саудалынг, сыфтæрты æхсæнæй, дам, æрмæст иугай стъалытæ

зындысты. Фысымæн куыд æмбæлдис, афтæ Раман фадхъултæм футæг кæрдæджы цыдис разæй, цалынмæ йын фæсте чидæр йæ къах нæ бакъуырдта æмæ уый иуварсмæ нæ фæцудыдта, йæ урс-урсид хæдоны фæдæлгоммæ, уæдмæ. Зæххыл хуысгæйæ ма цæхгæр фæзылд, чи мæ хынджылæг кæны, уый базонон, зæгъгæ, фæлæ уыцы талынджы цы фендзынæ.

Котик æм фæцырд, фæлæ та уымæн дæр чидæр фæсте йæ къæхтæ бакъуырдта, æмæ та уый дæр размæ бахауд, æцæг ын Раманæй хъауджыдæр бантыст, чи йæ ныццавта, уый фенын – Гугкаты уазæг. Фæгæпп æм ласта, хафт-хафтæй йыл ралæууыд, футæджы астæу æй сфæлдæхта, йæ урс костюм ын схъулæттæ кодта, йæ сырх галстук ын ратыдта. Бæстæ хъæр-хъæлæба сси, домбай Раман дæр æм лæбурдта, фæлæ сын æй хæдзары æфсин Верæ сæ бынæй скъахта, уазæджы хатыр, дам, ын бакæнут, æвæццæгæн, дам, ын хуымæллæггаг хъарм арахъхъ нæ батади...

Уæдæй фæстæмæ Дзасохы-фырт Хуымæллæджы йæ къах дæр никуыуал æрæвæрдта...

Цæлойты рæсугъд хæрæфыртимæ сæ хъуыддаг нæ сырæзт. Цæуылнæ, уый нæ зонын...

Фæлæ мæнæн мæхицæн уый цымыдисаг хабар уыд æмæ йæ æз мæхæдæг базыдтон. Мæ кæддæры æмкъласон Цæлойты Риммæ дын мæ курдиатмæ гæсгæ уыцы Зарæйы Дзæуджыхъæуы сæхимæ æрбахуыдта. Фæбадтыстæм, фæныхæстæ кодтам.

– Ныртæккæ йæ адæм иууылдæр Алыксандрæй зонынц, фæлæ махæн, йе ‘взонджы бонтæ кæимæ арвыста уæртæ Алагиры, уыдонæн Шуриккæй баззад. Уый йæ фæсном уыд, æндæр номæй йæм уæд искуы исчи сдзырдта, зæгъгæ, æз уый нæ хъуыды кæнын. Шурик æмæ Шурик. Скъолайы ахуыр кодтам иу рæстæг. Уæлдай хæлардæрæй цардыстæм мах æртæйæ – æз, Хъайтмазты Геор æмæ ацы Шурик. Сæ дыууæ дæр мæ уарзтой, уый æз, кæй зæгъын æй хъæуы, æмбæрстон, фæлæ уæд мæнæн, æхсæрдæсаздзыд чызгæн, мæ зæрдæмæ тынгдæр цыдисты, математикæ бирæ чи уарзта, чи йæ зыдта, мæнæн дæр ма-иу æххуысхъом чи уыд, сæйрагдæр та турникыл «солнце» чи кодта, ахæм лæппутæ. Сæ ахæмтæй иу уыдис Геор дæр, Шурик та кæцытæм хаудта, уый дын уал азы фæстæ дæр нæ зæгъдзынæн, æрмæст уарзта дзурын æмæ дзурын...

Скъола иу аз каст фестæм æмæ æз Мæскуымæ ацыдтæн, адон та дыууæйæ дæр равзæрстой нæхи хæххон-металлургон

институт. Иу уаты цардысты, æмæ æз æнхъæлдтон, сæ иу дæр æмæ иннæ дæр кæрæдзимæ æфсымæры зæрдæ дарынц, зæгъгæ, фæлæ...

Мæнæ фыццаг каникулты куы ссыдтæн, уæд сын сæ институтыл мæ фæндаг ракодтон æмæ уым дуармæ иу лæппуйæн ныллæгъстæ кодтон, зæгъын, Хъайтмазты Геормæ мын бадзур ахæм æмæ ахæм аудиторийæ. Геор нæ, фæлæ мæм Шурик куы рацæуид. Бацин мыл кодта, стæй дын мын æвиппайды афтæ:

– Раздæр мæн цæуылнæ бацагуырдтай? Геор мæнæй цæмæй хуыздæр у?

Фæхъыг мын сты йæ ныхæстæ, фæлæ йæм мæхи баурæдтон, æцæг фæстæмæ фæзылдтæн. Ме ‘рбацыд мын уæд уый Георæн хъæр дæр не скодта. Фæстæмæ Мæскуымæ куы здæхтæн, уæд мæм Геор вагзалмæ æрбацыд, фыццаг хатт мын мæ русæн апъа кодта, æмæ æз, мидæмæ куы баздæхтæн, уæд ма фырæфсæрмæй мæхи цы фæкодтаин, цыма уый иууылдæр федтой, адæммæ комкоммæ кæсын дæр нал уæндыдтæн...

Уый фæстæ цы зымæг скодта, уæд та каникулты нæхимæ цыдтæн. Куыддæр Курскы вагзалы вагонмæ бахызтæн, афтæ Шурик мæ уæлхъус алæууыд. Куыд рабæрæг, афтæмæй мæ хъахъхъæдта, базыдта кæд цæудзынæн, цæмæй æмæ цы афон. Æз уæллаг тæрхæгыл хуыссын, хæрдмæ мæм кæсы, хинхудт кæны:

– Ну, что, Зарæ? Какое решение ты приняла? Уже время...

Æз ын цалынмæ исты дзуапп раттынмæ мæхи цæттæ кодтон, уæдмæ та уый фæразæй:

– Что тебе Кайтмазов? Я тебе уже говорил: Кайтмазов ничем не лучше меня. Ты хорошо подумай...

Хъыг та мын уыдысты йæ ныхæстæ æмæ йын загътон:

– Шурик, бацархай, цæмæй ацы темæйыл не ‘хсæн ныхас мауал рауайа...

Поезд куы араст, уæд уый тæхгæ-тæхын агæпп ласта. Раст зæгъын хъæуы, уæдæй фæстæмæ нал фæзынд, фæлæ нын Георимæ чындзæхсæв куы уыд, уæд æрбацыд. Хуызисæг дæр ма мын æй скодтой...

Уæдмæ Геор йæ ахуыр фæцис, арвыстой йæ Кировобадмæ, æз дæр йемæ ацыдтæн. Фæндараст зæгъынмæ нæм Шурик дæр æрбацыд, цыдæр æнахуыр кæстытæ мæм кодта, мæнæ хатгай нæлгоймаг сылгоймагмæ куыд фæкæсы, афтæ. В общем, делал

мне знаки внимания. Йæхи ныммæгуырхуыз кодта, æз загътон, ныртæккæ йæ цæссыгтæ рахъардзысты. Афтæ зæгъы, сымах дæр цæут, ам мæ иунæгæй уадзут. Фыдхуыз, фыдуынд, фæлурс. Фæстæдæр нæм-иу йæ кой куы рауад, уæд-иу мæ цæстытыл ахæмæй сыстад.

Къорд азы фæстæ нæхимæ æрбаздæхтыстæм, кусын райдыдтон хъæууон-хæдзарадон институты æмæ мæ иу хатт Мæскуымæ арвыстой сæрмагонд ахуыртæм уымы политехникон Музеймæ. Бацыдтæн уырдæм. Дыккаг уæладзыгмæ схызтæн, уым та стыр зал уыдис, бирæ фæсивæд дзы... Кæсын, æмæ трибунæйы нæхи Шурик лæууы, дзуры. Куыд рабæрæг, афтæмæй уæдмæ сси фæскомцæдисы ЦК-йы Азийы æмæ Африкæйы фæсивæдимæ бастдзинæдты комитеты сæрдар Турсун-Задейы хæдивæг. Йæ ныхас куы фæцис, æддæмæ куы рацыд, уæд дзы мæхи куыд бамбæхстаин... Бацыдтæн æм, бацин мыл кодта, кæддæрау та мæм алырдыгæйты ракæс-бакæс систа, йæ мидбылты та арæх худти, стæй загъта:

– Зарæ, давай в 17 часов встретимся у Красных Ворот. Поговорим.

Æз мæ фысымтæм куы раздæхтæн, уæд мæ мадыхо Мадусяйæн Шуриччы фæндоны тыххæй радзырдтон æмæ дын мын уый тызмæгæй афтæ:

– Ма ацу! Мæнæ ныртæккæ телефоны хæтæл сисдзынæн æмæ дæ Георыл сардаудзынæн...

Кæйдæр загъдау, мæхи та цæмæндæр фæндыдис, цæмæндæр ын тæригъæд кæнын райдыдтон...

Ууыл дæр та азтæ аивгъуыдта. Иу фæссихор аудиторийы бадын æмæ мæм бадзырдтой залмæ, дам, ма рацæуæд, обкомы фыццаг секретарь нæм æрбацыд. Ома, Шурик. Куы мæ ауыдта, уæд ныддис кодта:

– Зарæ, кæм фесæфтæ, куы нал дæ уынын?..

Нæ ректор Къозаты Георги йын афтæ зæгъы, уый, дам, нæ ахуыргæнджыты хуыздæртæй иу у, сылгоймæгты Советы сæрдар, парткомы уæнг. Иу дзырдæй, тынг мæ феппæлыд. Уæд ын Шурик афтæ:

– Мах кæрæдзи рагæй зонæм, Алагиры иу рæстæг ахуыр кодтам...

Цалдæр боны фæстæ мæм иу райсом мæ кабинетмæ ректоры чызг-секретарь æрбазгъордта:

– Тагъддæр, тагъддæр... уæртæ дæм обкомæй дзурынц, телефоны хæтæл стъолыл æвæрд...

Систон æй æмæ – Шурик. Мæнæ куыд вæййы, афтæ рафæрс-бафæрс, стæй дын афтæ:

– Фæнды мæ, мæхиуæттæн фæйнæ дзæбæх бынаты куы скæнин, уый. Стæй мæ фарсмæ куы уаис, уый дæр... Финанстæм ницы бар дарыс? Уæд дæ ардæм ракæнин...

Зæгъын, фаг сæ нæ зонын, куы нæ сарæхсон. Кæмдæр мын æхсызгон уыдис, кæй ма мæ ‘рхъуыды кодта, йæхиуæттæй мæ кæй банымадта уал азы фæстæ дæр ма. Æцæг мæ мой Геор, йæ хæлар кæй хуыдта, уый куы фæзиан, уæд нæм не ‘рбацыд, фæлæ уый фæстæ Сæрибары фæзы æнæнхъæлæджы амбæлдыстæм æмæ мын афтæ зæгъы, зианы хабар, дам, хъусгæ фæкодтон, бацæуын та уæд мæ фадат не сси. Цыма йын тынг хъыг уыдис, йæхи афтæ дардта...

Уый уыдис нæ фæстаг фембæлд. Ныхасмæ дæр æй никуыуал федтон. Уæлдæр дын æй куы дзырдтон, институтмæ нæм æрбацыдис, зæгъгæ. Уæд нын уым нæ къамтæ дæр систой. Иу дзы мæнмæ дæр æрхаудта. Æцæг дзы æз чъылдымыздæхтæй рауадтæн, фæлæ йæм уæддæр хатгай æркæсын æмæ та мæ цæстытыл ауайынц, кæддæр мæ куы уарзтой æмæ нæхæдæг дæр куы уарзтам, уыцы ‘взонджы азтæ. Фæлæ хъысмæттæ афтæ рауайынц, æмæ сын кæй бон цы у... Уæд æй чи зыдта, уыцы дзырдмондаг Шуриккæй ахæм стыр лæг рауайдзæнис, уый...

* * *

Йæ дыккаг фæсном Алыксандрæн уыдис... Пушкин... О, о, Пушкин. Чидæртæ мын дзырдтой, уый, дам, рагон у, фæлæ йæ æз мæхæдæг фыццаг хатт фехъуыстон, уый 1998 азы Президенты бынатмæ æвзæрстытæ куы рамбылдта, уæд... Уæрæсейы тæккæ стырдæр поэт æмæ Алыксандры ном æмæ фыды нæмттæм фæкомкоммæ нæ ирон интеллигенцийы минæвæрттæй чидæр. Æмæ æппæты разæй уый дзыхæй схаудта: «Нæ Президент – Пушкин», зæгъгæ. Кæмæдæрты ма диссаг фæкаст æмæ ахъæр ис, ахæлиу, уæлдайдæр та фыццаг бонæй фæстæмæ бирæ æмæ дæрдтыл куы дзырдта, уæд-иу йæ раныхæстæ урс æмдзæвгæты хуызæн зæлыдысты цавæрфæнды трибунæйæ дæр, гыццыл уа, æви стыр. Фæстæдæр бирæтæ сæхицæн басæтдзысты: афтæ рæсугъд кæй дзырдта, уый сæ фæсайдта.

Адæм æй фæсауыонмæ Пушкин кæй хонынц, уый мæнмæ гæсгæ йæхæдæг нæ зоны, йæ алываре чи ис, уыдон та йын æй хъæр нæ кæнынц, мæнæ куы нал куса, уæд æй æгæр дæр ма фехъусдзæн. Ахæм у царды карз фæтк: лæг бынаты куы нал вæййы, куы ницæмæуал æм фенхъæлмæ кæсынц, уæд æм алцы зæгъынмæ дæр бауæндынц...

* * *

Галазты Æхсарбегæн йæ фæсном уыди **Зæронд**. Сæвæрдтой йыл æй æмдзыхæй цалдæрæй: æрæмбырд сты, бауынаффæ кодтой, ацы ном ын равзæрстой, æмхуызонæй схъæлæс кодтой. Уыцы **цалдæр** уыдысты, Æхсарбег йæхæдæг аргъ кæмæн кодта, бынаты кæй сæвæрдта, йæхæдæг кæуыл æууæндыд, ахæмтæ. Сæ иуты тыххæй Æхсарбег фæстæдæр йæ чиныг «Пережитое»-йы зæгъдзæн, ахæм фæсном ыл чи сæвæрдта, уыдоны раныма йдзæн, алкæмæн дæр дзы ссардзæн, чи сæ цы аккаг у, ахæм тызмæг ныхæстæ.

Уыдон ын йæ рæстæджы раиртæстой йæ иу стыр лæмæгъдзинад: бирæ уарзта, æппæлгæ дзы-иу куы кодтой, уæд: йæ кабинеты, трибунæйæ, уæлдайдæр та фынджы уæлхъус.

Фынгæвæрдтытæ йын арæхдæр кодтой аэропорты дыккаг уæладзыджы, «Депутатская комната» кæй хуыдтой, уым. Мæскуымæ-иу куы тахтис, уæд. Тынгдæр, дæргъвæтиндæр та-иу уырдыгæй куы раздæхти, уæд, Дыккаг бон-иу аэропорты кусджытæ кæрæдзи дзыхæй истой, дысон та, дам, нын æмбисæхсæв Зæронды йæ машинæйы расыгæй батъыстой. Иу цы зоны, уый, дам, иннæтæн дæр æнæ базонгæ нæ вæййы, фæзæгъынц. Ахъæр ис, нæ президент, дам, фæстаджырдæм æвзæр ныхтытæ кæнын райдыдта.

Уыцы цалдæрæн уый уыдис сæ фыццаг къахдзæфтæй иу 1998 азы нæ республикæйы президенты æвзæрстыты агъоммæ. Цы хæрзты сын бацыд Зæронд, уый сæм æгъгъæд нал касти æмæ йæ хъуамæ сæгад кæной, адæмы цæсты йæ бафтауой. Йæ фæсном ын раздæр зыдтой æрмæст сæхæдæг, дзырдтой йæ æрмæст сæхи астæу. Телефонæй-иу куы ныхас кодтой æмæ-иу йæ кой æнæ скæнгæ куы нæ уыдис, уæд. Адæмы æхсæн та йæ дзурын райдыдтой, æвзæрстытæм ма дыууæ-æртæ мæйы куы баззад, уæд:

– Нæ Зæронд ахæм у, нæ Зæронд ухæм у, нæ Зæронд нал бæззы...

Уыдæттæ дзургæйæ сын сæ дзыхтæм кастысты, кæй сардыдтой, уыцы дзырдмондаг æххуырстытæ.

* * *

**Хъусты паддзах** Василий Гонобоблев.

Ивгъуыд æнусы 60-æм азты кæрон уый уыдис нæ республикæйы Министрты Советы сæрдары хæдивæг, Мæскуыйæ æрвыст къуылых лæг. Уæды рæстæг ахæм фидар æвæрд фæтк уыдис: стырдæр хицæуттæй-иу иу хъуамæ уырдыгæй уыдаид. Фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ бирæтæ бафиппайдтой: фынгыл бадтис, зæгъгæ, уæдиу кусарты хъустæй иу хъуамæ уый бахордтаид, æмæ йæ уæд æбæрæг дзыхджын чидæр Хъусты паддзах рахуыдта.

Æз ын мæхæдæг йæ уыцы мийæн æвдисæн уыдтæн 1970 азы фæззæджы астæу. Уæд куыстон фæскомцæдисы райкомы. Уыд нæ районы партион активы æмбырд. Гонобоблев дæр дзы президиумы бадтис. Æмбырды фæстæ мын партийы райкомы фыццаг секретарь Фидараты Мæхæмæт загъта:

– Нæ уазджыты нæ сбуц кæнын хъæуы æмæ немæ рацу, уырдыг нын алæудзынæ...

Нæ ныццыдмæ Зилгæйы хъæугæрон Хуымæллæджы доны был тыртыраг бæлæсты бын фынгтæ цæттæ уыдысты. Мæхæмæт йæхæдæг хистæры бынаты, Гонобоблев йæ рахиз фарс. Абоны хуызæн ма йæ хъуыды кæнын: бæгæныйы æвгтæй чи равдæлон, ахæм хъæдын асыккыл йæхи æруагъта. Сæ бадт талынгмæ ахаста, æмæ шофыртæн сæ машинæты рухсытæ ссудзын кодтой, фынгтæм сæ сарæзтой. Æрæджиау кæддæр Мæхæмæт нуазæн æмæ кусарты хъус кæстæртæм куы алæвæрдта, уæд æз та Гонобоблевмæ кастæн, цымæ, зæгъын, дзы цы радзурынц, уый ам дæр бакæнид.

Бакодта. Цырд фестад, цы асыккыл бадти, уый фæстæрдæм афæлдæхт, галиуæг уыдис, уый нæ базыдтон, фæлæ кард йæ галиу къухмæ райста, фысы сæр йæхирдæм фæзылдта æмæ йæ иннæ хъусыл æруагъта. Уал азы фæстæ дæр ма мæ цæстытыл фæуайы, Мæхæмæт йæ рахиз амонæн æнгуылдз йæ былтыл куыд авæрдта, уый. Ома, мачи уæ мацы сдзурæд, цыма æппындæр ницы федтат, афтæ уæхи дарут. Уæдмæ Гонобоблев хъус дыуæ æнгуылдзæй нурыдзæхдоны ныттылдта...

* * *

**Беккуызары-фырт – Къантрол**

Таймураз куыста Рахизфарсы районы адæмон контролы комитеты сæрдарæй. Бæрзонд, хæрзконд лæг уыдис. Хæсты ветеран, бæзджын, хæрзфаст сæрыхъуынтæ йын. Бакæс æм, уæд хæларзæрдæ адæймаджы каст кодта, мидбылты худаг, хъазæн ныхасгæнаг.

Æцæг йæ куысты та уыдис домаг, тызмæг, куыстуæттæм æмæ организацитæм-иу бæрæггæнæг ацыд, зæгъгæ, уæд сын-иу сæ хъæндзинæдтæ хурмæ ракалдта. Тарстысты дзы разамонджытæ. Уыдонæй сæ алкæмæн дæр, Къантрол кæм куыста, уым уыдис йæхи хæрзгæнæг æмæ-иу уый бынатмæ нæма бахæццæ, афтæ-иу телефонтæ скуыстой:

– Къантрол уæм фæцæуы. Уæ гогыз цæттæ у?

Уый уыди йæ лæмæгъдзинад – гогызы дзидза, уæлдайдæр урс гогызы дзидза уарзта, уый фæрцы-иу ын ссардтой фæндаг йæ зæрдæмæ. Хорз-иу фæбадтис, хорз-иу фæнызта æмæ фæхордта, стæй-иу æрæджиау кæддæр-уæддæр хъуамæ загъ-таид, æнæмæнг уырыссагау:

– Мне у вас понравилось, мы еще придем...

Æмæ-иу фысымтæ зыдтой: тынг сæ нæ бафхæрдзæн. Фæс-тагмæ-иу хатгай хъуамæ зарæг дæр систаид:

Ой, мороз, мороз,
Не морозь меня...

Арæх-иу æппæлæгау ракодта, хæсты, дам-иу, ацы зарæг акъоппы систон, зæгъгæ, уæд, дам, мæм-иу немыц дæр æры-хъуыстой, кæд-иу атакæйы цæуынвæнд кодтой, уæддæр-иу æй фæстæдæрмæ аргъæвтой, се ‘хсын-иу ныууагътой. Фронты, дам, дзы зарæджы тыхæн æмбал нæ уыдис.

Иутæ-иу Къантролыл æууæндыдысты, иннæтæ – нæ, æрмæст-иу сæ мидбылты бахудтысты.

* * *

Мæ фыццаг редактор ТАУТИАТЫ УМАР, уæздан, мидбыл-ты худаг, цæрдæг лæппу-лæг, дзургæ-дзурын æнæхъуаджы арæх пайда кодта нæ дзырдуаты фæлмæндæр дзырдтæй иу – табуаф-сийæ. Кæм хъуыди æмæ кæм нæ хъуыди, уым дæр та-иу æй фæтъыста. Йæ бирæ хæлæрттæ, партийы райкомы кусджытæ, суанг хуымæтæг газеткæсджытæ дæр, цыма уымæн йе ‘цæг ном

сæ сæрæй атахт, уыйау-иу, телефонæй редакцимæ дзургæйæ, хъуамæ загътаиккой:

– Табуафси йæ бынаты ис? Ныхасмæ нæ хъæуы...

– Райсом дæс сахатыл райкомы бюро уыдзæн. Табуафсийæн зæгъут, æнæмæнг, зæгъ, æрбацæуæд...

Иу дзырдæй, уыцы дзырд куыдфæстæмæ йæ фæсном сси. Иу хатт ын республикæйы газеты кусджыты радон семинары партийы обкомы мыхуыры Комитеты уæды хицау Саламты Барис бауайдзæф кодта:

– Это слово – табуафси – сорняк в твоей разговорной речи. Искоренить его следовало бы...

Умар архайдта, фæлæ йын бынтон нæ уади, цалынмæ йæм иу хатт чидæр бафхæрынæй нæ бартхъирæн кодта, уæдмæ. Уый та мæнæ афтæ уыдис...

Сæрды астæу Умары дыууæ мæйы æмгъуыдмæ цæуын хъуыд Мæскуымæ Уæлдæр скъолайы редакторты радон ахуыртæм. Райсом цæудзæн, зæгъгæ, афтæ мæм йæ кабинетмæ басидт:

– Баззайдзынæ мæ бæсты. Райком дæр æй зоны. Ме стъолыл, дæу чи нæ хъæуы, ахæм гæххæттытæ бирæ уыд æмæ дзы иутæ чыргъæды хай бакодтон, мæнæ мын кæцæйдæр иу æрдæгфыст очерк рахаудта æмæ йыл æз ныртæккæ абаддзынæн, йæ кæронмæ йын бафтаудзынæн. Мыхуырмæ та-иу æй дæхæдæг радт...

Ацыдис. Æз ын йæ фæдзæхст сæххæст кодтон, машинкæйы фæстæ йын дыууæ азы æрдæгфыстæй чи фæлæууыд, уыцы очерк бакастæн, иугай рæдыдтæ дзы аирвæзт æмæ сæ сраст кодтон. Тагъд-тагъд æм кæй бафтытыдта, уыцы кæрон мæ зæрдæмæ фæцыд: «Афонмæ та заманхъуйлаг хъæдгæс Мухтар хъæдбынты зилы. Мæргъты базырты пæр-пæрæй, йæ алыварсы дзæнæтон æрдзы уындæй йæ зæрдæ райы, фæнды йæ цæрын, уарзын, аразын...»

Очерк газеты рацыдис дыццæджы. Æртыццæджы нæм Заманхъулæй иу мæсты нæлгоймаг телефонæй æрдзырдта:

– Уæ редактор кæм ис?

Зæгъын, Мæскуыйы, иу-цасдæр нæ уыдзæн.

Ныхъхъус, стæй мæ ноджы мæстыдæрхуызæй бафарста:

– Уый цытæ бакуыстат?

– Цы бакуыстам?

– Цавæр хъæдбынты ма зилы ныр нæ хъæдгæс, дыууæ азы

размæ куы амарди. Афонмæ йæ ингæны къултæ хойы, мæгуыр, лæбурынмæ уæм цæудзæн, кæдæм ын ирвæздзыстут...

Æз ын уæзданæй загътон:

– Мæнæ йæ ныффыссæг Мæскуыйæ куы ссæуа, уæд-иу ын йæхиимæ ныхас кæнут...

Ссыд Умар. Заманхъулмæ дæр уый сыхъуыст, уыцы мæсты лæг та телефонæй æрдзырдта:

– Дæ хъæу дæм фæхæрам сты. Нæ мардæй нын фæхынджылæг кодтай. Иу хатт дыл хицæн ран куы фæхæст уон, уæд дæ фæхты над фæкæндзынæн, уый зон. Ныр та цæуын æмæ дæ хъуамæ судмæ радтон...

– Табуафси, фæлæ...

Мæсты лæг Заманхъулы телефоны хæтæл куыд æртъæпп ласта, уый мæм фехъуыст.

Зæгъын, Умар, уый цы бакуыстай. Уый афонмæ æнхъæлы, цыма дæуæн уæлдай нæу, нæмгæ дæ фæкæна, æви дæ судмæ радта. Йе 'ртхъирæн ныхасмæ йын табуафси, зæгъгæ цæмæн загътай? Ацу æмæ семæ баныхас кæн, дæ хъæубæстæ куы сты...

Уыцы бонæй фæстæмæ Умар мæ цуры дзырд «табуафси» никуыуал загъта, фæлæ йын уæддæр фæсномæй баззад.

* * *

Фæснæмттæ дæр дуг æвдисæнтæ сты.

Мæнмæ гæсгæ, нæ абоны чиновниктæ, сæ размæ чи уыд, уыдонæй бирæ зыддæр æмæ гæдываддæр сты, сæхи мæт фылдæр кæнынц, сæхи пайдайæн тынгдæр архайынц. Уый адæм уынынц, сæ цæсты дзы бирæтæн кад нæй, худынц сыл, мысынц сыл алыхуызон фæснæмттæ.

Зæгъæм, нæ уæлдæр хицауадæй иуæн радтой мæнæ ахæм дыккаг ном – Мæну, ома, йæхи бакодта цалдæр зæххы хайы, цалдæр фатеры, цалдæр дуканийы. Хæлоф кæны: ай дæр мæн у, уый дæр мæн у... Иннæйы хонынц Пусть подождет. Искæмæ йæхимæ нысангонд сахатмæ бадзуры, уый æрбацæуы, фæлæ йын йæ секретарæн фæзæгъын кæны:

– Пусть подождет...

Уыцы дыууæйæн се 'цæг нæмттæ, стæй ма бирæ кæйдæрты тыххæй, Хуыцауы фæндæй, уыдзæн мæ иннæ ахæм уацау...

*Февраль, 2015 аз.*

# НОГ НОМ



*ХОЗИТЫ Агуындæ*

*Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы*
*5-æм къласы ахуырдзау*

## МÆ РАЙГУЫРÆН БÆСТÆ

Мæ уарзон Ирыстон – мæ Райгуырæн бæстæ,
Зæххыл мын дæ буц номæй адджындæр нæй!
Дæ рагон фыдæлтæ – алантæ, сæрмæттæ, –
Сæ фарнæй дæ хизæнт бæллæхæй, фыдæй.

Æппæтæй сыгъдæгдæр – дæ цъититы дæттæ, –
Тæхуды, тæхуды, дæ дойны сæ суадз!
Цъæх тæмæнтæ калынц дæ нæзыджын хъæдтæ,
Дæ уæлдæф мæ сонт удæн фесты æвдадз.

Мæ уарзон Ирыстон, дæ кадмæ бæлдзынæн,
Мæ сæрмæ нæ хæсдзынæн худинаг æз.
Мæ зæрдæйы зарæг дæ фарнæн кæндзынæн, –
Куы бафидин, гъæй-джиди, искуы мæ хæс!

*ÆЛБОРТЫ Петр*

## РÆСТÆГ

Мылаз рæстæг, æгъгъæд рæвдау æлдæртты.
Мæнгард – парахат, хиндзинад – сæ туджы.
Рæсты уидаг куы суадзы тау кæмдæрты,
Уæд æй къæрныхау атухыс дæ хъузджы.

Мылаз рæстæг, кæрдыс гуырдзæй, бындзарыл, –
Фыдæй-фыртмæ гæвзыччы хай – нæ амонд.
Фыддуджы халон нал уасыд нæ мардыл, –
Фæлæ ныр та... Нæ фарн цы фæци абон?

Мылаз рæстæг – æд сау рынтæ, æд хæрзтæ...
Дæ хорзæхтæй нæ барæвдау рæдау...
Дæуæй нæ цардæн курдзыстæм фæрæзтæ,
Кæд ныл фæзынид фисткалгæ куыдзау.

*2015, июнь*

## ДЫУУÆ ФÆНДАДЖЫ

Дæ иу æхстæй тæрхъус тæрхъусмæ ма ‘фтау
Гæпдугъæй хæрды, иннахæм – тæссармæ.
Ныддаргъ ысты сæгъхъис хъуынæй тын уæфтау
Дыууæ фæндаджы ‘взонг бонты мæ размæ.

Сæ иуыл дæр нæ ахызтæн кæронмæ,
Мæ къахвæд-иу тæбын халау ныссуйтæ.
Тындзгæ цыдæй нæ хъæцыдтæн ысбонмæ,
Мæ монц-иу авгау талынджы ныммуртæ.

Кæдæй уæдæй ныр бамбæрстон зæрырдæм,
Куыд хивæнд уыди сонт рæстæджы зæрдæ...

*ГАДЖИТЫ Барис*

## ЗÆРОНДЫ ÆРФÆНДЫ

Зæронд лæгæн йæ афтид дыс йæ ронбасты,
Афтæмæй хурварс бады.
Лæппутæ хъазынц йæ цуры,
Сæ уис-бæхтæ уадзынц дугъы.
Хардз кæнынц ууыл сæ тыхтæ, æхситтытæ систой...
«Ехх, æвæдза! –
Ысдзуры, – куыд ницæйаг цард кодтам раджы,
Никуы ыскодтон лæппуйæ чындзæхсæвмæ цухъхъа.
Цард мæ афтæмæй батыдта.
Хафтон æххуырстæй.
Хæсты баззад мæ цонг.
Цы ма дзы баззадис ме уæхскыл,
Уый дæр бахус мæ удимæ...»
Лæппутæ уайынц сæ уисын бæхтыл...

## БÆХ ЛАСЫ

Бæх ласы йæ хъысмæты халау
Уæззау æфсæр дзоныгъ.
Уазал хырыз мит фæхауы фæйнæрдæм,
Æмæ халон фыртæссæй ныууасы.
Нæ хъулон къæбыла
Мæ размæ æрбатæхы хъазгæ
Фæндагæн йæ иувæрсты.
Æз, бæх æмæ къæбыс кæрæдзи тынг уарзæм.
Ысуæгъд кодтон бæхы,
Æмæ дын æвиппайды феддæдуар кæртæй.

Урс митыл афæлдæхт урс бæх, –
Найы йæхи,
Нæ къæбыла ил-лæ-лæй систа йæ митæм.
Бæх – мæ зæронд, фæлтæрд æрдхорд –
Уый рæйын мурмæ нæ дары,
Йæхицæн куы иуырдæм атулы,
Куы иннæрдæм
Арф æнæфæд митыл.
Мит та ноджыдæр уардзæн...

*НОГЪАЙТЫ Хазби*

## МАДЫ МЫСГӔЙӔ

Мæ зæрдæ суынгæг вæййы, дуды, –
Дæ мадæн акæн, ехх, лæггад!
Уæддæр ма иунæг хатт, тæхуды,
Йæ фæлмæн хъæбысы фæбад!..

Фæцарди сыхбæсты рæстудæй,
Уыди йын адæмы ‘хсæн цыт,
Æмæ йын дидинты рæсугъдтæй
Дзæбæх ысфæлыстой йæ цырт.

Нæ уыд кæрон йæ маст, йæ зынтæн, –
Кæйдæртау, фадатджын нæ уыд,
Фæлæ-иу – «Бахæрон дæ рынтæ!» –
Уыди фæлладæй дæр йæ дзырд.

Хъæбулæн мадæй нæй зынаргъдæр, –
Уæд – й’ армы хъарм æмæ лæгъз дзырд?!
Фæлæ цæуылнæ ‘мбæрстон раздæр,
Кæй мын уыд йе схуыст дæр рæвдыд?!.

*САСИАТЫ Ислам*

## ЗÆХХОН ÆЛХЪЫВДАД

Зæххон æлхъывдад, арæх дæ тыхсын,
(Ды бакодтай Ньютоны дæр адзалмæ),
Мæ сæнтты арæх стъалытæм тæхын, –
Ды та мæ ‘лвасыс авддæлдзæхы тармæ.

Мæ сæнтты уалдзæг нал æрттивы ныр,
Фыдвæззæг мыл йæ уазал ирдгæ ‘ндзары.
Фæлæ йæ зон – мæ бæллиц у ыстыр, –
Нæ бадын æз фæныкгуыйзау хæдзары.

Куыстæфхæрд къухтæ, баихсыд сæ царм, –
Фæллад зæрдæ та зарджытæм æхсайы.
Куыд ныууадзон фыдæлты уæзæг ам, –
Æнусон цъити судзгæ риуы тайы.

Зæххон æлхъывдад, арæх дæ тыхсын,
Æрмæст æнæ дæу а дуне цы фæуид?!
Мæ сæнтты арæх стъалытæм тæхын...
Фæлæ æнæ дæу къах зæххыл нæ цæуид.

## ХÆХТЫ МАЛУСÆГ

*Токаты Алиханæн*

Малусæг салд зæххы гуыдыртæ атыдта,
Зæрдæтæ цинæй – æфсис.
Уалдзæджы минæвар зымæгыл бафтыдта
Катайтæ, дистæ, фæдис.

Ноджы фæсхохæй бæлццон дымгæ ‘рабдымдта
Уымæ сырхмæтæджы тæф.
Малусæг хæхтыл æрвон хæрздæф байтыдта
Сатæг сæрдыгон æхсæв.

Басидти уадымсмæ: «Радым нæ хъæпæнтыл,
Стайа нæ дæттæн сæ салд.
Уадз æмæ анхъæвзой митæйдзаг тъæпæнтыл
Уалдзæджы цин æмæ зард».

## ХЪАРÆГ СОМЫЛ

Ды кæддæр уыдтæ сызгъæрин,
Дунетыл дæ кой ныхъхъæр и.
Фæлæ заманты фæлхæрттыл
Ды ысдæ мæгуыр, гæххæттын.
Хорз уыдтæ кæддæр, нæ бур сом,
Кодтам дæ æдзухдæр сихор.
Фæлæ дугивæнты дугъты
Дарддæр нал фидыдтай къухты.
Раивтам дæ уæд æндæрæй,
Ног сом нын ысдæ ызгъæрæй.
Æмæ чи барухс дæ кондæй?
Уайтагъд рахаудтæ бæрзондæй.
Нал дæ цæуы абон дон дæр,
Скодта дæ йæ быны доллæр!
Сисынмæ нæ бæззыс зæххæй, –
Чи дæ бахиздзæн бæллæхæй?!
Цæй æмæ дæ найæм нефты,
Фæлæ уый нæ къухы не ‘фты.

## КУЛЬТУРÆ

Сценæйыл – сау лæппу, фистсæр,
Ихсыд, æмпъызтытæ джинсты.
Йе ‘фцæгыл ауыгъд гитарæ:
Алкæд – йæ къæбæр, йæ дарæг.
Тъизы йæ гитарæ, тъизы:
(Масты тых бацыд йæ хъисты).
Уалынмæ сау лæппу, фистсæр
Зарæг кæуындзæгæй систа:
«Раздæр уыдтæн æз культурæ,
Аллайаг – абон, халтурæ.

Иудадзыг царды – фæрæзхъуаг.
Искуы куы фæуон æвæстаг.
Аивад адæргъ и, бабын.
Адæргæй актер – æррабын.
Нал фыссы уацмыс нæ фыссæг,
Алы ‘хсæв уый у æгъуыссæг.
Нæй йын йæ чиныг æлхæнæг,
Хъуамæ йæ райса йæхæдæг.
Ратыхсы арæх нывгæнæг:
Дарддæр цы уыдзæн, цы гæнæг?
Афтид æдзухдæр йæ рифтаг,
Культурæ абон – къуыввиттаг.
Цард ныл куы рахатти хинæй,
Культурæ нал хъæуы никæй».

# ТУГЪАНТЫ БАТЫРБЕГ: 150 АЗЫ



*Хозиты Яков арæхсти тæлмац кæнынмæ дæр. Мыхуыр ын кæнæм Тугъанты Батырбеджы радзырд «По адату»-йы тæлмац, 1934 азы рацыди журнал «Ног талатæ»-йы дыккаг чиныджы. Редакцимæ йæ Дзæуджыхъæуы Центрон библиотекæйæ æрбарвыста Хуытъиаты Зоя.*

*ТУГЪАНТЫ Батырбег*

# ÆГЪДАУМÆ ГÆСГÆ

*Радзырд*

– Уæддæр та кæугæ кæныс, нана? Афон ын у ферох кæнынæн, – загъта Хæларты Фацбай, йæ зæронд мады рæзты бæрзонд къæсæрыл, мæ къахæй йæ ма скъуырон, зæгъгæ, сабыргай хæдзармæ хизгæйæ. Мад къæсæрыл бадтис æмæ рæтыдта фæсмын дзабыртæ.

– Куыд ын ис ферохгæнæн?! – кæуынхъæлæсæй дзуапп радта уый. Йæхæдæг йæ цæстытæ доны разылдта æмæ, Фацбаймæ мæсты каст скæнгæйæ, йæхи дуары тарвазырдæм балхъывта, цæмæй йын фæндаг ратта.

– Афон у, афон, ферох кæнынæн... Хæринаг цæттæ дæм ницы ис? Тынг сæххормаг дæн... Бафæлладтæн хъæды... Дыууæ уæрдоны ныццагътон уис, – дарддæр Фацбай йæ ныхас кодта хæдзары, уым къонайы бакомкоммæ даргъ бандоныл æрхуыссыд æмæ йæхи аивæзта, афтæмæй.

Мад, хæдзарырдæм чъылдымыздæхтæй бадгæйæ, цыдæртæ бахъуыр-хъуыр кодта, фæлæ йын йæ дзырдтæ Фацбай не ‘рыхъуыста.

– Дæ кæрдзын цæттæ нæма у æви? – бафарста йæ Фацбай, йæ къухтæ йæ ныværзæны бакæнгæйæ æмæ йæ цæстытæ æрцъынд кæнгæйæ.

Мад æнæдзургæйæ сыстади къæсæрæй, йæ раздарæн ацагъта æмæ хæдзармæ бацыд.

Дуары бакомкоммæ рæбинаг къулы æмдæргъ арæзт тæрхæджытыл амад уыдысты джиппæйфыст хъуымацæй æмбæрзт хуыссæнтæ. Зæронд ус æмбæрзæныл схæцыд æмæ хуыссæнты дыдагъы атъыста, цы дыууæ дзабыры рæтыдта, уыдон. Уый фæстæ, йæ цæстытæ æмæ цæстысыгæй хуылыдз цæсгом йæ дынджыр сау кæлмæрзæны къабазæй сæрфгæ бараст и къæбицы ныллæг дуарырдæм.

– Куыд æй хъуамæ ферох кæнон! – кæуынхъæлæсæй дзырдта уый, йæ фырты рæзты цæугæйæ. – Мады зæрдæ никуы рох кæны.

Къæбицæй сасиры мидæг ссад рахаста æмæ, къонайы фæстæ цы уæрæх арынг лæууыд, уым æй балуæрста.

Фацбай йæм йæ сæр разылдта æмæ йын дисгæнгæ касти йæ мимæ.

– Цы кусыс уый?.. Кæрдзын кæнынмæ хъавыс?

– Куыд уыныс, афтæ.

Фацбай йæхи сæргъуывта æмæ бандоныл сбадти.

– Кæс ма уымæ! Цавæр накъазан у уый! – зæгъгæ, фæхъæр кодта. – Кæрдзын дæр ма не скодта!.. Райсомæй нырмæ дæ, æвæццæгæн, кæуынæй нæ равдæлдис. Йæ мард фыртыл æхсæз азы кæуы, æгас чи у, уымæн та хæринаг скæнын дæр рох кæны. Худинаг у æппынфæстаг: иннæтæй никæй хъæбул амæлы æви? Æмæ уыдонæй æппынæдзух исчи кæуы?

– Амæлы, амæлы, мæ хуры хай. Æмæ æз дæр, мæ фырт амард, ууыл нæ кæуын, фæлæ ууыл, æмæ йæ маргæ ачынд. Мæлгæ не 'ппæт дæр кæндзыстæм. Уый Хуыцауы фæндон у. Фæлæ иу æвзæры къухæй амæл æмæ дын дæ туг райсæг дæр ма уæд, уæд уый, мæ хур...

– Æмæ сæ куы райстам нæ туг, нана: марæджы паддзахы закъон куы бафхæрдта.

– Закъон... Цы у закъон! Адæм мæнгæй нæ фæзæгъынц, паддзахы цæф нæ риссы, зæгъгæ. Æмæ раст у: паддзахы закъон зæрдæ нæ цæвы. Бæрæг у – тых у... Куы зæгъын – тых æм бирæ ис... Æмæ цы дæ бон у йæ ныхмæ? Фæлæ дæ дæхи æмсæр куы нæма, уæд уымæй та зæрдæ риссы... Æфхæргæ закъон нæ кæны, фæлæ – адæм... Дæхи хъахъхъæнын куы нæ зонай, кæнæ дæ куы ничи тæрса, уæд уый зон, æмæ дæ бахсындзысты... Бахсындзыс-

ты дæ бынтондæр, халæттæ хæдмæл куыд бахсынынц, афтæ.

Йæхæдæг сасир иуварс æрæвæрдта, цуайнагæй кæхцы дзаг дон систа, арынджы йæ луæрст ссадыл æркодта æмæ йæ дыстæ рæмбыныкъæдзтæм бафистæг кодта.

– Закъон... Цы йын уыди Лæбурæджы-фыртæн, закъон æй бафхæрдта, уымæй! – дзырдта дарддæр, хыссæ нæмынмæ бавналгæйæ. – Закъон æй бафхæрдта, фæлæ йын уæхæдæг та цы кодтат?.. Уæдæ Лæбурæджы-фырт куы нæ касти закъонмæ йæхæдæг, йæхи дыууæ къухæй дын куы бафснайдта де 'фсымæры.

– Кæмæн уыдæттæ дзурыс, нана? – мæстыгомауæй фæхъæр ласта Фацбай. – Æвæццæгæн дæ фæнды, цæмæй æз дæр...

– Хуыцау бахизæд!.. Мæн ницы фæнды, – тарстхуызæй æваст фæзылди йæ фыртмæ æмæ йæ къухтæ батылдта.

– Туг райсын æнцон у, фæлæ дзы цы пайда ис?

– Дæ хъуыдыйы дæр ма уæд! Стæй дæ зæрдæмæ дæр мацы хæсс!.. Æз афтæ нæ зæгъын æмæ ды исай туг!.. Иунæг ды ма мын куы баззадтæ... Уадз æмæ иннæтæ... Ай циу, дæ хорзæхæй! – æваст фæмæсты. – Уæ мыггаг цы фæци?! Змæлæг дзы нал ис æви?! Цагъды фесты дæ хæстæджытæ се 'ппæт дæр æви?!.. Æви гыццыл сты?! Нæ, мæ хур... Уадз æмæ уыдон исой... Уадз!.. Худинаг уыдонæн у... Ды мæ иунæг куы дæ. Туг исын æгас мыггаджы хъуыддаг у... Алкæй хæс дæр сæ у... Зоныс... Алкæй... Фæлæ, æнхъæлдæн, уæ лæгтæ сылтæй хуыздæр не сты... Дæумæ йæм кæсынц... Куыд, ома, уæддæр иу мадæй райгуыргæ æфсымæр хæстæгдæр у хъуыддагмæ, зæгъгæ... Æмæ ма мын иунæг ды куы дæ!.. Иунæг!.. Æмбарыс?.. Цы ма кæндзынæн æз, мыййаг дæуæй дæр куы фæцух уон, уæд: Сыбырмæ дæ куы арвитой, кæнæ, цы нæ вæййы, Лæбурæджы-фырт дæ дунейы рухсæй куы ахицæн кæна...

– Охх, нана! – фæхъæр кодта Фацбай, йæ къух ауигъгæйæ. – Сфæлмæцын мæ кодтай дæ ныхæстæй!.. Æгъгъæд у!.. Нæ фæнды нæдæр мæхи... нæдæр искæй бадомдзынæн туг исыныл, – зæгъгæ, хъæддых загъта, бандонæй systad æмæ дуарырдæм араст.

* * *

Кæрты Фацбай уайтагъд бавнæлдта йæ куыстмæ. Хицæн кодта йæ чысыл зæххы гæбаз ног кауæй йæ сыхаджы кæртæй. Михтæ иууылдæр сагъд фесты зæххы, хъуыди ма сæ æрмæстдæр уисæй

сбийын. Уыцы куыстмæ бавналгæйæ, Фацбай ауыдта, йæ сыхаг æм куыд æрбацæйцыд, уый.

– Цы ми кæныс, Хæлары-фырт... уæддæр та... мæ лымæн? – зæгъгæ, йæм бауырдыг йæ сыхаг.

– Цы? – дисгæнгæйæ йæ афарста Фацбай.

– Уæддæр та мын мæ зæххæй давыс?

Фацбай йæ сыхаджы цæстытæм æдзынæг ныккаст, йæ сæр батылдта æмæ, æнæ исты сдзургæйæ, ног бавнæлдта йæ куыстмæ.

– Дæ сæр цы тилыс! Афтæ нæу æви? – зæгъгæ, йæ нал уадзы сыхаг.

– Æмæ мын уæдæ абон райсомæй та чи бацамыдта, михтæ кæм садзын хъæуы, уый? – бафарста Фацбай, йæ куыст фæурæдта æмæ йæ сыхагмæ комкоммæ бакаст.

– Æз.

– Уæдæ ма цы? Уыныс, михтæ, ды кæм загътай, уым къуырд сты, уый?..

– Бацамыдтон... фæлæ фæрæдыдтæн... Ноджыдæр сæ дарддæр садзын хъуыд.

Фацбай æрбаймысыд йæ мады дзырдтæ.

«М-м-м... бахсынынмæ мæ хъавы ацы фаджыс дæр», – ахъуыды кодта уый.

– Мæнæ кæм фæвæййы дæ кæрт... уый æз рæдигæ фæкодтон... – дарддæр дзуры сыхаг.

– А-а! Уæдæ дын ныр райсомæй бахатыр кодтон, зæгъгæ, мын ныр ме 'гас кæрт дæр айсын дæ зæрды ис!..

Сабыргай сæ ныхас хъаугъамæ рацыд æмæ, чи зоны, хылыл дæр банцадаид, се 'ннæ сыхæгтæй сæ хъæрмæ чи 'рбазгъордта, уыдон сæ куы нæ баиргъæвтаиккой, уæд.

Фацбай сабыр кæнын байдыдта, фæлæ йæ сыхаг нал æнцади.

– Фæлæуу, фæлæуу! – хъæр кодта уый, – æз дын мæхи базонын кæндзынæн! Фысау дæ сæргæвддзынæн.

– Уымæй, мæ хæлар, гæды зæгъыс: дæ къухтæ цыбыр сты, – дзуапп лæвæрдта Фацбай.

– Сымах уе 'ппæт дæр фыстæ стут, Хæлартæ... Ды лæг куы уаис, уæд Лæбуратæй дæ туг райсис! Фæлæ ды лæг нæ дæ, фыс дæ.

Фацбай сагъдæй баззад. Уыцы ныхæстæ кардау хызтысты йæ зæрдæйы, æмæ йæ бон нал уыд йæхи бауромын, фæлæ уæддæр æнцад æнæдзургæйæ лæууыд æмæ æнкъуыста йæ сæр.

Уыйадыл æй йæ лымæнтæй иу сразы кодта йæ цухъхъатæ

скæнын æмæ йæ йемæ хъæуы иннæ кæронмæ чындзæхсæвмæ ахуыдта.

* * *

Хъазт уыди йæ тæккæ тынгыл, Фацбай йе 'мбалимæ уырдæм куы ныххæццæ сты, уæд.

Уæрæх кæрты хæдзары фæтæн къулы æмдæргъ рæнхъæй лæуыдысты чызджытæ, сæ уæлæ – алыхуызон нывæфтыд къабатæ. Сæ ныхмæ æрдæгзылдæй лæууыдысты лæппутæ. Чызджытæй иу аивæй кодта тымбыл кафты цæгъдтытæ, лæппутæ сæ армытъæпæнтæй къæрццæмдзæгъд самадтой, астæуæй та фæсивæд къæйттæ-къæйттæй радыгай уæздан кафт кодтой.

Фацбайы æмбал лæппутырдæм бараст, æвиппайды йæхи размæ фæгуыбыр кодта, «хæрдмæ хау!», зæгъгæ, ныхъхъæр ласта æмæ йæ дыууæ къухæй тыхджын нымдзæгъд кодта.

Фацбай йæ нæ бафæзмыдта. Куыдфæндыйы цæстæй касти кафджытæм, йæ дыууæ къухы йæ хъамайы урс фистоныл æруагъта. Йæ сыхаджы хъаугъа, уæлдайдæр та йæ фæстаг ныхæстæ, йæ сæрæй нал хицæн кодтой.

– «Фыс, лæг нæ, фæлæ...» Æ, налат, йе, куыд мæ... – хъуыды кодта Фацбай. – Цымæ мæм иууылдæр ахæм цæстæй кæсынц?! Æвæццæгæн афтæ у... Æмæ уæд цы чындæуа? Куыд ма цардæуа уый фæстæ? Амарын, бæргæ, зын нæу... Мæ туджджынтæй кæйдæриддæр амарин... Фæлæ цæмæн хъæуы уый? Кæй хъæуы? Мæ мард æфсымæры? Молло зæгъы, нæ хъæуы... Уæдæ ма кæй хъæуы? Мæн тынг æхсызгон хъæуы? Цæмæй мæ, мæ мад куыд зæгъы, адæм ма бахсыной?.. Æмæ æз æнæ уый дæр никæмæн бакомдзынæн, цæттæ дæн алкæимæ дæр хæцынмæ. Бафæлварæнт ма...

– Цæй-ма, Фацбай, ракаф-ма ды дæр, – фæдзырдта йæм, йæ фарсмæ цы лæппу лæууыд, уый. Фацбай не сразы, фæлæ йын уыцы лæппу йæ цонгыл фæхæцыд æмæ йæ хъазты астæумæ ракодта.

Уыцы рæстæджы чызджытæй иу рацæйхызт йæ размæ кафынмæ, фæлæ æваст сагъдауæй аззад. Йе 'мбæлттæй йын чидæр æнæбары фæсте йæ фæдджийыл фæлæууыд. Къаба фæцæйыскъуыд, æмæ чызг тарстхуызæй фемдзаст Фацбайы цæсгоммæ, цæхгæр фæзылди æмæ, йæ дзыхы дзаг ныххудгæйæ, адæмы æхсæнты уатмæ балыгъд.

Фацбай йе 'рфгуытæ фæталынг кодта, суанг йæ хъустæм ныссырх æмæ раздæхт йæ бынатмæ.

– М-м... Чызджытæм дæр æлгъ кæсы мемæ кафын... – хъуыды кодта. – Нæ сæ фæнды... Кæс-ма, тæрсгæ дæр ма фæкодта, кæимæ йæ кафын кæнынц, уый куы базыдта, уæд. Фесæфтæн... Амардтæн... Æз уæлхъæдæй мард дæн... Цы кæнон ныр ам? Ацæуын хъæуы ардыгæй.

Цæуон, зæгъгæ, Фацбай йе 'ргом куыд раздæхта, афтæ кæрты æрбацæйцæугæ ауыдта Лæбурæджы-фырты – йæ туджджын знаджы. Фацбайы зæрдæ ныррызти, ныггуыпп-гуыпп кодта, лæджы хуыз фæцыди; йæ сæр ныллæг æруагъта æмæ та хъазтмæ йе 'ргом радта.

Лæбурæджы-фырт сабыргай æрбацыд æмæ Фацбаймæ æввахс лæпputы æмрæнхъ æрлæууыд.

– Цымæ нæ ацæудзæн? – хъуыды кодта Фацбай. – Ау, уынгæ мæ куы фæкодта!.. Æвæццæгæн мæ æппындæр ницæмæ дары... Фысыл мæ нымайы. Уымæн афтæ схъæл дары йæхи.

Лæбурæджы-фырт кæй цур æрлæууыди, уыцы лæппутæ йæм бакастысты, æрбазылдысты Фацбаймæ дæр, стæй, кæрæдзи цæстæнгасæй бамбаргæйæ, Лæбурæджы-фырты се 'хсæн фæкодтой æмæ дзы курынц, цæмæй ацы кæртæй ацæуа, архайдтой сусæгæй дзурыныл, цæмæй сæ Фацбай ма фехъуыстаид, фæлæ сæ уый уæддæр фехъуыста.

– Цæмæн æрбацыдтæ ардæм? – дзырдта йын лæппутæй иу. – Хæлары-фырт ам куы ис!

– Æмæ цы? Æз бафыстон мæ тæрхон лæджы марды тыххæй, – дзуапп радта Лæбурæджы-фырт. – Ныр мæ бар ис.

– Бар? Нæ зонын... Фæлæ, мах æгъдаумæ гæсгæ, цалынмæ туг бафидай, кæнæ бафидауай, уæдмæ дæуæн дæ бон нæу, Хæлары-фырт кæм уа, уырдæм цæуын, – дзуапп ын радта уыцы лæппу.

– Хъусут-ма!.. Мæн тынг фæнды кафын, – загъта Лæбурæджы-фырт. – Æмæ кæд гæнæн ис, уæд афтæ бакæнут, цæмæй æз нæ, фæлæ уый ацæуа ардыгæй.

– Цæй, хорз, – загъта лæппутæй иу. – Æз акæндзынæн Фацбайы. Мæн йемæ ноджы хъуыддаг ис.

Уымæй иу минуты фæстæ Фацбай фæфиппайдта, йæ уæхскыл ын чидæр йæ къух кæй æрæвæрдта, уый. Ракаст æм. Йæ фæстæ лæууыд, ахонынмæ йæ чи хъавыд, уыцы лæппу.

– Цы дæ хъæуы? – бафарста йæ Фацбай.

– Дыууæ ныхасæн мæ хъæуыс, – дзуапп ын радта уый, йæ

дыууæ хистæр æнгуылдзæй бапъироз тухгæйæ æмæ иуырдæм æдзынæг кæсгæйæ.

Фацбай йемæ дыууæ къахдзæфы акодта æмæ æрлæууыд.

– Цæй, цы? – бафарста йæ.

– Хъуыддаг мæ ис... Аныхас мæ фæнды демæ.

– Цæй, дзур уæдæ!..

– Ам дзурынæн фадат нæй... Цом искуыдæм... Фæнды уæхимæ.

– Цом! – сразы ис Фацбай æмæ акъахдзæф кодта размæ.

Йе ‘мбал дæр рараст æмæ къорд къахдзæфы фæстæ бафиппайдта, Фацбай фæсте кæй аззад, уый. Фæстæмæ фæкаст, йæ цæстытæй йæ ацагуырдта æмæ «охх», зæгъгæ, фæкодта...

Фацбай йæ къухы тугæйдзаг хъамаимæ лæууыди Лæбурæджы-фырты раз, уый та йæ туг калгæ æрцæйхаудта зæхмæ.

# НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*БАГАТЫ Аврам*

## ФÆЛЛОЙЫ ХЪÆБАТЫР

Фараст æмæ ссæдз азы размæ октябры газет «Социалистическая Осетия» æмæ Цæгат Ирыстоны Профцæдисты совет сарæзтой историон фембæлд. Уыцы фембæлды архайдтой Социалистон Фæллойы ссæдз Хъæбатыры, Фæллойадон Намысы ордены æртæ æхxæст кавалеры æмæ Намысы ордены иу æхxæст кавалер. Уæдмæ нæ фараст æмæ дыууиссæдз Фæллойы æмæ Социалистон Фæллойы Хъæбатыртæй бирæтæ не 'хсæн нал уыдысты. Республикæйы фæллойадон азфысты ирд фæд чи ныууагъта, уыдонæй се 'нусон дунемæ бацыдысты Абайты Алексей æмæ Филим, Багаты Назирæт, Бесолты Аслæнбег, Битарты Евген, Федор Бондарев, Икъоты Христофор, Цомартаты Афæхъо æмæ æндæртæ.

Не 'хсæнæй фæхъуыд, ирæттæй Хъæбатыры ном æппæты фыццаг чи райста, уый – æфсæнвæндаджы кусæг Лазарты Аслæнбег дæр. Уымæн Фæллойы Хъæбатыры ном лæвæрд æрцыд 1935 азы. Уыцы уæлдæр хæрзиуæг ын радтой, Центрон Æхxæстгæнæг Комитет æмæ ССР Цæдисы Адæмон Комиссарты Совет 1927 азы, 27 июлы цы ном сфидар кодтой – «Фæллойы Хъæбатыр», уый тыххæй уынаффæйы бындурыл. Уымæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Фæллойы Хъæбатыры ном Битарты Евгенæн дæр. 1936 азы та сын сæрмагонд Грамотæтæ радтой Æппæтуæрæсеон Центрон Æхxæстгæнæг Комитеты Президиумы Сæрдар М. Калинин æмæ секретарь А. Киселевы къухæвæрдтимæ. Лазарыфыртæн йæ Грамотæйы номыр у 992, лæвæрд ын æрцыд 1936 азы 9 июны. Битары-фырты Грамотæйы номыр та у – 1062. Къух дзы æвæрд æрцыд 1936 азы 11 ноябры. Ирон адæмæй Фæллойы Хъæбатыры ном æппæты фыццаг уыцы дыууæ адæймаджы райстой.

1938 азы 27 декабры Указæй ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиум сфидар кодта Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном. Уæдæй фæстæмæ Фæллойы Хъæбатыры ном лæвæрд нал

*Лазарты Аслæнбег.*





ГРАМОТА

ГЕРОЮ ТРУДА

гр. ЛАЗАРОВУ Асламбеку Дзанбулатовичу

Президиум Всероссийского Центрального Исполнительного Комитета, отмечая Вашу ударную работу на железнодорожном транспорте, а также активное участие в революционном движении и 45-летний производственный стаж,— награждает Вас званием Героя Труда.

Председатель Всероссийского Центрального Исполнительного Комитета

Секретарь Всероссийского Центрального Исполнительного Комитета

МОСКВА, КРЕМЛЬ

ВЦИК

цыдис. Афтæмæй ацы дыууæ номæн дæр уыдис иухуызон тых, уыдысты æмсæртæ.

Лазарты Аслæнбеджы Грамотæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц мыггаджы разагъды лæгтæ. Редакцимæ йæ равдисынмæ æрбахаста сæ иу – Амырхан. Грамотæйы фыст ис: «Герою Труда гр. Лазарову Асланбеку Дзамболатовичу.

Президиум Всероссийского Центрального Исполнительного Комитета, отмечая Вашу ударную работу на железнодорожном транспорте, а также активное участие в революционном движении и 43-летний производственный стаж, – награждает Вас званием Героя Труда».

Уыцы историон фембæлды уыдысты Социалистон Фæллойы Хъæбатыртæ Беккуызарты Руслан, Битеты Евæ, Бтемыраты Иван, Годжыцаты Назо, Дзгойты Еруслан, Хъесаты Ксеня, Мæрзойты Хъазыбег, Хуыгаты Хазби, Хъайтыхъты Хъазджери, Четойты Барис, Николай Щербинин, Хæдарцаты Хъантемыр, Нæкуысаты Дæгко, Мария Паук, Ногъаты Федыр, Цæлыккаты Нинæ, Ким Им Бем, Гаврил Семенов, Цай Рен æмæ Владимир Тимофеев, Фæллойадон Намысы ордены æххæст кавалертæ Борис Ефрименко, Зоя Ничипуренко æмæ Хадаты Ахуырбег, Намысы ордены æххæст кавалер Николай Мартыненко.

Æмбырдмæ æрцæуыны фадат нæ фæци нæ Хъæбатыртæй бирæтæн, уыдонимæ атомоход «Арктикæ»-йы капитан Кучиты Юрийæн дæр. Хуынд райсгæйæ, уый йæ фыстæджы хъусын кодта газеты редакцийæн: «Ирыстонмæ æрцæуын мæнæн кæддæриддæр вæййы бæрæгбон. Фæлæ ныртæккæ хъуыддаг ис уый мидæг, æмæ рæвдз арæзт цæуы атомон ихсæттæг нау «Октябры Революци». Уый хъуамæ срæвдз уа Цытджын октябры революцийы 70 азы бонмæ. Уыцы уавæрты та суанг цалдæр боны ацæуын дæр у хи бамбæхсæгау. Уымæ гæсгæ ацæуынæй зæрдæ бавæрын мæ бон нæу, нæй мын ахæм бар!»

Æмбырды нæ уыдис Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Дудуты Петр (Галыкк) дæр. Фембæлды тыххæй республикон газетты цы стыр æрмæджытæ мыхуыргонд æрцыд, уыдоны йæ кой дæр нæй. Уый хыгъд фарон «Рæстдзинад»-ы Дудуйы-фырты тыххæй цы очерк рацыд, уым æй автор схуыдта Социалистон Фæллойы фыццаг ирон Хъæбатыр. Афтæмæй та Галыккæн уыцы ном лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ, Лазарты Аслæнбегæн та – 1935 азы.

Елхоты цæрæг зæхкусæг Лазарты Дзамболатæн Аслæнбег йæ кæстæр лæппу уыд – фæндзæм. Йæ хистæр фырттæй кæсын æмæ фыссын иу дæр нæ зыдта. Уырыссагау дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ зыдтой. Фыд йæхæдæг, сыхаг станицæ Змейкæйы цæрæг хъазахъхъæгтимæ дæргъвæтин рæстæг кæй æмбæлд, уымæ гæсгæ чысылтæ зыдта уырыссагау. Æмæ сфæнд кодта йæ кæстæр лæппуйы уæддæр сахуыр кæнын уырыссагау дзурын. Æхсæзаздзыд Аслæнбеджы баласта Змейкæмæ йæ хæлар Степан Перепеченыйтæм. Фæлæ дзы лæппу дыууæ къуырийы йеддæмæ нæ афæстиат – æрымысыд бинонты. Бæргæ йын лæгъз ныхæстæй йæ зæрдæ æлхæдтой хъазахъхъаг бинонтæ, фæлæ йæм ницы бахъардта. Уавæр уынгæйæ, Степан сфæнд кодта лæппуйы йæ фыдыл сæмбæлын кæнын. Уый уыдис 1878 азы. Афæдзы фæстæ Елхоты байгом иукъласон скъола.

Уыцы азты адæммæ цæй æхца уыд? Кæд-иу нартхор, мæнæу, хъæбæрхор æмæ стæм хатт, æхсыр, цыхт, дзидза æмæ æндæр хойрæгтæ ауæй кодтой, уæд-иу сæм æхца фæзынд. Æмæ-иу дзы уæд æхсæнадон скъола дарынæн дæр радих кодтой. Фæлæ уæд, 19-æм æнусы 70-йæм азты кæрон æмæ 80-йæм азты райдайæны дыууæ азы фæд-фæдыл зæхх тыллæг нæ радта, æмæ хъæуы цæрджыты бон нал уыд скъола дарын. Уымæ гæсгæ æхгæд æрцыд. Хъæуы цæрджыты ма ахуыргæнæндоны ныхмæ ардыдтой моллотæ дæр: уыдон арвы нæрынæй тæрсæгау кодтой æнæпысылмон ахуырадæй, уæлдайдæр «джауырты» æвзагыл.

Иу бон елхотæгтæ æрæмбырд сты хъæууон сходмæ æмæ загътой: «Кæд ныл хицауад ауды æмæ йæ фæнды, цæмæй нæ сывæллæттæ рухс феной, уый, уæд скъола саразæд æмæ йæ дарæд къазнайы хардзæй». Æнæ скъола чи аззад 1879 азы, уыцы 42 ахуырдзауæй иу уыдис Лазарты Аслæнбег.

Æртæ азы сахуыр кодта лæппу райдайæн скъолайы. Йæ фыд Дзамболат мæгуыр кæй уыд, уымæ гæсгæ Аслæнбегæн йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын нал бантыст. Æнахъом сывæллон цалдæр азы дæргъы æхххуыс кодта хистæртæн хæдзары куыстыты.

Цыд рæстæг. Лазарты хæстæг, ахуыргæнæг Сохийы-фырт лæппуйы бакодта Алагиры-Салыгæрдæны дины иукъласон училищæмæ. 1888 азы йæ фæци каст. Бирæ азты фæстæ Аслæнбег дзырдта: «Уыцы аз мæ фыд бинонтæ æрхæссын кодта хистæр лæппуйæн, æмæ бирæ азты дæргъы цы æнæбары муртæ фембырд

кодтой хæдзары бинонтæ, уыдон ирæдæн бахъуыдысты». Уымæ гæсгæ та Аслæнбеджы ахуыр фæкъуылымпы.

Фыды хæлар, Елхоты æфсæнвæндаджы станцæйы хицау Г. Горины фæндонæй 1892 азы Аслæнбеджы райстой Беслæны станцæйы телеграфон ххх цалцæггæнæнмæ рæстæгмæ кусæгæй. Æртæ азы фæстæ ссис телеграфистты курсыты ахуыргæнинаг. Фæлварæнтæ та Ростовы лæвæрдта. Уый тыххæй фæстæдæр йæхæдæг афтæ дзырдта: «Ростовмæ ныххæццæ дæн 1895 азы 28 июлы. Уайтæккæ бацыдтæн фæндæгты управленимæ. Йæ хицау Кашинцев базонгæ мæ гæххæттытимæ, стæй мæм фæдзырдта æмæ загъта, зæгъгæ, уырыссаг кæй нæ дæ, стæй ма ноджы чырыстон кæй нæ дæ, уымæ гæсгæ дæ мæ бон куыстмæ бауадзын нæу. Ахъуыды-ма кæнут, цы уавæры уыдтæн, ууыл. Мæ маст рафыхт æмæ, хицауы кабинетæй рахизгæйæ, загътон: фыццаг уый амарон, уый фæстæ та – мæхи. Мæ ныхас хицауы хъустыл æрцыд æмæ мæм ногæй йæ кабинетмæ бадзырдта. Æнхъæлдтон: кæнæ мæ нæмгæ скæндзæн, кæнæ та мæ жандармтæм ратдзæни. Фæлæ уалынмæ лæг æруазал æмæ мæм фарстытæ дæттын райдыдта. Стæй бафыста, телеграфистæй кусыны бар мын чи лæвæрдта, ахæм документ».

Уыцы цауæй дыууæ азы фæстæдæр Аслæнбеджы аивтой Астæуккаг Азийы æфсæнвæндагмæ. Уым цыбыр рæстæг акуыста хистæр телеграфистæй, стæй станцæ Чарджоуы хицауы æххуысгæнæгæй.

Азтæ куыд фылдæр цыд Аслæнбегыл, афтæ йæм бæлвырддæрæй зындысты æхсæнады кълассон ныхмæлæудтæ. Йæ зондахастыл уæлдай тынгдæр сахадыдта чысыл чиныг. Уый уыди К. Марксы æмæ Ф. Энгельсы фыст «Коммунистон партийы манифест». Ныр Лазары-фырт бæлвырддæр бамбæрста, кæй ныхмæ æмæ цæй тыххæй тох кæнын хъæуы, уый. Фæстæдæр уый сси Астæуккаг Азийы æфсæнвæндаджы куыстурæд аразджытæй иу. Реакцийы заман та йе ‘мбæлттимæ сусæг куыстмæ рахызт.

Ралæууыд 1917 аз. Сентябры дыккаг æмбисы Ташкенты цыдис Астæуккаг Азийы адæмты хойраджы кусджыты съезд. Йæ делегаттæй иу уыд Аслæнбег. Большевиктæ уæдмæ аргъæвтой æмæ съездимæ сбастой кусджыты æмæ æфсæддон гарнизоны æфсæдты иу хайы сыстад Керенскийы æвæрд хицæутты ныхмæ.

Тохгæнджыты иу къорды – æфсæнвæндаджы кусджыты –

сæргъы уыд Лазары-фырт. Кусджытæ æмæ æфсæддон хæйттæ горæт куы байстой, уый хæдразмæ граф Дорреры юнкертæ æрцахстой Аслæнбеджы æмæ йæ Ташкенты фидары бакодтой. Фæлæ 1 октябры горæты хицаудзинад Советты куы баци, уæд æй суæгъд кодтой. Уыцы азæй 1921 азмæ, цалынмæ Советон хицаудзинад Астæуккаг Азийы æппæт рæтты дæр не 'рфидар, уæдмæ Аслæнбег гæрзифтонгæй хæцыд мæгуыр адæмы сæрвæлтау.

1918 азы Лазары-фырт бацыд большевикты партимæ. Фæстæдæр ссис горæт Андижаны ревкомы уæнг, уыд æфсæддон контролертæй иу æмæ тæрхондоны уæнг.

1919 азы Астæуккаг Азийы контрреволюцион тыхты сæйраг командæгæнæг Мадамин-бек йæ тыхтæ баиу кодта булкъон Минстровы уырыссаг урсгвардион æфсадимæ æмæ азмæлыд Андижаны районмæ. Контрреволюцион тыхтæн бантысти ком æмæ горæт Джалал-Абад байсын. Сæ къухы бафтыд горæт Ош æмæ Андижаны фыццæгæм станцæйы иу хай бацахсын.

Уыцы аз фæззæджы Аслæнбег 19 большевикимæ æрвыст æрцыди Джалал-Абады районмæ Советон хицаудзинады фыццаг кусæг оргæнтæ аразынмæ.

1922 азы райдианы Лазарты Аслæнбег æрбаздæхт йæ райгуырæн Елхотмæ, райдыдта станцæйы радгæсæй кусын. Дойаты Арзум, Сæлбиты Ботаз, Зорттаты Гаппо æмæ æндæртимæ сси æхсæны царды активон архайæг, хъæууон советы депутат. Бирæ хъарутæ бахардз кодта колхозон фæсивæдæн авдазон скъола, стæй дыккаг райдиан скъола саразыныл дæр.

Мæнгæй нæ фыста газет «Социалистическая Осетия» Лазары-фырты тыххæй 1987 азы 172-æм номыры: «Старый коммунист не прерывал и активной общественной деятельности. В сущности не было ни одного сколько-нибудь заметного события в общественной жизни района, области, в которых бы Асланбек Дзамбулатович не принял самого деятельного участия. Лазаров – член товарищества по совместной обработке земли. Делегат Правобережного окружного съезда Советов. Делегат второго областного съезда Советов. Делегат первого Северо-Кавказского съезда Советов. Член Северо-Осетинского областного исполнительского комитета Советов рабочих, крестьянских и красноармейских депутатов. Ему был выдан почетный пионерский билет №1 Северо-Осетинским областным бюро

юных пионеров... Асланбек Дзамбулатович взвалил на себя немалые хлопоты в связи со строительством хлебного элеватора, моста через Терек».

1931 азы Лазарты Аслæнбеджы снысан кодтой Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы хицауæй. Цыбыр рæстæгмæ станцæйы коллектив æрлæууыд уæлахиздзауты рæнхъы. Йæ хицауæн ын Цæгат Кавказы æфсæнвæндаджы разамынд саккаг кодта бирæ грамотæтæ æмæ æхцайы премитæ. Транспорты бирæазон фæллойы æмæ социалистон арæзтады уæлдай стырдæр сгуыхтыты тыххæй бæстæйы ЦÆК-ы Президиум 1935 азы Аслæнбегæн саккаг кодта Фæллойы Хъæбатыры ном.

Мидхæсты сырхгвардион, Фæллойы Хъæбатыр, рæстаг адæймаг æмæ сыгъдæгзæрдæ коммунист Лазарты Аслæнбег йæ царды фæстаг боны онг дæр куыста æфсæнвæндаджы транспорты.

Æвæццæгæн, ирон адæмæй Советон Цæдисы фыццаг Хъæбатыр чи сси, уый – Остъаты Алексейы – алчидæр зоны. Фæлæ ирæттæй фыццаг Фæллойы Хъæбатыр чи уыд, уый, бирæтæ нæ зонынц. Нæ йæ зонынц, уымæн æмæ йæ ном æнусонгонд не 'рцыди. Кæм куыста, уыцы станцæйы бæстыхайы къулыл номарæн къæй дæр нæй. Хорз уаид, Дзæуджыхъæуы хицауад ацы фарстамæ куы æркæсид.

Лазарты амалхъомтæ цæттæ сты Аслæнбеджы ном сæнусон кæныныл хæрдзты æмбис сæхимæ райсынмæ. Ахæм фадатæй æнæмæнг спайда кæнын хъæуы.

# УИДÆГТÆ

*ГУСАЛТЫ Барис*

## КУСАРТ ÆМÆ ЙЕ ‘ГЪДАУ

Чи зоны, æмæ мæхи зæрды никуы æрæфтыдаид адæттæ фыссын, фæлæ сæ кæмæн бахæс кодтон, уымæй фæфыдæнхъæл дæн. Æмæ уæд æз дæр бавдæлдтæн æмæ йæ бæсты бафыдæбон кодтон.

Цæвиттон, газет «Стыр Ныхас»-ы (фароны 23-æм номыры) мæ хъæуккаг Хæмыцаты Раманы уац «Кусарт кæнын фæтк» куы бакастæн, уæд ын ныффæдзæхстон, дæ размæ ма уый тыххæй чи фыста, уыдоны дæр лæмбынæг бакæс æмæ де ‘рмæг фæуæрæхдæр æмæ фæарфдæр кæн, зæгъгæ. Гъемæ рацæй-рабон, æмæ мæм йæ уац, газеты куыдæй рацыд, афтæмæй æрбарвыста...

Æвæццæгæн æмæ махæй фылдæр ничи быцæу кæны фыдæлтæй баззайгæ æгъдæутты фæдыл. Наукон æгъдауæй сыл æппæтæй ахъаззагдæр чи фæфыста, уый у рухсыбадинаг Уарзиаты Вилен. Фæлæ уымæй дæр æмæ Айларты Измаил æмæ Раманы фыстытæй дæр хицæн бынæттæ ‘рхæсдзынæн, стæй-ма Интернеты ‘рмæджытæй дæр фæпайда кодтон.

Иугæр мæ Хæмыцы-фырт бар-æнæбары кæм самидин кодта, уым ын йæ уацæй райдайон: «Кусарт акæныны размæ, кусæрттаджы фæхъæуы æрлæууын кæнын, йе ‘ргом хурыскæсæнырдæм здæхт куыд уа, афтæ. Стæй йын цæхх асдæрын кæнынц. Кусартгæнджытæ æртæйæ фылдæр хъуамæ ма уой. Уыдон æрлæууынц кусæрттагæн йæ рахиз фарс. Хистæр скувы Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæм. Нывонд кусæрттаг цы бæрæгбоны, кæнæ цы адæймаджы номыл у, уый хистæр фæзæгъы, батабу кæны дзуæрттæн, цæмæй сын барст фæуа.

...Кусартгæнæг хъуамæ Хуыцауæй хатыр ракура, нывондмæ кард кæй ныддары, уый тыххæй. Кусарт кæнгæйæ, дзурын никæмæн æмбæлы, нæ фæтчы, цалынмæ кусарты сæр артмæ бадара æргæвдæг æмæ йæ фæстæмæ бæрзæйыл андзæвын кæна, уæдмæ.

...Цæмæн бадарынц кусарты сæр артмæ? Артæн дæр йæ нысан цæххы хуызæн у, уыдон сæ дыууæ дæр хæрам тыхты ныхмæ æвæрд сты. Сæры арты хъомыс куы бацæуы, уæд кусæрттагæн фыдхъомысæй тас нал вæййы. Сæр ма артмæ бадарынц ноджы дæр уый тыххæй, цæмæй дзы цы тæф рацæуы, уый уæлæрвтæм фæхæццæ уа...

...Гуыбыны цъар дæргъмæ куы алыг кæнынц, уæд риуæгънæг слыг кæнынц, æмæ йæ бæрæг ран искуы цæджындзыл батъæпп ласынц. Ацы æгъдау раздæр заманты æххæст кодта хæдзары сиахс. Сиахс-иу йæ каистæм сиахсцыд куы кодта, уæд ын кусарт кæнын йæ бар кодтой, фæлвæрдтой йæ йæ лæгдзинадæй.

...Риуæгънæгæн ма ис æндæр нæмттæ дæр: сиахсæггаг æмæ гæркъуыр. Сиахс-иу æй куы батъæпп кодта, æмæ куы аныхæстаид, уæд уый нысан кодта, сиахс хæдзарыл бахæцинаг кæй у.

Кусарт куы акъæртт кæнынц, уæд фæхицæн кæнынц хъæлхъæлаг, зæрдæ, игæр, ръæуджытæ иннæ хуылфыдзаумæттæй, ралыг кæнынц бæрзæйæ бирæгъы хай, масты дзæкъул, зæрдæйы хъустæ. Сисынц уæцъæф, ахсæн, зынæхсæн.

Циндзинады фынгыл хистæры раз хъуамæ уой кусартæн йæ сæйраг хæйттæ: сæр, бæрзæй æмæ уæн. Хистæр скувы базыгæй – йæ галиу къухы, йæ рахиз къухы та бæгæныйы къус, афтæмæй. Дыккаг хистæрмæ вæййынц æртæ фæрсчы, æртыккаг хистæрмæ та – раззаг хуылфыдзаумæттæй физонæг. Бирæтæ бæрзæйы бæсты æвæрынц къубал æд бирæгъы хай, уымæн æмæ сæ кæрæдзийæ нæ иртасынц.

...Кусарты сæры хæйттæ сты: сæрыкъуыдыр, тæрных, æфсæрыкъæдз, хъустæ, магъз, цæстытæ, æвзаг. Фæрсчытæ, уæнтæ, базыгтæ æмæ мæкъуыстæг хауынц æвдасармы хæйттæм. Бæрзæй, æфцæг, мæкъуыр, рагъыстæг, къæдзил, чъылдымыстæг, дымæг (чъапæ), къуди, алгъ хауынц астæуыстæджы хæйттæм. Дыгайсгуытæ, æгъдтæ, синтæ сты фæстагæрдæджы хæйттæ. Хъæлхъæлаг, зæрдæ, игæр, ръæуджытæ, хæлур сты раззаг хуылфыдзаумæттæ. Фæстаг хуылфыдзаумæттæ та – ахсæн, уæцъæф, зынæхсæн, æрмæчъытæ, фарсылæвзаг, тъæнгтæ, суй, мисындзæг, уыргтæ æмæ саунагътæ».

Кусартимæ архайд æмæ йæ хæйттæ-уæнгты тыххæй бæстон æмæ бæлвырдæй фыссы Айларты Измаил йæ чиныг «Ирон фарн»-ы: ...Цины кусæрттагæн иугæр сæйраг кувæг акуывта, нуазæнтæ бынат ссардтой, уæд кæнæ арты судзгæ æхсидав бадардтаиккой

нывонды рахиз фарсыл уæнмæ хæстæг, науæд та мыдадзын судзгæ цырагъ, барст фæуæд Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæн, зæгъгæ.

...Иугæр кусæрттагæн кусарты царм гуыбынырдыгæй (фыццаг риуы мурзæгæй дымæгмæ, стæй æргæвдæнмæ) æмраст ралыг кодта, фæкъæрттытæ сты габазы (æви къабазы? – *Г.Б.*) хъæбысдзæрмттæ, уæд, царм бастигъыны размæ, кард ногæй байдыдтаид (кæд ома ссоныл адаудтаид?..), къухтæ хæрзæхсад наккодтаид. Мурзæджы – риуыгуыдыны цыппар дзуарæвæрд лыгæн сæ цæрмттæ уыдысты æнæмæнгæй кардæй стигъгæ. Кардæй фæхицæн кодтаид мæнгартæны цыппар кæроны дæр, стæй лыстæг фосы кусæрттаджы стыгътой къухæй.

...Гуыбыны цъар рæстмæ лыг-къæртт æрцыд, уæд риуæгънæг бæстон лыгæй тъæпп ластой цæрæны цары астæрдыл, науæд та аххæрæгыл, цæджындзыл. Риуæгънæг фыцгæ ничи кодта, уыди кусарты риуыгуыдыр. Æгъдауæй хаста сиахсты кад æмæ рад.

...Уый фæстæ къубалæй хицæн кодтой ласæггаг æмæ хъахъала (хурхы уадындзтæ).

...Лыстæг хуылфыдзаумæтты фæстæ уæгъдгонд цыди дыууæ фарсæй риуы хæлур, стæй риуæгънæгæй æргæвдæнмæ лыггонд цыди мурзæджы æргъиу.

...Æвдасармтæ дихгонд цыдысты цыппæргай бæрæг хицæн уæнгтыл: фарс, уæн, мæкъуыстæг æмæ базыгыл. Фæстаг æгъдтæ – фæстаг дыууæ æрдæджы дæр дихтæ кодтой æмхуызонæй æртыгай уæнгтыл: синыстæг, æгъдтæ æмæ сгуытыл.

Бæрæг æнæхъæн уæнгтæй кувинаджы номыл уагътой æмæ фыхтой бæрзæй, уæнтæ, базыгтæ, сгуытæ æмæ фæхсынтæ. Кусарты иннæ уæнгтæ цины фынгтæн цыдысты æмхуызоны дыгай дихтæ, зианы номыл та – цыппæргай, сæр æмæ бæрзæйæ фæстæмæ.

Уыцы фæтк хынцгæйæ кусарты бæстон койгондæй уыди ахæм уæнгтæ ставд нымадæй: сæр æмæ бæрзæй, астæуыстæг æмæ дымæг, дыууæ æвдасармы æмæ дыууæ фæстаг агъды, раззаг æмæ фæстаг хуылфыдзаумæттæ, царм æмæ къæхтæ.

Уæнггай-хайгайы лыстæг нымадæй уыдысты дзæвгар, æмæ сыл æрлæудзыстæм фæд-фæдыл.

Сæры хæйттæ: тæрных, сæрыкъуыдыр, æфсæрыкъæдз (дзуака), хъустæ, цæстытæ, æвзаг, магъз.

Астæуыстæджы хæйттæй: бæрзæй (нагъ), мæкъуыр, æфцæг,

рагъыстæг, чъылдымыстæг, къæдзил, дымæг (чъапæ, фæхсын – фыстæн), къуди, алгъ.

Æвдасæрмтты хæйттæ: рахиз æмæ галиу фарсы фæрсчытæ, уæнтæ, мæкъуыстæгтæ, базыгтæ.

Фæстагæрдæджы хæйттæ: дыгай сгуытæ, æгъдтæ, синтæ – суадзæнтæ.

Раззаг хуылфыдзаумæттæ: хъахъалæг, хурхауындзæнтæ – уадындзтæ, хурхы рæзынджытæ, зæрдæ, игæртæ, рæуджытæ, мастыдзæкъул, хæлур.

Фæстаг хуылфыдзаумæттæ: уæцъæф, ахсæн, æрмæчъытæ, зынæхсæн, фарсылæвзаг, лыстæг тъæнгтæ, ставд тъæнгтæ, суй, мисындзæг, уыргтæ, мизг, гуыбыны хыз-фиуыцъар, фæрсты фиутæ, филетæ.

Кусарты уыцы æнæхъæн уæнгтæй сфыцыны размæ фылдæрæй рауайы дыгай дихтæ-хæйттæ цины заман, цыппæргæйттæ – зианы...

...Кусарты хæйттæ-уæнгтæн цы нæмттæ ис æмæ дзы стæй чи кæцы у, уыдæттæ нæ бирæтæ зонгæ дæр нал кæнынц. Æмæ, бæргæ, исчи кусарт хайгай куы снызв кæнид...

Ирон æгъдæутты æмæ бæрæгбæтты ратæдзæнтæ, сæ нысаниуæг æмæ сын сæ мидис наукон æгъдауæй бæлвырд бæрæг кодта Уарзиаты Вилен. Йæ фæллæйттæй амæн дæр æрмæст хицæн бынæттæ ‘рхæсдзынæн, ноджы уырыссагау, кæд сæ ирон æвзагмæ Бицъоты Гриш дæсны стæлмац кодта, уæддæр – Виленæн йæхи хъæлæс куы райхъуысид, уый мæ фæнды...

...Более того, животное для жертвоприношения подбирали заранее. Среди домашнего скота таковыми могли стать бык (гал), бычок (уæныг), корова (хъуг), баран (фыр) и ягненок (уæрыкк), и назывались они **нывонд.**

...Поэтому посвященное животное буквально «связывалось» с божеством и до дня жертвоприношения всячески оберегалось.

...На шею выбранному для жертвы быку в качестве отметины вешали деревянную фигурку, называемую по-осетински къæбæл/гъола.

...Община тщательно оберегала свои жертвы, быков уже не использовали как тягловую силу, не били и не кричали на них.

Акт самого жертвоприношения производился строго по ритуалу. Кто-нибудь из присутствовавшей молодежи подводил

барана к домашнему очагу. Здесь животному давали немного соли, что считалось непременным условием, предшествующим всем последующим действиям.

Одним из первых этот обряд описал В. Ф. Миллер: «Молодой человек подводит барана к домашнему очагу. Подходит старик, берет животное за левый рог и произносит молитвы Богу и святому, которому посвящается жертва. По окончании молитвы старик горящим поленом делает барану крестообразную метку на шее за правым ухом и на морде, причем, когда кверху идет дым от опаленной шерсти, говорят: да пойдет наше приношение к Богу.

Затем старику подносят араку; он плескает часть ее в огонь, дает отпить мальчику и остальное выпивает сам. Когда роль старика кончилась, молодой человек с помощником кладут барана к северу на ф и н г, так чтобы голова его была обращена к северу, а горло на восток и по произношении слов: Хуыцау дæуæн табу – барану перерезается горло. Пока кровь стекает в таз, резник должен хранить молчание. Затем он отрезает голову, снова приставляет ее на мгновение и подает ее старику, который опаляет тщательно шерсть и бросает голову в котел. Голова – почетная доля стариков».

Чтобы сопоставить сведения, сообщаемые В. Ф. Миллером с действительными реалиями, следует отметить два важных момента. Все вышеизложенное достаточно подробно, но упущено то, что после отделения головы, отрезанную часть подносят к огню и, когда она опаляется и появляется запах слегка подгоревшего мяса, считается, что данный запах известит святого о жертве в его честь. После чего голову на какое-то время прикладывают к шее. От которой чуть позже отрезают небольшой кусочек и тоже бросают в огонь.

Другой важный момент – от грудинки животного вырезают кусочек сухожилий, который шлепком прикрепляется к дверному косяку.

...Интересно, что упомянутый выше Джеор Черчесты рассказывал в 1938 году о том, якобы в далеком прошлом, по словам старших, жертву целиком сжигали. Об этом может свидетельствовать тот факт приношения частиц жертвенного животного огню. Начертание горящей головешкой на лбу знака креста также свидетельствовало о том, что жертва предназначена небесам.

...О сакральной значимости жертвоприношения говорят и такие факты из староосетинского быта как гадание на лопатке барана или бычка – уæны фæрсын...

...Устойчивая традиция обрядового заклания животных способствовала сохранению в быту традиционных приемов разделки туши, переработки мяса и приготовления строго определенного минимума блюд, определяющих характер трапезы. Непременным элементом трапезы в случае ритуального заклания до настоящего времени остается отварная голова животного. Голова (сæр), шейная часть (бæрзæй), лопаточная часть (уæн) или курдюк (дымæг) как наиболее почетные части и ставят на стол перед старшими.

...Отварные голова и шея всегда выставляются на стол, что касается лопатки или курдюка, то можно ставить или то, или другое.

...Указанные выше обязательные части жертвенного животного, подаваемые к столу, были носителями своеобразных символов. Точно так же, как это было показано с осетинскими пирогами.

...Голова предварительно рассекалась вдоль на две равные части. Нижняя челюсть отделялась от нее и считалась долей для женщин. Елена Баракова особо отметила этот факт: «А женщинам – гусак, требуха, языки, сердце и нижние челюсти. – Устытæн та – къусылмæттæ, хатгæттæ, æвзæгтæ, зæрдæтæ, дзоныгътæ».

...Надо сказать, что способ гадания по лопатке жертвенного животного, называемый в науке скапулемантия, был широко известен среди скотоводческих народов.

Вилен ма бирæ цæйдæрты – æнæмæнг зонинæгты – тыххæй фыссы йæ чиныг «Праздничный мир осетин»-ы, фæлæ ма дзы æз иу хабар фæбæлвырд кæндзынæн: фынджы хистæры бынат амоны ныгуылæнырдыгæй, йе 'ргом хурыскастмæ куыд уа, афтæ. Агъуысты мидæг та, кæд фынгæн уыцы хуызы æрæвæрæн нæй, уæд хистæр бады рæбынæй, йе 'ргом æрбахизæнмæ.

Уæдæ мæхицæй та афтæ 'фтауын, æмæ, зæгъæм, уынджы, кæнæ кæрты арæзт у хуссарæй цæгатмæ. Уæд та хистæры бынат хъуамæ уа цæгатырдыгæй – йе 'ргом хуссармæ. Ноджы ма нæ зæдтæхæн, зæдбадæн хæхтæ дæр уыцырдыгæй сты, гъа, фыдæлты кувæндæтты кой ма чи кæны...

Кусæрттаджы хæйттæн ма ‘ндæр адæмтæм дæр цы кад ис, цы нысаниуæг-мидис, уый фæдыл цыбырæй – бузныг Гуыриаты дзæбæх чызг Зæлинæйæн: уый мын сæ бацагуырдта Интернеты.

Кусарты сæрæн стыр кад ис алы адæмтæм, æмæ ноджы у хистæртæн цыт кæныны нысан. Фæлæ æнæцымыдисаг нæу уый дæр ма, æмæ йæ куыд ныддихтæ кæнынц æмæ байуарынц. Йæ дзидзатæ йын ралыгтæ кæнынц æмæ сæ æрæвæрынц хистæрты раз – афтæ нымад цæуы, æмæ, дам, дзы лæг цæрæццагдæр кæны, царды тых дзы ис…

Дзоныгъ æмæ æвзаг хурыскæсæйнаг адæмтæм дæр сты сылгоймæгты хай, сæры рахиз фарс æрхауы хистæрмæ, хъус ралыг кæнынц æмæ йæ раттынц кæстæрæн – хистæртæм хуыздæр куыд хъуса, афтæ. Йæ бырынкъ та у, хистæрæн йæ рахизырдыгæй чи фæбады, уый буц хай – хуыздæр æнкъара, йе ‘мбудæнтæ рæвдз уой. Æд цæст хай та у галиуырдыгæй бадæджы – цырддзасты нысаниуæгæн. Æд магъз стæгджын хай хистæр ныууадзы йæхицæн – дарддæр царды дæр ма зонынджын куыд уа, зондæй фæрсынæн бæззон, уый охыл.

Сæр рахæссынц стыр тæбæгъы – фысы сæр сæм хуыйны кала-поча. Чъирихæссæн тæбæгъы ахадындзинады тыххæй дæр Вилен фыссы йæ чиныджы – бакæс, дам, ирон, бакæс æмæ исты базонай бындуронæй (Елбыздыхъойы фæдзæхст)…

Ахæм æгъдау æмхуызонæй æххæст кæнынц тæтæр, узбектæ, хъыргъытæ (киргизтæ), казахæгтæ – ис се ‘гъдæутты хицæндзинæдтæ, алы лыстæг фæзилæнтæ, фæлæ сыл нæ дзурдзыстæм ам: уыдон сæрмагонд наукон куысты аккаг сты…

Фысы сæрæн стыр кад кæнынц цæргæсатæ дæр – ома черкестæ, йæ рахиз фарс ын буцдæрæн рахæссынц уазджыты хистæрæн, йæ хъус хæрдырдæм, афтæмæй. О, йæ бырынкъ дæр хъуамæ уазæджы комкоммæ уа, æцæг ын æй йæ риугуыдырмæ саразын нæ фæтчы. Цасфæнды кусæрттытæ дзы куы уа сæ хъуыддаджы, уæддæр фынгмæ хæссын æмбæлы ‘рмæстдæр иу кусарты сæры рахиз æмбис.

Хистæр уазæг чи у, уый дæр йæ хай йæхæдæг нæ дихтæ кæны, фæлæ йæ æрæвæры фынджы хистæры раз, æцæг ныр йæ фындз вæййы иннæрдæм. Уый йæ ныххæйттæ кæны æмæ сæ ратты фæстæмæ уазæгæн, хъус та æрхауы сæ бадты кæстæрмæ – уый йæ райсы дыууæ къухæй. Уазæг та афтæ байуары фысы сæры

‘рдæг: йæ бырынчъы фыд ын æрæвæры дыккаг хистæры цур, цæст æмæ йæ алыварс дзидзатæ, сæр чи хъуыддаг кодта, уымæн, йæхицæн та ныууадзы магъзы хай: сомбон цы уыдзæн, уый, дам, цæмæй зонон...

Сæры галиу фарс фынгыл не ‘вæрынц, стæй йæ хæдзарæй æддæмæ хæссæн дæр нæй – йæ бахæрын кæмæн æмбæлы, уый сæхи бинонтæй куы нæ уа, уæд ахæм лæджы æрбахонынц.

Цымыдисаг æгъдау баззад хакасæгтæм: фысы сæр уæлдай кадджындæр вæййы дыууæ хатты – сиахсцыд-иу куы кодта лæппу, уæд æй лæвæрдта йæ ног усы фыдæн. Марды хæстæджытæ сæр ахæссынц уæлмæрдмæ æмæ йæ уым ингæны ныvæрзæнырдыгæй михгондыл æрцауындзынц. Уазджытæн æй фынгыл не ‘вæрынц – у æрмæстдæр хæдзары хицауы хæринаг. Фæлæ сæм кæддæр заманты, буц æмæ кады нысан кæй амыдта, уый бæрæг у. Абон ахæм хайыл нымайынц уæн – рæвдауынц дзы кадджын уазæджы. Сæ сиахс семæ куы бада, уæд уый дæр уæны хайæ сбуц кæнынц – куы йын бахæры йæ дзидзатæ, уæд æй бадæтты йæ усы фыдмæ, уый дзы хурмæ скæсы æмæ афтæмæй фæфæрсы. О, айдагъ рахиз уæн бæззы уымæн.

Диссаг: монгойлæгтау (семæ ма бурятæгтæ æмæ хъалмыхъ) сæрæн æгъдау дæттынц норвегийæгтæ, хонынц сæрæй конд хæринаг Smalahove. Туристтæ дæр, дам, æй хæлофæй хæрынц...

Нæхи Къоста, «Особа»-йы рæстæджы ирон æгъдæутты кой кæнгæйæ, æппындæр кусарты сæры тыххæй цыма ницы загъта, æрмæст фыссы: «Перед гостями ставятся круглые столы, на каждом из них по три прожаренных в масле пирога с сыром (уæлибæхтæ), к ним подаются шампуры (вертелы) с шашлыком из внутренностей бычка и барашка.

...На длинных низких столах разложены разные яства, главным образом вареное мясо, пироги, лучшие куски кладутся перед старшими».

Ау, Нары Зылды кусарты сæр, бæрзæй æмæ уæнæн ницы уæлдай кад кодтаиккой, æмæ Къостамæ дæр уыйадыл нæ уа исты фæнысангæнинаджы сæрмагонд æгъдауы тыххæй иу ныхас?..

Кæцыдæр æгъдæуттæ нæ ‘ндæр адæмты ‘хсæн хæдхуыз кæнынц, иннæтæ та нæ семæ бæттынц, кæд сæ халæмдих никæимæ свæййæм, уæддæр. Æмæ Хуыцауы раз дæр æмæ нæ фидæны цур дæр абоны фæлтæрты бæрнон хæс уый у: нывыл æмæ

сæ рæсугъдæй дарддæр хæццæ кæнын, ирон адæмы номгæнæг нын куыд уой, афтæ. Æндæр æгæр арæх лæджы зæрдæ изгард кæнын райдыдта не 'гъдæутты хылы-мылыйæ. Уый та фылдæр у хистæриуæггæнджыты æнæныббаринаг азым: нæ зоныс, нæ арæхсыс, уæд хистæры кадджын бынатæй сæудæджер ма кæн – ома, дам, кæд къодах дæн, фæлæ иугæр ацы ран бадт фæдæн, уæд мæм хъусæг ут, уисæн мын кæнут...

Адæмыл хицæн адæмы ном се 'взаг, се 'гъдау, сæ цæсгомфæлгонцы фæрцы сбады, æндæр дзыллæтæ бирæ сты. Адæмы ном фидарæй кæмæн сбадт йæ уæлæ, йæхицæн алы бартæ домын дæр уый бон у!

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты – зындгонд нывгæнæг* ***Евгени Лансерейы*** *куыстытæ. Уый алы аз дæр балцыты цыди Уæрæсейы алы рæттæм: Украинæмæ, Башкиримæ, Киргизимæ, Хъырыммæ. Дыууæ азы фæци Кавказы. Цы федта, уыдон равдыста йæ скульптурон куыстыты.*

*Ирон лæг куырæты.*





*Ирон цуанон.*



*Кæсгон бæхты рæгъау.*



*Къамбецтæ.*



*Сурынц æй фæдисæттæ.*



*Хъазахъхъæгтæ.*



*Илья Муромец.*



*Святослав.*



*Хъазахъхъæгтæ.*



*Хъазахъхъаг йæ уарзонæн зæгъы хæрзбон.*




*Бæхыл хъазæг черкесаг.*



*Араббаг хæрæгыл бадгæйæ.*



*Араббаг.*



*Хъæддаг бæх ахсгæйæ.*

*Башкираг.*





*Киргизаг беркутимæ.*



*Балканы хæсты.*



*Бæхыл хъазæг лекъæгтæ.*



*Хъæздыг араббаг къупец.*



*Цуаны фæстæ.*



*Запорожьейаг.*



*Черкесаг лулæимæ.*

# РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН

*БЕТРОЗТЫ Майрæм*

## ХÆРЗГÆНÆГ

Æнаххосæй æфхæрд чи баййæфта, политикон ахстыты цы бирæ æнамонд адæм бахауд æмæ æнæазымæй кæй агæрах кодтой, уыдоны хъуыддæгтæ бæрæггæнæг ассоциаци «Номарæн»-ы сæрдар Зураты Барисы фырт Ауызбийыл сæххæст 90 азы. Кæд ыл азтæ бирæ цæуы, уæддæр æппæт хъарутæй дæр архайы, адæмы знæгтæ кæй схуыдтой, уыдоны рæстдзинад базонын æмæ сын сæ рухс нæмттæ ссыгъдæг кæныныл.

Ауызби йæхæдæг дæр бирæ фыдæвзарæнты бахауд. Æртæ азы йеддæмæ йыл нæ цыд, афтæ йæ фыд амарди. Мад бирæ æнахъом сывæллæттимæ баззад, фæлæ нæ фæцудыдта. Йæ сывæллæтты æнæнизæй схаста æмæ сæ адæмы рæнхъмæ ракодта.

Ауызби кæд æнæ фыдæй рæзти, уæддæр дзы æгъдауджын, рæстзæрдæ адæймаг рауади. Скъолайы ма ахуыр кодта, афтæ районы газетмæ фыста уацхъуыдтæ. Йæ куыстмæ уазал цæстæй чи каст хъæуы мидæг, уыдоны дæр-иу афхæрдта. Ахуыр кодта медицинон училищæйы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд ыл цыдис 16 азы. Райгуырæн бæстæйыл æнувыд лæппу цалдæр хатты бацыди районы æфсæддон коммисариатмæ, хæстмæ мæ акæнут, зæгъгæ, фæлæ йæ азтæ нæ амыдтой æмæ та-иу æй рарвыстой.

Ауызби уæддæр бинонты сусæгæй алыгъди, сæ хъæуæй хæстмæ цы лæппуты къорд цыди, уыдонмæ. Ахуыртæм сæ арвыстой Азербайджанмæ, фæлæ рæствæндаг нæ фесты. Бахаудтой знаджы артиллерийы нæмгуыты бынмæ. Уæззау цæф фæци Ауызби дæр, афтæмæй йæ хъазахъхъаг æфсæддон эскадрилийы хæстонтæ ссардтой æмæ йæ дзæбæх кæнын райдыдтой. Йæ къахыл куы слæууыд, уæд æй йæ хæдзармæ арвыстой, цæмæй бынтон сдзæбæх уа.

Сæхимæ куы схæццæ, уæд базыдта – хъæу немыц бацахстой.

Зураты Ауызби – фæскомцæдисон, районы газет «Ленинец»-ы



*Зураты Ауызби.*



ӕнӕштатон уацхӕссӕг, медицинон училищӕйы студент... Тынг ыл бацин кодта сӕ районы фыццаг секретарь Ӕлбегонты Дрис. Йӕхимӕ йӕм фӕсидт ӕмӕ йын загъта, хъӕды цы партизантӕ ис, уыдонӕн феххуыс кӕнын хъӕуы, зӕгъгӕ.

Уыцы хӕс Ауызби сӕххӕст кодта, зӕгъӕн куыд нӕй, афтӕ хорз. Алы бон дӕр партизантӕм хаста хабӕрттӕ: знаджы тыхтӕ кӕмыты сты, цы архайынц, се штабы цал адӕймаджы ис, хъахъхъӕнджытӕ кӕмыты лӕууынц ӕмӕ ӕндӕртӕ.

Партизанты пулеметӕйӕхсӕг ротӕйы командир Махъоты Алихан Ауызбийы руаджы базыдта утӕппӕт хабӕрттӕ ӕмӕ йе сгарджыты къордимӕ иу ӕхсӕв балӕууыд скъолайы кӕрты. Ӕнцонтӕй ӕрбамардтой хъахъхъӕнджыты, штабы бамидӕг сты, немыцаг афицерты ӕд сусӕг документтӕ сӕ разӕй ракодтой.

Йе сгуыхтдзинады тыххӕй Махъоты Алиханӕн радтой майдан «За боевые заслуги».

Ауызбийы райгуырӕн хъӕу Дзӕгъиппардзы немыц хицауӕй сӕвӕрдтой, лӕппу кӕддӕр газетмӕ кӕй тыххӕй ныффыста, йӕ куыст нывыл нӕ кӕны, зӕгъгӕ, уый. «Ирон хӕсмӕ тындзӕй нӕй» – зӕгъы ӕмбисонд. Ацы лӕг дӕр йӕ зӕрдыл хорз бадардта Ауызбийы ӕфхӕрӕн уацхъуыд ӕмӕ сфӕнд кодта йӕ хӕс райсын. Фӕдзырдта Ауызбимӕ ӕмӕ йын загъта:

– Колхозы быдыры ӕнӕтындӕй цы нартхоры хуымтӕ баззад, уыдон хъахъхъӕндзынӕ!

Лӕппуйӕн ӕнӕ сразы уӕвгӕ нӕ уыд. Канд йӕхи нӕ, фӕлӕ ма йӕ бинонтӕн дӕр тӕссаг уыд фесафынӕй. Ӕмӕ бар-ӕнӕбары сразы знӕгты фарс кусыныл.

Иунӕг къуыри йеддӕмӕ нӕ бакуыста быдыргӕсӕй, 20 ноябрӕй 26-ӕм ноябрьмӕ. Уӕдмӕ Сырх Ӕфсад хъӕу асыгъдӕг кодта знӕгтӕй. Уӕддӕр Ауызби фыдӕвзарӕнты амӕддаг бацис... Нартхор колхозонтыл байуӕрстой, ӕмӕ йӕ кӕй бахъахъхъӕдта, уый тыххӕй йын хъуамӕ арфӕ ракодтаиккой, фӕлӕ уӕд ӕндӕр ӕгъдӕуттӕ уыди царды. Схуыдтой йӕ знӕгтӕн ӕххуысгӕнӕг ӕмӕ йӕ 1943 азы 19 мартъийы ӕрцахстой, дӕс азы ӕмгъуыдмӕ йын тӕрхон рахастой ӕмӕ йӕ Нижный Тагилмӕ ахастой.

Сӕумӕйӕ изӕрдалынгтӕм хъӕды куыст кодтой. Уазал ӕмӕ ӕххормагӕй ныффӕллай ӕмӕ та чъизи барачы дӕ лыстӕны батул! Лӕппу бынтондӕр слӕмӕгъ, удӕгасӕй ма куыд аирвӕзт,

уый дæр диссаг у. Хорз æмæ сæ уырдыгæй арвыстой Волжскы лагерьмæ. Уым бахауди рынчындонмæ. Куыста дохтыртимæ, æххуыс кодта хирургтæн. Зæрдæргъæвд лæппу алцæмæ дæр йæ хъус дардта æмæ уайтагъд фæцалх алыхуызон куыстытыл дæр. Раздæр уал æй сæвæрдтой – наркотизаторæй, уый фæстæ – профессортæн æххуысгæнæгæй. Фæстагмæ йæхæдæг дæр райдыдта операцитæ кæнын. Йе 'мзæххонтæй хорзы бирæтæн бацыд – æнцондæр куыстытæм сæ кæнын кодта, æмæ дзы бирæтæ фервæзтысты мæлæтæй.

1953 азы Ауызби суæгъд ис иннæ ахст адæмимæ.

28 азы бакуыста Тырныауызы рынчындоны. Уыцы рæстæджы райста бирæ хæрзиуджытæ республикон æмæ цæдисон медицинон æхсæнадтæй. Ис æм алыхуызон кадджын нæмттæ, майдантæ æмæ ордентæ: «Отличник санитарной обороны СССР», «Заслуженный медработник СССР», «Отличник гражданской обороны СССР», «Отличник народного контроля СССР» æмæ а. д.

1975 азы ацыди пенсийы, фæлæ ма 2002 азмæ бакуыста санэпидстанцæйы.

1990 азы нæ республикæйы арæзт æрцыд, советон хицаудзинады рæстæг цы зыгъуыммæ митæ цыд, политикон репресситæ кæй хуыдтой, уыдон рæстмæ чи равзара, ахæм ассоциаци «Номарæн».

1991 азы «Номарæн»-ы уæнгтæ сæхицæн президентæй равзæрстой, уыцы фыдмитæ йæхи удыл чи бавзæрста, уый – Зураты Ауызбийы. Æппæты фыццаг Ауызби фæндон бахаста, цæмæй æнаххосæй æфхæрд адæмæн нæ горæты æвæрд æрцæуа цыртдзæвæн. Дыууадæс азæй фылдæр ахаста йæ ракæ-бакæ, фæлæ уæддæр къухы бафтыд. Цыртдзæвæнæн эскизтæ скодта æрыгон скульптор Сабеты Георги.

2005 азы 3 декабры нæ горæты Плиты Иссæйы номыл уынджы байгом ацы цыртдзæвæн, схуыдтой йæ «Цæссыгты дур». Республикæйы дзыллон-политикон цардмæ зынгæ æвæрæн кæй бахаста, уый тыххæй Ауызбийæн саккаг кодтой орден «Кады Нысан».

1999 азы Ауызби райдыдта æрмæг æмбырд кæнын, æнæ аххосæй аххосджынтыл кæй банымадтой æмæ кæй фесæфтой, уыцы æнамонд адæмы тыххæй. Бантыст ын бирæ æмæ уал рауагъта æхсæз томы чингуытæ «Книга памяти жертв политических репрессий по РСО-Алания». Уыцы куысты йын тынг


КНИГА
ПАМЯТИ
ЖЕРТВ
ПОЛИТИЧЕСКИХ
РЕПРЕССИЙ
РСО-АЛАНИЯ
2
том
КНИГА
ПАМЯТИ
ЖЕРТВ
политических репрессий
РСО-Алания
4
ТОМ
5
ТОМ
КНИГА
ПАМЯТИ
ЖЕРТВ
политических репрессий
6
ТОМ

баххуыс кодтой Ӕдасдзинад хъахъхъæныны комитеты æмæ нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады кусджытæ.

«Номарæн»-æн бирæ ахсджиаг фарстатæ лæууы йæ разы: компенсацитæ фидын, фæлладуадзæн бынæттæ æмæ санаторитæм путевкæтæ дæттын, куыстхъом чи нал у, уыдонæн рог автомашинæ «Ока»-тæ лæвар кæнын, телефонтæ сын æвæрын – уыдон дæр лæвар.

1992 азæй фæстæмæ Ауызбийы æдзухдæр равзарынц политикон репресситы амæддæгты Ӕппæтдунеон ассоциацийы уæнгæй.

Ауызби ныртæккæ дæр кæны стыр æхсæнадон куыст. Арæх бакæсы студенттæн лекцитæ. Архайы, разамынд цы ассоциацийæн дæтты, уый цæмæй иннæ ахæм организацитæй фæстæзаддæр ма уа, ууыл.

Ӕрæджы «Номарæн» фæндон бахаста Арктикæйы фыццаг ихсæттæг науы легендарон капитан Кучиты Юрийæн нæ горæты цыртдзæвæн сæвæрыны тыххæй. Уыцы фæндон тынг хорзыл банымадтой Ирыстоны цæрджытæ. Юрийы номыл цыртдзæвæнтæ фæзындзæн Ямалы æмæ Дзæуджыхъæуы, чи зоны, Кучийы-фырты ном сæвæрой ног ихсæттæг науыл.

Зурайы-фырты фæллойадон стаж схæццæ 70 азмæ. Уыдонмæ ма паддзахад бафтыдта 20 азы: ЛАГСУ-йы зындоны (ГУЛАГ-ы) цы 10 азы фæцис, уыдон (иу аз нымад цыди дыууæйыл). Цæвиттон, иумæ райсгæйæ Ауызбийы фæллойадон стаж у 90 азы.

Кæд ыл 90 азы сæххæст, уæддæр нырма у æвзыгъд, куыстхъом, йæ бæрны цы хъуыддæгтæ ис, уыдон кæны æвæлмæцгæйæ.

Ӕнæниз, зæрдæрухсæй нын сæдæ азы сæрты акæс, нæ буц хистæр!

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*БАГАТЫ Никъала*

## ИРОН ÆВЗАГЗОНЫНАДЫ ФАРСТАТЫ ТЫХХÆЙ НАУКОН КОНФЕРЕНЦИЙЫ*

Æвзагзонынады фарстаты фæдыл æмбал Сталины генион куыстытæ кæрон скодтой, 25 азæй фылдæры дæргъы æвзаджы тыххæй советон наукæйы цы æмтъерыдзинад уыдис, уымæн. Уыдон советон æвзагзонынады фервæзын кодтой Н. Я. Марры вулгарон-материалистон «ног ахуырадæй» æмæ æрæвæрдтой æнæфæцудгæ фидар бындур æвзагзонынады æцæг марксистон теорийæн.

Уыцы стыр куыстыты æмбал Сталин раргом кодта, цы у æвзаг куыд æхсæнадон фæзынд, уый. Æвзаг ахæсгæ у, æхсæнадон фæзындтæм, зæгъы æмбал Сталин, уый райгуыры æмæ рæзы æхсæнады райгуырд æмæ рæзтимæ иумæ. Уый мæлгæ дæр акæны æхсæнады амардимæ иумæ. Æнæ æхсæнад æвзагæн нæй уæвæн. Æвзаджы бындурон функци у адæмы кæрæдзийыл бæттын сæ иумæйæг фæллойадон архайды. Æвзаджы руаджы адæм æргом кæнынц кæрæдзийæн сæ хъуыдытæ æмæ сæ бæллицтæ.

Хъуыдыкæнынадимæ баст уæвгæйæ, æвзаг регистраци æмæ фидар кæны дзырды мидæг æмæ хъуыдыйæдты дзырдты бастдзинады мидæг хъуыдыкæныныдзинады хатдзæгтæ, адæймагæн йæ зонынады куысты æнтыстдзинæдтæ æмæ афтæмæй фадат дæтты адæмæн æхсæнады мидæг сæ кæрæдзиимæ сæ хъуыдытæ æмбарын кæнынæн.

Æмбал Сталин бæлвырд равдыста, æвзаг æмæ æхсæнад, æвзаг æмæ хъуыдыкæнынад кæрæдзийæ æнæфæхицæнгæнгæ кæй сты, æмæ сæ иуæн æнæ иннæ уæвæн кæй нæй. Æхсæнады уæнгтæ се 'ппæт дæр кæй æмбарой, се 'ппæтæн дæр иумæйаг чи уа, æнæ ахæм æвзаг æхсæнадæн уæвæн нæй, æнæ уый уæвæн нæй æхсæнадон куыстадæн дæр. «Кæрæдзийы хъуыдытæ æмбарын у, – зæгъы æмбал Сталин, – иудадзыг æмæ царды мидæг æнæмæнг чи хъæуы, ахæм хъуыддаг, уымæн æмæ æнæ уый саразæн нæй адæмты иумæйаг архайдтытæн æрдзы тыхты ныхмæ тохы, адæймаджы

* Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не 'рцыди.

ӕнӕмӕнг цы материалон хорздзинӕдтӕ хъӕуы, уыдон амал кӕныныл тохы, къухы бафтӕн нӕй ӕнтыстдзинӕдтӕн ӕхсӕнады куыстадон архайды мидӕг, уӕдӕ ӕнӕуый уӕвӕн нӕй ӕхсӕнадон куыстадӕн йӕхицӕн дӕр». (И. Сталин, «Марксизм ӕмӕ ӕвзагзонынады фарстатӕ», 23 фарс).

Ӕхсӕнады уӕнгты кӕрӕдзиуыл чи, бӕтты, ахӕм фӕрӕз уӕвгӕйӕ, ӕвзаг уыимӕ у ӕхсӕнады тохы ӕмӕ рӕзты фӕрӕз дӕр.

Ӕвзагӕн йӕ бындур, йӕ спецификӕ, ӕмбал Сталины амындмӕ гӕсгӕ, сты йӕ дзырдуат ӕмтгӕй райсгӕйӕ, йӕ бындурон дзырдуатон фонд ӕмӕ йӕ грамматикон конд.

Грамматикон конд у дзӕвгар фӕлтӕрты продукт. Уый у иугъӕдондӕр ӕмӕ ивгӕ кӕны дзырдуаты бындурон фондӕй бирӕ сындӕгдӕр. Афтӕ зӕгъӕн нӕй, ӕмӕ ӕвзаджы грамматикон конд бынтон ӕнӕивгӕ у, ӕндӕрхуызон нӕ кӕны, зӕгъгӕ. Уый ивгӕ кӕны, фӕлӕ ивы тынг сындӕг ӕмӕ уыимӕ йӕ бындуртӕ базайынц ӕппын ӕнӕ аивгӕйӕ тынг бирӕ рӕстӕджы дӕргъы. «Уый, – зӕгъы ӕмбал Сталин, – кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, рӕстӕг куыд цӕуы, афтӕ ӕййафы ивддзинӕдтӕ, уый ӕххӕстӕй ӕххӕстдӕр кӕны йӕхи, хуыздӕр ӕмӕ бинонығдӕр кӕны йӕ ӕгъдӕуттӕ, йӕхи хъӕздыг кӕны ног ӕгъдӕуттӕй, фӕлӕ грамматикон арӕзты бындуртӕ сӕ бынаты зайынц тынг дӕргъвӕтин рӕстӕджы дӕргъы, уымӕн ӕмӕ уыдон, истори куыд ӕвдисы, афтӕмӕй сӕ бон у ӕхсӕнадӕн ӕнтыстджынӕй лӕггад кӕнын къорд ӕнусты дӕргъы».

Грамматикон конды иугъӕдондзинадӕн, ивгӕ сындӕггай кӕй кӕны, уымӕн равдисӕн ис алы ӕвзагыл дӕр, уыимӕ ирон ӕвзагыл дӕр. Фӕстаг 30 азӕй фылдӕры дӕргъы, ома советон хицаудзинады рӕстӕджы, ирон ӕвзагӕн зынгӕ аивта йӕ дзырдуат. Уый фӕцис хъӕздыгдӕр бирӕ ног дзырдтӕй, йӕхи дзырдуаты бындурон фондӕй аразгӕ дзырдтӕй ӕмӕ уырыссаг ӕвзагӕй райсгӕ дзырдтӕй; уымӕй ахаудта, ног дуджы сӕ сӕр кӕмӕн нал хъуыдис, ахӕм бирӕ дзырдтӕ, бирӕ дзырдтӕн дзы аивта сӕ мидис, фӕлӕ йӕ грамматикон ӕгъдӕуттӕ уыцы рӕстӕджы дӕргъы ӕмӕ канд уыцы рӕстӕджы дӕргъы дӕр нӕ – ӕппындӕр ӕндӕрхуызон нӕ фесты. Ӕвзаджы рӕзт ӕнгом баст у йӕ адӕмы рӕзты историимӕ. Ирон ӕвзаджы рӕзтмӕ куы 'ркӕсӕм, уӕд ӕрмӕст йӕ тасындзӕджы системӕйыл дӕр, кӕнӕ дзырдты иу ныхасы хайӕ иннӕ ныхасы хаймӕ рахизыныл дӕр равдисӕн ис, кӕд тынг сындӕг, уӕддӕр уый ивгӕ кӕй кӕны, уымӕн...

Грамматикон анализæн йæ бынуры æвæрд ис æвзаджы дзырдуат, кæцыйæн, æмбал Сталин куыд амоны, афтæ, йæ ахадындзинад свæйиы тынг стыр, уый æвзаджы грамматикæмæ куы бацæуы, уæд, фæлæ уый зæгъæн нæй, æмæ йæ хъæуы грамматикæйы лексикæимæ (дзырдуатимæ) схæццæ кæнын, æвзаджы тыххæй «ног ахуырады» фæдонтæ æмæ фарсхæцджытæ куыд амыдтой, афтæ.

Афтæ у марксистон цæстæнгас æвзагмæ æмæ æвзаджы грамматикон кондмæ.

Бынтондæр æндæр хуызы кастысты грамматикæмæ æвзагзонынады мидæг марксизм вулгаризацигæнджытæ – академик Н. Я. Марр æмæ уый фæдонтæ. Уыдон æвзагмæ кастысты куыд идеологион уæламадмæ. Маррмæ гæсгæ, грамматикон категоритæ сты социалон кæрæдзимæ ахастдзинæдтæ æвдисæг, баст цæуынц бæлвырд иу, кæнæ иннæ социалон структурæимæ, социалон арæзтадимæ. Грамматикæ хъыгдардта Марры йæ палеонтологион анализы куыст кæныны хъуыддаджы, æмæ, уымæ гæсгæ уый тырныдта грамматикæ семантикæимæ (дзырдты æмбырды тыххæй ахуырадимæ) баиу кæнынмæ, кæнæ йæ бынтон ахахх кæнынмæ...

Уый æвзагзонынады ахсджиагдæр бынат лæвæрдта семантикæйæн. «Фыст æмæ грамматикæйы реформæ», зæгъгæ, йæ уыцы уацмысы Марр куыд фыссы, афтæмæй бынтондæр дызæрдыккаг у, грамматикæйæн наукæ схонæн ис, стæй хъæуы æви нæ, уый дæр. Уый фæрсы: «Æмæ хъæугæ та цæмæн кæны грамматикæ... цæмæй реформæйы куыст кæнæм æви нæ кæнæм?» Н. Я. Марр æмæ йæ «ахуыргæнинæгтæ» бынтондæр сæмхæццæ кодтой грамматикæйы æмбарынад æмæ уымæй стыр зиан æрхастой советон скъолаты мидæг æвзæгтæ ахуыр кæныны хъуыддаджы дæр.

Æвзагзонынады фарстаты фæдыл йæ генион куыстытæй æмбал Сталин бæрзæйсæттæн цæф ныккодта, грамматикæйы æмбарынады хъуыддагмæ, куыд æппæт æвзагахуырадмæ дæр, Марр æмæ йæ фæдонтæ цы хæццæдзинад бахастой, уымæн æмæ йæ сарæзта раст фæндагыл, марксистон фæндагыл.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æвзагзонынады ахæм хæццæдзинады аххосæй, куыд æмбæлы, афтæ æвæрд нæ уыдис нæ Цæдисы адæмыхæттыты æвзæгты грамматикон конд ахуыр кæныны хъуыддаг дæр. Уыцы хæццæдзинадæн æнæ фæзынгæ нæ уыдис

ирон æвзагзонынадыл дæр, ирон æвзаджы грамматикæйыл кусыны хъуыддаджы дæр.

Зындгонд у, ирон æвзаджы грамматикон конд ахуыр кæныны хъуыддаг райдыдта суанг нудæсæм æнусы фыццаг æмбисы æмæ уымæй не 'взаг уыдис Советон Цæдисы иннæ адæмыхæттыты æвзæгтæй бирæтæй хуыздæр уавæры. Афтæ, 1844 азы фæзындис немыцаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл мыхуыргондæй академик А. Шегрены капиталон фæллой «Ирон грамматикæ». Уымæй æвæрд æрцыдис ирон æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны райдайæн. Уыцы фæллой у ирон æвзаджы грамматикæйы (йæ морфологи æмæ синтаксисы) фыццагдæр æмæ æххæстдæр æрфыст. Фæстæдæр, 1881–1887 азты фæзындысты Б. Ф. Миллеры «Ирон этюдтæ» Мæскуыйы университеты «Ахуырадон фыстыты». Уыдонæн сæ дыккаг хай бындуронæй уыдис ирон æвзаджы фонетикæ æмæ грамматикæ (морфологи) историон æгъдауæй. Миллеры ирон грамматикæ уый фæстæ, 1903 азы, æххæстдæрæй рацыд мыхуыры немыцаг æвзагыл.

Шегрен æмæ Миллеры куыстытæ тынг фæзындысты ирон æвзагзонынады рæзтыл. Фæлæ зæгъын хъæуы уый, æмæ уыцы куыстытæн сæ бон кæй нæ у абоны домæнтæ æххæст кæнын нæдæр наукон æгъдауæй, нæдæр сæ цы грамматикон æрмæг лæвæрд цæуы, уый æххæстдзинадæй. Зæгъæм, Миллеры грамматикæйы æппындæр нæй синтаксис.

Советон хицаудзинады рæстæджы ирон æвзаг тынгдæр æвдыст æрцыдис Марры хæстæгдæр ахуыргæнинаг æмæ фæдон Абайты В. куыстыты. Уымæ гæсгæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Марры антимарксистон æвзагзонынад фæзындис ирон æвзагзонынадыл дæр, æмæ канд æвзагзонынадыл нæ, фæлæ ирон адæмы историйы фарстаты фæдыл куыстытыл дæр. Нырма ирон адæмы историйы фарстаты фæдыл куыстыты Марры æвзагзонынады рæдыдтæ фаг æргомгонд нæма 'рцыдысты. Нæ республикæйы наукон кусджыты хæс у ирон æвзагзонынады æмæ историйы фарстаты фæдыл куыстыты марристон рæдыдтæ раргом кæнын æмæ сæ сраст кæнын, æмбал Сталин нын æвзагзонынады фарстаты тыххæй йæ генион куыстыты цы амындтытæ радта, уыдонмæ гæсгæ.

Ирон æвзаджы грамматикон арæзт иртасын æмæ ахуыр кæныны хъуыддаджы фæстаг рæстæджы бирæ арæзт не 'рцыдис.

Абайы-фырты куыстыты фылдæр бынат ахсынц ирон æвзаджы

историйы фарстатæ, уыимæ æвзаджы историон грамматикæ (морфологи æмæ синтаксис) нæ, фæлæ йæ лексикæ (дзырдуат) æмæ фонетикæ, диалектологийы фарстатæ, ирон адæмы æндæр адæмыхæттытимæ историон бастдзинæдтæ æвзагыл куыд фæзындысты уый, æмæ æнд.

Афтæ, йæ фæллæйтты æмбырдгонд «Ирон æвзаг æмæ фолклоры» 1 хаймæ бацыдысты æвзаджы фарстатæ. Уыцы æмбырдгонды 600 фарсæй «Фонетикæ æмæ грамматикæйы» фарста ахсы æрмæстдæр 69 фарсы. Уыцы фæрстыл цы статятæ мыхуыргонд æрцыдис, уыдонæй æрмæстдæр дыууæйы («К истории осетинского склонения» æмæ «О залоговой недифференцированности причастий») ныхас цæуы морфологийыл, иннæтæ сты фонетикæйы тыххæй. Цæуыл дзурæг у уый? Уый дзуры ууыл, æмæ æвзаджы спецификæ, ома грамматикæ, ахуыр кæныны хъуыддагмæ кæй уыдис куыдфæндыйы цæстæнгас. Уыцы цæстæнгас та, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй, баст уыдис Марры «ног ахуырадимæ». Абайы-фырты ацы куыстытæн сæ арæзт у уымæ, цæмæй æвæрд æрцæуа фидар бындур ирон æвзаджы дывæрæрдзондзинады теорийæн.

Фæстаг рæстæджы ма нæм фæзындис ирон æвзаджы грамматикæйæ диссертацион куыстытæ дæр: Гагкайты Хъазаны кандидатон диссертаци «Ирон æвзаджы хауæнты синтаксис» æмæ уымæн йæ дохтырон диссертаци «Ирон æвзаджы синтаксис», Кодзырты Тамарæйы кандидатон диссертаци «Мивдисæджы хуызы категори ирон æвзаджы». Ардæм ахæссæн ис Тлатты Зарæйы кандидатон диссертацийæн дæр – «Ирон æвзаджы дзырд арæзт дзырдтæ кæрæдзимæ æфтауыны руаджы». Ноджы, ма ис Гагкайты Хъ. куыст «Ирон литературон æвзаджы грамматикон очерк». Кæй ранымадтам, уыцы наукон фæллæйттæ фыст уыдысты æвзагзонынады фарстаты тыххæй æмбал Сталины куыстыты фæзыныны агъоммæ. Уымæ гæсгæ марризмы рæдыдтæй цæй бæрц хызт сты, наукон æгъдауæй раст æмæ æххæст сты, æви нæ, цавæр фарстайыл сæ цæуы ныхас, уый зын зæгъæн у, уымæн æмæ нæ наукон кусджыты æхсæн уыцы куыстытыл ныхас никуы æрцыд, ирон æвзагзонынады кусджытæй сæ ничима бакаст.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ ирон æвзаджы грамматикон конд наукон æгъдауæй сахуыр кæныны хъуыддаджы кæй ис дзæвгар аиппытæ. Ис дзы нырма, ныхасгонд кæуыл не ‘рцыдис, ахæм

фарстатæ, дзæвгар дзы ис хъаугъайаг фарстатæ дæр. Ныры онг æвзагыл кусджытæ цы грамматикон фарстатыл хъаугъа кæнынц, уыдоны тыххæй иудзинадмæ нæма æрцыдысты. Ахæм фарстатæ сты, зæгъæм, иварон хауæны фарста, мивдисæджы здæхæнтæ цал сты æмæ цавæртæ сты, уый, æлвасон номивджытæ ис не 'взаджы æви нæй æмæ, æнд.

Ацы фарстаты тыххæй иудзинад кæй нæй, уый стыр зиан кæны не 'скъолаты æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг аккаг бынаты сæвæрынæн, уымæн æмæ ахуыргæнджыты кадртæ цæттæ кæныныл чи кусы, уыдонæй сæ иутæ уыцы фарстатæ иухуызон амонынц, иннæтæ та æндæрхуызон.

Цæмæн афтæ у уый? – Уымæн æмæ ирон æвзаджы наукон грамматикæ саразыныл куыст нæ цæуы. Наукон грамматикæ феххуыс уаид не скъолатæн хæрзхъæддæр æмæ æнæаиппдæр ахуыргæнæн чингуытæ саразынæн. Иу къорд азты дæргъы наукон грамматикæ ныффыссыны фарста хаст уыдис Цæгат Ирыстоны Наукон-иртасæг Институты æмæ Цæгат Ирыстоны Паддзахадон педагогон институты æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы куысты пълантæм, фæлæ-иу баззадис æнæххæстгондæй. Ацы институтты наукон кусджыты ахсджиаг хæс у, æвзагзонынады фарстаты тыххæй æмбал Сталины фæллæйттыл æнцой кæнгæйæ, ирон æвзаджы грамматикон конды, фарстатæ фæбæлвырддæр кæныныл æмæ наукон грамматикæ ныффыссыныл зæрдиагæй бакусын. Уымæй уыдон стыр æххуыс фæуыдзысты ирон културæ формæйæ национ, аппæй та социалистон чи у, уыцы културæ сырæзын кæнынæн. Стыр æххуыс фæуыдзысты ирон литературон æвзаг сырæзын кæныны хъуыддаджы, не 'скъолатæн æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг раст фæндагыл саразынæн.

Газет «Правдайы» 1951 азы 15 декабры номыры мыхуыргонд уыдис статя «За творческую разработку проблем языкознания». Уыцы статяйы «Правда» фыссы, Цæгат Ирыстоны кæй нæ цæуы куыст æвзагзонынады проблемæтыл. «Правда» ма ноджыдæр бацамыдта нæ республикæйы Марры ахуырады рæдыдтæн бынтон кæронгонд кæй нæма æрцыдис, иуæй-иу наукон кусджытæ сæ куысты мидæг уыцы рæдыдтæ чи уадзы, уыцы кусджытæм кæй кæсынц, семæ сæ хæлардзинад цæмæй ма фехæла, уыцы цæстæнгасæй, уыдонæн сæ рæдыдтæ раргом кæнын æмæ сраст кæныны хъуыддаджы баххуыс кæныны бæсты, сæхи ницы уынæг кæй скодтой. «Правда» сиды ирон æвзагзо-

нынады кусджытæм, Марры антинаукон теори цы зиан æрхаста, уый фесафынмæ, æвзагзонынад марксистон теорийы бындурыл рацаразынмæ, болшевикон критикæ æмæ хикритикæ рапарахат кæнынмæ.

«Правдайы» статяйæ, стæй ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обком ирон æвзагзонынады сæрмагонд фарстаты тыххæй фæстаг рæстæджы цы уынаффæтæ рахаста, уыдонæй не 'взагзонынады кусджытæ хъуамæ сæхицæн скæной бæлвырд хатдзæгтæ.

Болшевикон парти, нæ цытджын фæтæг æмбал Сталин фадат дæттынц советон раззагдæр ахуырады тыхджын рæзтæн, уыдон сидынц советон ахуыргæндтæм ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ равдисынмæ, критикæ æмæ хикритикæ наукæйы уæндонæй парахат кæнынмæ. Æмбал Сталин амоны, зæгъгæ, никæцы наукæйæн ис размæ, æнтыстдзинæдты фæндагыл цæуæн æнæ критикæ æмæ хикритикæ.

Æмбал Сталины ацы амынд кæддæриддæр зæрдыл даргæйæ æмæ йæ æххæст кæнгæйæ, нæ республикæйы æвзагзонынады кусджытæн сæ хæс у, сæ куысты мидæг цы рæдыдтæ æмæ аиппытæ уыдис, уыдон фесафын æмæ ирон æвзаг наукон æгъдауæй раиртасын æмæ сахуыр кæнын.

*«Рæстдзинад», 1952, № 31.*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

## ХЪАЙТЫХЪТЫ АЗÆМÆТ

*(1923–2016)*

*Ирон аив дзырды зæрингуырд Хъайтыхъты Беслæны фырт Азæмæт райгуырди 1923 азы 6 августы Уæлладжыры комы Ходы хъæуы. Астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд куыста Садоны æрзæткъахæнты. 1941 азы бархионæй ацыди Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Тох кодта Сталинграды бынмæ, Курск-Орловы къæлæты æмæ Киев немыцаг фашисттæй ссæрибар кæныныныл хæстыты. Фæцис авд цæфы. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй райста бирæ хæрзиуджытæ: Сырх Стъалыйы орден, Кады III-аг къæпхæны орден, Фыдыбæстæйы хæсты I къæпхæны орден æмæ 16 майданы.*

*Бавзæрста уацары зындон дæр.*

*Азæмæт Хуыцауыырдыгæй уæлдай цæстуарзондæрæй фæхайджын таурæгъгæнæджы курдиатæй. Иууыл зындгонддæр сты йæ чингуытæ: «Зынаргъ дур» (1984), «Фыййауы лæдзæг» (1989), «Амондуарджытæ» (1994) æмæ «Хæхты таурæгътæ» (2013).*

*Журнал «Мах дуджы» йæ уацмыстæ цыдысты 1960 азæй фæстæмæ.*

*Азæмæт амарди 2016 азы 3 майы.*

## ФЫДОХЫ АРТ

*(Цыбыртæгондæй)*

Æнусты размæ Хъæриуы хохы дæлбазыр Дагомы хъæуы царди Ос-Бæгъатыры фæдон – Хъараты Садуллæйы иунæг бындар Хъуырман. Уымæн йæ хъайтар фыдæлтæй баззад дзывыры æндон æфсæн, болат æхсаргард æмæ хуымæтæджы уадындз. Йæ ис, йæ бон, йе стыр мулк уыдисты ацы æртæ хæзнайы, æмæ

сæ цæстыгагуыйау хъахъхъæдта, къæм абадын сыл никуы бауагъта.

Уыцы заман тыхы рæстæг уыдис. Лæг æнæ хæцæнгарз уынгмæ нæ цыдис, æнæ лæгæмбал сылгоймæгтæ дондзау нæ уæндыдысты. Алы дур, алы къæдзæхы аууон дæр фыдбылыз хъуынджын уæрццау бадтис, æмæ адæмыл тугуарæн кодта. Кæсæджы хъалтæ лæбурдтой Иры хъæутæм æмæ сæ гæныстон кодтой.

Иу ахæм æрбалæбурды тыхгæнджытимæ тохы фæмард Садуллæ дæр, æмæ хæдзары уæззау уæз Хъуырманы æвзонг уæхсчытыл æрæнцад.

Иуизæр Хъуырман йæ мадæн бакой кодта:

– Æна, Темрюк-æлдар мæ йæ куывдмæ хоны æмæ мæ истæмæйты барæвдз кæн!

– Æна дæ нывонд уа, ма йыл æууæнд, бæсты иблис у, æмæ тæрсын, хинæй дыл куы рацæуа.

– Нæ, æна, æнæцæугæ нæй, науæд мыл тæппуды гакк сбаддзæн, фæлтау худинаджы бæсты – мæлæт!

– О мæ къона, мады зæрдæ зонаг у, дæ фыды туг сæ æгæрæй райстай, куы нæ дын ныббарой.

– Нæ, æна, мæ риуы фæйнæгæй Кæсæгæй Ирмæ хæлардзинады хид сараздзынæн, туджы тымыгъ ныууромын хъæуы!

– Æна дæ фæхъхъау, мæ хъæбул, кæд дын æнæцæугæ нал ис, уæд скæн дæ бæрæгбоны дарæс, дæ хотыхтæ. Æлдарæн балæвар кæндзынæ дæ зыгъар емылыкк бæх, æхсинæн та дын мæнæ налхъуыт-налмас къухдарæн. Ма ферох кæн дæ уадындз дæр. Чи зоны, фæндагыл дæ бахъæуа. Лæгтыдзуар де 'мбал, – бафæдзæхста мад йæ хъæбулы æмæ сусæгæй йæ цæссыгтæ асæрфта.

Комы дæлæмæ дæллаг Дзылатырдæм тындзыдта барæг æмæ хинымæр йæхицæн дзырдта:

«Лакъон доны сæрты æз хъуамæ хæлардзинады уæрæх хид айтындзон. Уыцы арæзтадæн та æлдары сырдджын хъæды стыр бæлæстæ акалын хъæуы. Фæлæ уым кард æмæ уартæй ницы бакæнæн ис. Æнæ хотыхæй та бирæгъты æхсæнмæ бацæуын тæссаг у. Цæй, исты мадзал кæнын хъæуы. Кæнæ – цæргæ, кæнæ – мæлгæ, арсæй чи тæрсы, уый йын йæ лæгæтмæ нæ лæсы», – афтæ йæхицæн ныфсытæ æвæргæ, Хъуырман йæ бæхы бацагайдта.

Темрюк йе згæхæрд дæндæгтæ цыргъ кодта йæ амæттаджы сæр хæрынмæ. Уазæгхор фысымы зынаргъ лæвæрттæ дæр нал

бандæвтой. Хъуырманæн йæ цыппæртæ сбæттын кодта, æмæ йæ арф хъоргъы ныппæрстой. Уырдæм ыл къæртайы дзаг сæгдон бон æртæ хатты уагътой.

Æртыккаг бон мæзджыты сæрæй фидиуæг илæлæй кодта:

– О, ил-илла, ал-алла! Чи хъусы, уый хъусæд! Нæ фыдбылыз, нæ туджджын сау хæйрæджы æлдар йæ фæстаг къахæй æрцахста! Рацæут æмæ дзы уæ туг райсут!

Хъуырман къухтæбастæй лæууыди къæдзæхау æмæ сæрбæрзондæй æнхъæлмæ каст мæлæтмæ. Ала дон йæ цухъхъайы фæдджитæй лæдæрсти. Фæлæ Идарыхъоты тызмæг Темрюк нæ тагъд кодта. Уацайраджы туг дзынгайау сындæггай цъырдта, цалынмæ фæзы астæу саударджытæ сындз сугты рагъ амадтой, уæдмæ. Сугтыл зынг куы бафтыдтой, уæд æлдар йæ бур æрфгуытæ систа, йæ нард былтæ базыхъхъыр кодта æмæ йæ уацайрагмæ бадзырдта:

– Ма тыхс, мæ буц уазæг, æгæр дæр ма схус уыдзынæ, арт куы сцырен уа, уæд. Фæлæ-ма мын зæгъ, цал лæджы амардтай мæ адæмæй?

– Уымæй, мæ уæздан фысым, дæ алыварс акæс æмæ саударджыты бафæрс, уыдон æй хуыздæр зондзысты. Æз мæ фыдызæхх, мæ адæмы кад хъахъхъæдтон, дæ ис, дæ бонмæ дын никуы фæныхылдтон!

– Гъы, æмæ ма ныр та цы дæ бон у? – хин худт бакодта æлдар.

– Æнæ базыртæй цæргæс уæлдæфы нæ тæхы, мæ уæздан фысым.

Æлдар йæ донхуыз цæстытæ адæмыл асæрфта æмæ сæ бафарста:

– Куыд уæ фæнды, райхалæм ын йæ къухты баст?

– Ма райхалут, хæйрæджыты фæддзæгъдæн нæ искæй ахæрдзæн, – схор-хор кодтой æлдæрттæ.

Хъуырман бахудт æмæ сын цыбыр дзуапп радта:

– Æдас ут, мæ цытджын фысымтæ, хохаг хæйрæг хæрæджы фыд нæ хæры!

Кæстæр фæсивæд сæм бахатыдысты:

– Ау, мах æд хотых куы стæм, æви нæ ницæуыл нымайут! Райхалут ын йæ къухты баст, кæддæра цы акæнид!...

Йæ къухты баст ын куы суагътой, уæд та йæ æлдар бафарста:

– Цæй, цы ма зæгъыс, æнаккаг?

Хъуырман йæ къухтæ кæрæдзиуыл ауыæрста, стæй сæ фæйнæрдæм тындзæгау акодта æмæ фæлмæн хъæлæсæй загъта:

– Мæ кард мæ куы уаид, уæд бæргæ исты зæгъин, мæ уæздан фысым!

Хъуырманæн йæ болат æхсаргард æрбахастой æмæ йын æй хъæлтæсастæй йæ размæ баппæрстой. Фистоныл ма карды æвзагæй баззад уыдисны дæргъæн.

Хъуырман саст æхсаргарды фистон йæ дыууæ къухмæ систа. Иу уысм æм æнкъардæй фæкаст, æмæ йæ цæнгæт хъæлæс сыхъуыст:

– Хæрзбон, мæ хæстон æмбал, тыхгæнæг никæмæн уыдтæ, лæбурæгæн та никуы барстай, тохы никуы фæцъула дæ, цонг дæ нæ фæллад. Ныр дæм уыцы хъару нал ис, фæлæ дæм цы стыр фарн уыд, уый абонæй фæстæмæ Ир æмæ Кæсæгæн хæлардзинады арт фестæд!

Æрдз цыма æппæтæй дæр гыбар-гыбур кодта, афтæ æнкъардта æлдары фырт Иналдыхъо, уацайраг куы дзырдта, уæд. Йæ фидар уæнгтæ базыр-зыр кодтой, йæ тызмæг фыдæй хатыр ракуырдта æмæ сæ амæттагæн афтæ зæгъы:

– Дæу хъуамæ тугисджытæ уартæ уыцы сындзын арты басудзой. Фæлæ æз рагæй хъуыстон дæ хъæбатырдзинады кой æмæ бæллыдтæн лæгæй-лæгмæ демæ фембæлынмæ. Ныр мæнæ ныхæй-ныхмæ лæууæм, фæлæ мын ме 'лдардзинады кад бар нæ дæтты, демæ, куыд уацайрагимæ, мæ хъару равдисын. Дæ арæхстдзинад фенын та мæ уый бæрц сцыбæл кодта, æмæ дын бар дæттын дæ амонд бавзарынæн – нæ фæсивæдимæ. Дæ къухы цы карды саст ис, уымæй цалыл фæуæлахиз уай, уал азы дын цæрæнбон. Æрмæст сæ искæй куы фæцъæррæмыгъд кæнай, уæдиу дæ гуырæй райгæ у.

Сæрбæрзонд æрыгон æлдар йе 'взист карды сæрыл хæцгæ хъал фæсивæдæн афтæ зæгъы:

– Фенут-ма, мæ сахъ цæргæстæ, ацы хæххоны риуы домбайы зæрдæ æхсиды, æви дзы тæрхъусы уд тæпп-тæпп кæны. Æрмæст хæцдзыстут радыгай, хъаматæй!

– О Хуыцау, цытæ мын æвзарын кæныс, цымæ ма райсом бонырухс фендзынæн, – ахъуыды кодта Хъуырман æмæ йæ цæхæр цæстытæй арвы милтæ расæрфта.

Æмæ фæхъæр кодта:

– Разы дæн, æлдар, мæ амонд бавзарыныл, фæлæ дæ курын:

мыййаг, уæртæ уыцы арты мæ иунæджы сæр куы басудза, уæдиу мын ме 'взалы мæ фыды уæзæгыл сæмбæлын кæн!

Хъуырманы алыварс æнафоны уасæгау хъамалвæстæй æрзылд бæрзонд лæппулæг. Цухъхъайы фæдджитæ фæсрон тъыст, дыстæ фæлдæхт, афтæмæй цалдæр æвзысты бакодта уацайрагмæ. Уалынмæ хъама æмæ æхсаргарды кæмттæ кæрæдзийы ссардтой. Кæсгоны хæбуздзыхъхъ цæсгом адымсти. Йæ тых-йæ бонæй балвæста йæ ныхмæлæууæджы цонг æмæ, ныр хъама фæселф кæной, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ йæ цавæрдæр æнæнхъæлæджы тых ариуыгъта, æмæ æлдары богал æртæ сæрбихъуыройы акодта.

Адæм сæ улæфт фæурæдтой. Зæронд æлдарæн йæ къæмисæнты дзæхст-дзæхст ссыд. Æрыгон æлдары цæстытæ сасиры чъилы йæстæ аисты. Хæбуздзыхъхъытæ цæсгомджын йæ бон базыдта æмæ састы бынаты æрлæууыд. Йæ хуыз фæлыгъд. Фæрæхой йæ, уæд дзы туджы цъыртт нæ рахъардтаид.

Дыккаг богал уыдис куырæты. Цыбырхъуыр, фæтæн уæхсчытæ зына-нæзына размæ гуыбыр. Йæ ныллæг ныхы бынæй дзагъул кодтой цывзыйæ сæрсты хуызæн дыуунæ сырх цæсты. Йæ бынатæй знæт богъау рафсæрста, æмæ цыма йе 'мбалы мæт иста, уыйау хафт-хафтæй ралæууыд. Æндон кæрдты цæхæртæ зæхмæ згъæлдысты. Хъуырман йæхи хъахъхъæнгæ сындæггай фæстæмæ йæхи ласта. Адæм сæ къахфындзтыл слæууыдысты. Зæронд æлдар дæр гомхъуыр уасæгау йæ сырх къубал сивæзта. Гуыбыр уæхскджын богал йæхиуыл фервæссыд æмæ размæ цæхæртæ калгæ бырста. Уалынмæ йæ цонг ныддыз-дыз кодта, æмæ цавддурау фæци. Цæвæрдæр тыхджын цæфæй йæ хъама къухæй атахт æмæ зæххы йæ дзыгъал-мыгъул ссыд.

Иналдыхъойы æвзонг зæрдæ хæстмондагæй цæхæртæ скалдта, йе 'лдардзинады кад йæ къахы бын афсæрста, уацайрагмæ ног æхсаргард раттын кодта æмæ йæм кардæлвæстæй йæхæдæг рахызт.

Хъуырманыл иуæй йæ фæллад æртыхст, аннæмæй та æлдары фырт тынг дæсны хæцыд æмæ йæ къуыммæ хаста. Зæронд æлдар йæхиуыл схæцыд, йæ фæлурс цæсгомæй хуртæ, мæйтæ бахудт, æмæ йæ буц фырты арæхстдзинадмæ цыппар цæстæй ныккаст.

Хурзæрин арвæрдын Æрджынарæджы рагъыл æрæвæрдта æмæ йæхи найын байдыдта. Хъарм æртæхтæ æргæр-гæр кодтой Идарыхъоты æлдары сындзын артыл. Адæм бауымæл сты, фæлæ

йæ бынатæй ничи змæлыди. Тох цæуыл ахицæн уыдзæн, уымæ цымыдис кодтой. Æрыгон æлдары уд йæ хъуырмæ схæццæ, цонджы тых батад, æмæ йæ уарткард ныр æрхауа, зæгъгæ, афтæ Хъуырман йæ къух сдардта æмæ састы бынаты æрлæууыди.

«Мæ адæмы раз мæ нæ фæхудинаг кодта, лæджыхъæдджын у», – ахъуыды кодта æлдары фырт, æмæ йын цыдæр æхсызгондзинады къуыбар йæ хъуыр ахгæдта. Бирæ йæ нал бахъуыд йæ уацайраджы ныххъæбыс кæнынмæ, фæлæ йæ адæмы раз йæ намыс нæ бауагъта. Йæ тæрныхы хид асæрфта æмæ сæрыстырæй фехъусын кодта:

– Ацы лæг абонæй иннабонмæ уыдзæни мæ уазæг. Иунæг æрду дæр ыл ме 'вастæй чи баппара, уый нæ фехъуыстон ма зæгъæд! Мемæ уыдзæн йæ дзырддаг!

Фысымтæ сæ уазæджы уат раивтой талынг хъоргъæй сæ зымæгон бæхдонмæ. Иналдыхъойы бардзырдмæ гæсгæ йын бон æртæ хатты лæвæрдтой хæринаг йæ фаг, дойныйæн та – цыргъæнхъызт махсымæ. Афтæ æфсæстæй хъæмпын лыстæныл кæсæджы туджджын йæ фæстаг бонтæ æрвыста.

Къуырийы фæстæ адæм ноджы цымыдисдæрæй æрæмбырд сты фæзмæ æмæ фыдæхы цæстæнгасæй хуынчъытæ кодтой сæ туджджыны. Фæзы астæу та фыдохы арт йæ лулæ сдымдта æмæ хæлын кæрцы дысау йæ сау фæздæг зырзыргæнгæ хæрдмæ фу кодта. Стыр тулдз бæласау аххосджыны бынаты ронбæгъдæй лæууыди Хъуырман æмæ æнкъард цæстæнгасæй арвы цъæхы агуырдта йæ хъысмæты стъалы.

Æлдары иунæг бындар Иналдыхъо уыдис сагау уæнгджын, цыргъдзæсгом, гуырвидауц сахъгуырд. Хъуырманимæ иухуызон дарæс куы скодтаиккой, уæд сæ, æвæццæгæн, фаззæттау ничи раиртæстаид. Уарзта бæхыл дугъы уайын, фатæй милмæ æхсын, хъæбысæй хæцын, кафын æмæ уæлдайдæр та – зарын. Бакастæй уыдис йæ фыдау тызмæгарæзт, удыхъæдæй та – йæ мадау уæздан, æфсармджын, æмæ йын æй йæ фыд æдзухдæр йæ цæстмæ дардта. Темрюк-æлдар æнæкæрон бирæ уарзта йæ иунæджы æмæ-иу ын галиудзинæдтæ дæр барста. Ныр фæзæронд Идарыхъоты номдзыд Темрюк æмæ æлдардзинады ахъаззаг рохтæ йæ фырты домбай къухтæм раттын сфæнд кодта. Ныр дæр сæ туджджыны хъысмæт йæ фыртмæ барæй радта, кæддæра куыд арæхсы, зæгъгæ.

Зонджын Иналдыхъо æргомæй йæ фыды зæрдæхудты никуы

цыдис. Йæхи фæндоныл-иу куы цыд, уæддæр афтæ арæхстгай, æмæ-иу дзы тызмæг Темрюк разыйæ баззад. Иудзырдæй, æрыгон æлдар адæмимæ æмуддæр уыд, æмæ йын уыдон дæр фылдæр кад кодтой.

Саударджытæ рагæппæввонг лæууыдысты. Хъуыдис ма сæ Иналдыхъойы цæстызул, æмæ сæ туджджыны пиллон сындзыты артæй скæлдзæн. Фæлæ уый цæмæндæр нæ тагъд кодта. Зæхх барæгау сындæггай дыууæрдæм рацу-бацугæнгæ цæуылдæр хъуыдытæ кодта. Йæ нарæг астæуæй æрттывта æвзисткæрддзæмджын хъама. Йæ фарсыл æрзæбул пылыстæгсæрджын къæдз æхсаргард. Йæ фæтæн риуæй стъалытау æрттывтой æвзисткъоппа бæрцытæ, æмæ йын йæ тинтычъи цухъхъа аивдæр кодтой.

Адæм банкъуысыдысты, сæ уынæр ссыд, æмæ цыма æрыгон æлдар тарф фынæйæ фехъал, уыйау йæ сæрыл схæцыд. Туджджынырдæм азылд æмæ йæ комкоммæ бафарста:

– Зæгъ-ма, Хъарайы-фырт, мæлæтæй тæрсыс?

– Нæ тæрсын, Идарыхъоты уæздан æлдар, кæд ме ‘ртхутæг нæ дыууæ адæмы æхсæн фыдохы арт ныххуыссын кæндзæн, уæд, – сæрбæрзондæй дзуапп радта Хъуырман.

– Уæдæ зæгъ, цы курдиат ма дæм ис мæнæ ацы саударæг адæммæ?

– Адæймаг цардмæ кæугæйæ рацæуы, мæлгæ та хъуамæ заргæйæ акæна, мæ уадындзæй-ма мын иу цагъды бар раттут, – загъта Хъуырман æмæ сагау йæ сæр бæрзонд систа.

Иналдыхъо адæмыл йæ цæстæнгас ахаста æмæ бафарста:

– Цы зæгъут сымах та?

– Дæу куыд фæнды, афтæ, – загътой фылдæрæй, æмæ уæд æрыгон æлдар афтæ зæгъы:

– Уæдæ мах уæздæттæ стæм, нæ митæ дæр хъуамæ уæзданæй кæнæм. Рахæссут уадындз, сæххæст кæнæм нæ туджджыны фæстаг курдиат, æмæ нын не ‘цæг дунейы удыбæстæ уыдзæн.

Хъуырман, кæм лæууыд, уым зæххыл тъæпæн æрбадт æмæ уадындзы хъуыр йæ былтæм арæхстгай схаста. Æнгуылдзтæ амонæнтыл сындæггай базмæлыдысты. Диссаджы æхсызгон мыртæ зæрватыччы лæппынтау уадындзы хъуырæй апæррæст кодтой, фыццаг зырзыргæнгæ бæрзонд стахтысты, стæй ныллæджыты сæхи расæрфтой æмæ тæрхонгæнæг адæмы зæрдæты цъыбар-цъыбургæнгæ стæлфыдысты.

Хъуырман сыстад æмæ Алардыйы нывондау йæ хъысмæтмæ æнхъæлмæ каст. Иналдыхъо йæм тындзгæ бацыд, йæ хъæбысы

йæ ныккодта, стæй йæ саударджыты размæ æрлæууын кодта æмæ афтæ зæгъы:

– Ахæм булæмæргъы уд сыскъуынын тæригъæддзинад у. Аллах æй никæмæн ныббардзæн; кæд æй марут, уæд уал раздæр мæн аргæвдут, – æмæ йæ уæздан худ Хъуырманы сæрыл æркодта. Уый та амыдта – æрдхорд, æфсымæрдзинад.

Æлдар дыуузæ нал загъта йæ фырты фæндоныл. Саударджытæ систой сæ саутæ, æмæ адæм кафгæ-заргæ араст сты Темрючы галуанмæ. Стыр фæзы сау стъæлфау баззад фыдохы артдзæст. Хур йæ мидбылты худгæ ныгуылæнмæ ныттылди. Æлдары хæдзары ныггуыпп ласта нæртон куывд.

Идарыхъотæ сæ буц уазæджы къахæй-къухмæ ног дарæсы сфæлыстой. Иуабонæй иннæабонмæ йын галтæ фергæвстой, куывдтæ йын фæкодтой, гъе стæй йæ саулохаг æфсургъыл сæвæрдтой æмæ йæ рафæндараст кодтой.

Рæстæг цыд. Хæлардзинады хæрдгæ æндæхтæ Кæсæгæй Уæлладжыры коммæ фидарæй-фидардæр кодтой. Фæдисы хъæртæ бамыр сты. Туджы тымыгъ банцад.

Афæдз ахицæн, уæддæр ма Хъуырманы уадындзы диссаджы зæлтæ фыны дæр зæлыдисты Иналдыхъойы хъусты æмæ йæ цавæрдæр æнахуыр тыхтæй сæхимæ æлвæстой. Нал ныббыхсыдта æмæ иу рæсугъд сæрдыгон бон Идарыхъоты æрыгон æлдар рабалц Дагоммæ йе ‘рхорды бæрæггæнæг.

Куыннæ сбуц кодтаиккой Уæлладжыр ахæм цытджын уазæджы. Иуабонæй иннабонмæ фынгтæ нæ систой, хъазт нæ райхæлд. Уазæгæн йæ цæуын афон куы ‘рхæццæ, уæд æрæнкъард. Фысым æй бафарста:

– Ме ‘рдхорд, куыд кæсын, афтæмæй де уæны цыдæр хъуынджын тар мигъ ныббадти. Зæгъ-ма, дæ хорзæхæй, цы дæ зæрдæмæ нæ фæцыд?

– Нæ, алцæмæй дæр бузныг, фæлæ мæм иу курдиат ис, æмæ тæрсын, куы нæ сразы уай.

– Ау, уый та куыд загътай, мæ уадындз дæ зæрдæмæ айстай, æмæ дæ фæхъхъау фæуæд!

– Нæ, мæ уæздан фысым, ахæм дзаума, стыр курдиат æрдзæй чи рахаста, уымæн æмбæлы, æмæ уый та ды дæ, фæлæ...

– Ау, уæдæ ма цы? – фæтыхсти Хъуырман. Иналдыхъо йæ худ ныллæгдæр æркодта æмæ æфсæрмдзастæй загъта:

– Дæ хо Зæринæйы мын ратт.

«О Хуыцау, цы стыр хидмæ бæллыдтæн, уый, æнхъæлдæн, фæрæвдз кæны», – барухс Хъуырманы зæрдæ, æмæ афтæ загъы:

– Уæллæ-гъи, хуыздæр сиахс мæм дауджытæй дæр не 'рцæудзæн. Дæ цæуын афон мæ хо дæр хуымæтæджы не 'рæнкъард, – бахудт Хъуырман æмæ цæстæнгасæй Зæринæйы рацагуырдта.

Рацыд дзæвгар рæстæг. Хъаратæм Кæсæджы цыкурайы фæрдыджы хуызæн хæрæфырт хъомыл кодта, æмæ хæлардзинады уæрæх хид бынтондæр ныффидар. Кæсæджы усгур лæппутæн Зæринæ Ирыстонмæ фæфæд кодта, æмæ чындзæхсæвтæ сарæх сты.

Æгъдау куыд амыдта, уымæ гæсгæ Идарыхъотæ сæ ног хæстæджыты æрхуыдтой. Хъуырман æмæ йе 'мбæлтты Иналдыхъо фырбуцæй цармæ скæсын кодта. Æлдар йæ уазджыты куы фæндараст кодта, уæд йæ кайысы бафарста:

– Зоныс, мæ зынаргъ æрдхорд, мæ адджын хæстæг, мæ ис, мæ бон. Зоныс мæ фосы дзугтæ, мæ бæхты рæгъæуттæ. Зæгъ, цы дын балæвар кæнон?

– Стыр бузныг дæ уæздандзинадæй, ме сиахс, фæлæ тæрсын, куы нæ бауа дæ бон мæ курдиат сæххæст кæнын, – йæ мидбылты фæлмæн бахудгæ дзуапп радта Хъуырман.

– Тобæ стафр-аллах, уый та куыд загътай? Мæ рахиз цæстыгагуы дæр дын нæ бавгъау кæндзынæн!

– Уæдæ кæд афтæ у, уæд нын хорз зоныс нæ ауайæнтæ, нæ авналæнтæ. Хæхбæсты зæхх нæй, æмæ нæм уымæй фæкæс.

Æлдарыл цыма арв æруæзыд, уыйау фæци. Зæхх зынаргъ уыд, ахæм курдиатмæ æнхъæлмæ нæ каст, фæлæ уæддæр Хъуырманы къух райста æмæ загъта:

– Хорз, мæйы фæстæ арæнмæ æрцæудзыстут, æмæ хурыскастæй хурныгуыылдмæ лæг дугъы кæйонг ахæццæ уа, уыйбæрц дын ратдзынæн зæхх, – дзырд радта æлдар æмæ йæ уазджыты афæндараст кодта.

Цины хабар хохаг мæгуыр хъæутыл айхъуыст. Æлдары зæхытæй фылдæр цыхуызы рамбулæн ис, уый куы бамбæрстой, уæд æхсæв дæр нал хуыссыдысты. Быдираг зæххы бæллиц сæ йæ уæлныхты систа. Фæсивæд дугътæ уагътой, се 'хсæн фæразондæр, уайагдæры агуырдтой æмæ фæстагмæ Хуыдæлты Цицырыл æрæнцадысты. Уый та уыд, адæм фиумæвналæн кæй хуыдтой, дугъон бæхæн гæпп чи нæ лæвæрдта, ахæм Цицыр.

Уыцы рæстæг æлдары арæн Цъыфджыны онг хæццæ кодта, æмæ æмгъуыды бон уырдæм æрæмбырд сты æлдар æмæ Хъуырман æвдисæнтимæ. Бадзырд кодтой афтæ: хурыскастæй йæ аныгуылынмæ Хъуырманы дугъон Хуыдæлты Цицыр æнæрулæфгæ, æнæ дон ануазгæ фистæгæй кæйонг ахæццæ уа, уым æвæрд æрцæуæд арæны бæрæггæнæн.

Уыдис хохаг фæлмæн сæрдыгон райсом. Цъититы комулæфт зад кæрдæгыл хъазыд æмæ æртæхдзæгъдæн кодта. Хъæриу хохы сæрмæ сæуæхсид зæлдаг кæлмæрзæнау æрттывта. Арвы кæронæй хур йæ сырх тенка сдардта æмæ æвæджиауы дугъмæ дисгæнгæ ныккаст. Бæстæ гыбар-гуыбур сси. Зæхмондаг Цицыр айвæзта йæ даргъ къабæзтæ æмæ сагау размæ гæпп кодта. Уад йæ фæсхъустæй ниудта, зæхх йæ къæхты бын фæстæмæ лыгъд.

Бон йæ даргъ бæндæн айвæзта. Мæргътæ сихоры хæрдыл æрбадтысты, афтæ Цицыр йæ дугъы тымыгъы бацыд. Зæвæттæ фыруадæй къæбутыл ныдзæвдысты. Хъузæттæн сæ бæхты фынк къоппæй калди. Дыууæ æрдхорды, Хъуырман æмæ Иналдыхъо сæ урс бæхтыл фæрсæй-фæрстæм Цицыры фæдыл сæпп кодтой. Цас дарддæр уадысты, уыйбæрц Хъуырманы цæсгом рухсæй-рухсдæр кодта.

Йæ хурсыгъд риуыкъæйæ уæлдæф фадгæ згъордта Цицыр размæ лæфлæфгæнгæ, уддзæф ын йæ мыдхуыз рихитæ фæстæрдæм фаста. Йæ аууон быраны бæндæнау адаргъ æмæ йæ разæй тыбар-тыбур кодта. Бæхты къæхты айст йæ фæдыл фæуæззаудæр. Цицырæн йæ ком бахус, йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси, йæ чъиухид калди, уæддæр йæ быцъынæг размæ тыдта.

Хуры ма ныгуылынмæ иу къахдзæфы бæрц хъуыдаид, афтæ Цицыр йе 'взаг раппæрста, цæстытæ тартæ кодтой. Къæхтыл цыма долапи куыройы фыдтæ баст уыд, уыйау йæ коммæ нал кастысты, фæлæ сæ уæддæр тыххæй размæ æппæрста. Зæрдæ сдзеудзæлæй æмæ дзæккорæй хойæгау риуы фæйнæг гуыппгуыпп кодта, æддæмæ рæдывта.

Згъоры Цицыр размæ, æмæ йæ цæстытыл уайы Уæлладжыры æвадат мæгуыр ком. Галы æвзаджы йас хуымы саппытæ. Алы тигъ, алы къуыппытыл цыма стонг адæм стырæй-чысылæй слæууыдысты æмæ йæм фæсус хъæлæстæй хъæр кæнынц: «Цицыр, размæ, нæ хъысмæт дæ дугъы ис! Зæхх, зæхх, зæхх!..»

– «Уайых фæуай, уæлæ хур, кæд ды та кæдæм тындзыс», – ахъуыды кодта Цицыр æмæ та размæ йæхи аппæрста.

Хуры сызгъæрин чъил ма ныгуылæнæй æхсырфы састау ферттывта, афтæ Цицыры нуарджын даргъ зæнгтæ фæдыдагъ сты, фæлæ ма уæддæр йæ къæрид худы хæррæгъ размæ фехсын йæ бон бацис, æмæ æрхауд. Йæ мæллæг фиумæвналæн цæнгтæ размæ айвæзта æмæ бауадзыг.

Æвдисæнтæ Цицыры уæлхъус сæ хидæйдзаг бæхтæй æрфистæг сты. Хъуырман ын йæ хус былтæ хуылыдз хæцъилы гæппæлæй адау-адау кодта. Æлдар йæ къæхтыбынæй сулæфыд æмæ дисгæнгæ йæ дыууæ армы кæрæдзиуыл ныццагъта:

– Уæ, хуыцау дын ма уа, цы лæг дæ! Ме ʻлдардзинады æмбис мын хурыскастæй хурныгуылдмæ ачъепп ласта!

Хъуырман цыма хуры тын аныхъуырдта, уыйау зæххыты цинæй йæ цæсгом ныррухс. Йæ цины арвы кæрæтты æртæ зылды æркодта, стæй йæ урс нымæт нæууыл æрытауын кодта, æмæ йыл Цицыры арæхстгай æрæвæрдтой.

– Дон, – æнæуд хъæлæсæй сдзырдта Цицыр, æмæ та йын уымæл хæцъил Хъуырман йæ хус былтыл авæрдта.

Ныхас æфсургъыл бады. Цины хабар уайтагъд комæй коммæ, хъæуæй-хъæумæ Ирыстоны къуымты æрзылд. Чи бæхыл, чи фистæгæй уæлладжырон адæм ныххæрæтт кодтой ног арæн уынæг. Хъуырманæн арфæтæ кодтой, Цицыры та фырбуцæй сæ уæлныхты систой æмæ йæ зæхмæ нал уагътой. Авд боны æмæ авд æхсæвы сæ ног зæххыты цинæй хæдзар нал агуырдтой. Хъазгæ-худгæ сыджыт хастой, æмæ, Цицыры худ кæм æрхауд, уым стыр обау сарæзтой.

Рæстæг цыд. Æлдары дзырдмæ гæсгæ, Кæсæджы дзыллæтæ сыстадысты æмæ сындæггай ног арæны дæлемæ ивылдысты. Фыдохы зынг æрмынæг. Кæсæг æмæ Иры ног арæны сæрмæ тæмæнтæкалгæ стылди хæлардзинады стъалы.

Дыууæ адæмы кæрæдзийы чызджытæ хастой. Сарæх сты чындзæхсæвтæ, куывдтæ.

Цицыры худы бынаты цы обау сырæзт, уый абон дæр арæны æвдисæйнагæн лæууы Ставд-Дурты хъæуы фале.

# АРВИСТОН

## ДИКТАТОРТЫ ТЫХХÆЙ ЦЫБЫРÆЙ

### Бенито Муссолини (1883 – 1945)

Италийы диктатор. 1920 азы сарæзта фашистон парти. Дыууæ азы фæстæ гæрзифтонг тыхты æххуысæй хицаудзинад райста йæ къухтæм æмæ ссис Италийы премьер. Уыцы иу рæстæг уыди фашистон партийы разамонæг дæр. Германимæ иумæ райдыдтой Дыккаг дунеон хæст. 1945 азы 28 апрелы Муссолинийы, йæ уарзон Петаччи æмæ йæ хъузæтты æрцахстой æмæ сæ амардтой. Сæ мæрдтæ сын сæ къæхтæй æрцауыгътой, цæмæй сæ дзыллæтæ афтæмæй феной.

### Адольф Гитлер (1889 – 1945)

Германы фашистон паддзахады сæргълæууæг. Национал-социалистон партийы фюрер (фæтæг). 1933 азы ссис рейхсканцлер. Йæ бæстæйы сæвæрдта фашистон терроры цардæвæрд. 1939 азы ракъахта Дыккаг дунеон хæст, 1941 азы июны та Советон Цæдисмæ æрбалæбурдта. 1945 азы апрелы Советон Æфсад йæ бункермæ куы ‘рбахæстæг, уæд йæхи амардта. XX æнусы диктатортæй иунæг уый ацыди мæрдтæм барвæндонæй, растдæр зæгъгæйæ та – бар-æнæбары.

### Франсуа Дювалье (1907 – 1971)

1957 азы ссис Гаитийы президент инæлар Кебройы хунтæйы æххуысæй. Тиранæн йæхи хуызæн чи нæ хъуыды кодта, уыдоны ныхмæ рапарахат и террор, æмæ 30 мин адæймаджы фæцагъта, 300 мины та бæстæйæ лидзæг фесты. Дювалье йæхæдæг дохтыр уыд, афтæмæй йæ паддзахады æнæниздзинад хъахъхъæныны системæ бынтон раууаты уавæрмæ æртардта. Уыйхыгъд Гаитийы национ идеологи ссис вудуйы (кæлæнтæ кæныны, магийы) культ.

Диктатор йæхæдæг амарди диабетæй – 64-аздзыдæй.

***P. S.*** Диабетæй амарди Хорватийы диктатор, Гитлеры æмцæдисон Анте Павелич дæр (1889 – 1959).

## Анастасио Самосæ (1925 – 1980)

1974 азы йæ фыд æмæ йе 'фсымæры фæстæ Никарагуайы диктатор ссис Анастасио Самосæ. Уый дарддæр ахæццæ кодта наци ссæрибар кæныныл тохгæнæг фронтимæ (Сандинистон фронт æй хуыдтой) хæст. Уый аххосæй бабын сты 50 мин адæймаджы. Самосæйы йæ бынатæй раппæрстой 1979 азы. Тиран алыгъди Америчы Иугонд Штаттæм. Йæ æбуалгъ тæригъæдтæ бафыста Парагвайы: аргентинаг сандинистон хæстонтæ йын йæ згъæрæй æхгæд «Мерседес» гранатæппарæн РПГ-2-йæ фехстой, стæй ма йыл автоматтæ дæр аскъæрдтой.

***P. S.*** Самосæйæ уæлдай ма ахæм адзал сæ сæртæ баййæфтой Доминикæйы Республикæйы диктатор Рафаэль Трухильойæн (1891 – 1961), Румынийы президент Николае Чаушескуйæн (1918 – 1989) æмæ Ливийы сæргълæууæг Муаммар Каддафийæн (1942 – 2011).

## Иди Амин (1928 – 2003)

Ацы тиран Угандæйы сæргъы лæууыди 1971 – 1979 азты. Уыцы рæстæг йæ адæмæй ныццагъта милуаны æрдæг. Уыдонæй дыууæ мины амардта йæхи къухæй. Оппозицийæ иуæй-иуты та хæргæ бакодта! 1978 азы Амин хæцын райдыдта Танзаниимæ, фæлæ састы бынаты баззад æмæ йæ бæстæйæ алыгъд. Йæ бамбæхсыныл сразы æрмæст иунæг паддзахад – Сауды Арави. Уым диктатор амарди гипертони æмæ зæрдæнизæй.

***P. S.*** Зæрдæниз мæрдтæм ахаста ноджы дыууæ тугцъир тираны – Кампучийы сæргълæууæг Пол Поты (1928 – 1998) æмæ Центронафрикаг Республикæйы президент Жан Бедель Бокассæйы (1921 – 1996). О, хæдæгай, Бокассæ дæр уыди каннибал (лæгхор).

## Саддам Хусейн (1937 – 2006)

Хусейн Иракы президент ссис 1979 азы. Афæдзы фæстæ Иранимæ хæст ракъахта, 1990 азы та байста Кувейт. 2003 азы

Иракы æфсады ныддæрæн кодтой Америчы Иугонд Штаттæ æмæ се 'мцæдисонтæ. Иракы сæргъы цы ног хицауад æрлæууыд, уый Саддам Хусейнæн рахаста марыны тæрхон, æмæ йæ æрцауыгътой.

***P. S.*** Æрцауындзыны тæрхон ма уый размæ рахастой Ференц Салашийæн (1897 – 1946). Уый Дыккаг дунеон хæсты рæстæг уыди Венгрийы «фюрер», Гитлеры æмцæдисон.

## НОМДЗЫД ЛÆГТЫ ХЪУЫДЫТÆ

✦ Искæй æххуысхъуаг чи нæу æмæ сæрибарæй чи цæры, уый – æппæтæй хъæздыгдæр.

✦ Бирæтæ мæ аххосджын кæнынц, хъæздгуыты ныхмæ кæй фæдзурын, уый тыххæй. Фæлæ хъæздгуытæм мæгуыртæ нымады дæр куы не сты. Æз хъæздыджы нæ аххосджын кæнын, фæлæ стигъæджы. Ды бонджын дæ? Нæ дæ хъыгдарын, фæлæ ды стигъæг дæ? Уæд дæ аххосджыныл нымайын. Бонджынтæ дæр æмæ мæгуыртæ дæр мын мæхи хъæбулты хуызæн сты.

✦ Стонг уды куы бафсадай, уæд афтæ нымай, цыма дæхи бафсæстай. Цард афтæ у: цы раттай, уый дæм фæстæмæ æрбаздæхдзæни.

***Зæринком Иоанн***

✦ Хæст чи ракъахы, уыдон сæхæдæг бахауынц сæ къæппæджы.

✦ Бирæ тыхджынтыл фæуæлахиз вæййынц æдыхтæ.

✦ Фыдæхзæрдæ уынаффæгæнджытимæ цæрыны бæсты фæлтау цу артыл æмæ кæлмытыл.

✦ Паддзæхтæн чи лæггад кæны стæй сæм æввахс чи цæуы, уыдон фыдбылызæй хызт куыд уыдзысты? Паддзæхтæ сты, бирæ нæлгоймæгты хъæбысы чи фæци, ахæм æлгъаг гадздза сылты æнгæс.

✦ Стыр хъаруйы хицау чи у, уыдоныл дæр зонд фæуæлахиз вæййы.

✦ Мæнгард, налат адæймагæй дæхи иуварс лас, дæ хæстæг куы уа, уæддæр.

✦ Знæгтæн сæ гуыбынтæ 'фсадын раппæлинаг хъуыддаг у.

✦ Æдылыдзæфтæ се знæгты æдзухдæр æдых фæхонынц.

***Иоанн Дамаскин***

✦ Хуыцауы фæндæй уæ алы хъуыддаг дæр фæрæстмæ уыдзæни, кæд фæразон уат æмæ афтæ нæ зæгъат: æз Хуыцауæн лæгъстæтæ кодтон, фæлæ йæм мæ ныхæстæ нæ фехъуыстысты.

✦ Мæрдты тыххæй æвзæр макуы дзурут. Уыдон царды сæхи цы хуызæнæй равдыстой, уый тыххæй райстой, цы ‘мбæлд, уый.

✦ Ахæрæты Бон Хуыцауы цæсты æппæтæй цауддæр уыдзысты дыдзæсгом адæймæгтæ – уыдон иутæм сæ иу цæсгом æвдыстой, иннæтæм та сæ иннæ цæсгом.

✦ Поэт цы ныхæстæ загъта, уыдонæн сæ тæккæ растдæр у Лябиды хъуыды: «А дунейыл алцы дæр кæны мæлгæ, Хуыцауæй фæстæмæ».

*Сахих аль-Бухари*

✦ Къогъо пылæй къаддæр цæры, уымæн æмæ тугцъиртæн бирæ цæрæнбон нæй.

✦ Æнаххос адæймæгты чи ‘фхæры, фыдгæнджыты ‘хсæн уымæй цъаммардæр нæй.

✦ Паддзахæн йæ митæ раст тæрхоны бындурыл арæзт куы нæ уой, уæд йæ бæстæ бабын кæндзæни.

✦ Тых арæх дæрддзæф вæййы раст тæрхонæй. Фыддæр тыхгæнæг чи вæййы, уый бацахсы паддзахы бынат.

✦ Фæззæгæн бур цæсгом вæййы – Æрдз рæдау кæй у, уый фæрцы.

✦ Дунейыл рæстдзинад паддзахиуæг куы кæна, уæд хъæддаг сæгъ фырæфсæстæй домбайы хуызæн суыдзæни.

✦ Гъей, хорз лæг, дæхи базонынхъом куынæ дæ, уæд хъуамæ куыд базонай Хуыцауы?

***Газали***

✦ Дунемæ цыбæлы цæстæй ма кæс. Калмæн йæ рагъ нывæфтыдтæ вæййы, фæлæ йæ марг мæлæтхæссæг у.

***Руми***

✦ Искæй фауыны размæ уал-иу дæхи уый бынаты авæр.

***Гиллель***

✦ Смæгуыр уæвынæй чи тæрсы, уымæй мæгуырдæр нæй.

✦ Де знагæй бамбæхсынмæ цы хъавыс, уый дæ хæларæн дæр ма зæгъ.

✦ Цас къаддæр дзурай, уыйбæрц къаддæр рæдийдзынæ.

✦ Чъындыйæ исты курын у, æдзæрæг быдыры кæсаг куы ахсай, уыйау.

✦ Хæлæггæнаг йæхи хъизæмарæй куыд мары, афтæ ма исчи удхар кæны, уый никуы федтон.

***Габирол***

✦ Адæм цы не ‘мбарынц, уый се ‘нæуынон у.

✦ Йе ‘взаг йæ зондæй тыхджындæр кæмæн у, уый – адæмы фыддæр.

✦ Зонд у Хуыцауæй адæймаджы ‘хсæн зæд-минæвар.

✦ Адæм сайгæ кæнынц се ‘нæбондзинады аххосæй.

***Ибн Эзра***

✦ Гуырысхотæй нæ Хуыцау бахизæд!

✦ Зондыл цæстæй тынгдæр æууæндын хъæуы.

✦ Хуыцауæн комкоммæ йæхимæ дзурын хъæуы: æхсæнылæгтæ ма агурут.

✦ Æнæфенд лæгмæ афтæ кæсы, цыма дуне æрмæстдæр уымæн сфæлдыстæуыди. Фæлæ, йæ зæрдæмæ цы нæ цæуы, ахæм исты куы бавзары, уæд ахæм хатдзæгмæ æрцæуы: а дуне йемыдзаг у фыдæхæй.

***Маймонид***

## ЦИТАТÆТÆ, БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

* * *

Нырыккон советон аппарат, цыма йæм бырæттæ фæкалдæуыд, уыйау байдзаг, æвзæр дæр схонæн кæмæн нæй, фæлæ хорз дæр чи нæу, ахæм адæмæй: цы бынæттæ бацахстой, уырдæм æнæнхъæлæджы бахаудтой, уымæ гæсгæ хæрз гæзæмæ пайда хæссынц...

Æнæнхъæлæджы адæм кæй сбирæ сты, уый паддзахадон аппараты куыстæн у зианы хос, тæры йæ къуырцдзæвæнмæ, уымæн æмæ аппараты кусджытæм цы хæстæ фæхауы, уыдон ныввыл нал феххæст кæнынц.

***Павел Флоренский,*** *1935 аз.*
*Чиныг «Иконостас», М.,*
*«Мир книги», 2007, 398 ф.*

* * *

Хъæууон хæдзарады алыхуызон культурæтæ зайын кæнын фарны хъуыддаг куыд у, афтæ алы адæмты культурæтæ дæр паддзахадæн сты амонды хос, дæттынц ын характерты, удварны, хæдзарады бæркæдтæ. Иу адæмыхатт йеддæмæ кæм нæй, ахæм бæстæйы та цард вæййы мæгуырау, иугъæдон. Адæймаджы зæрдæ нынтъыснæг уыдзæни, Керчы алыварс гречъы цæрæнты хæлддзæгты цур дæр, Пушкины фарны койтæй йемыдзаг чи у, уыцы Мариуполы дæр, Сау денджызы былгæрæтты дæр, Тифлисы дæр, Чиатурæйы хохрæгътыл дæр, цæвиттон, кæмдæриддæр куы уынай «нигде как в Моссельпроме». Ахæм иугъæдон цардæй адæймаг зæрдæцъæх кæй фæвæййы, уый иу хъуыддаг у, фæлæ дзы паддзахад гæвзыкмæ кæй æрцæуы, уый у бæллæх. Алы район дæр хъуамæ буц уа йæ хъæздыгдзинæдтæй, хъуамæ дзы буц уа æгас паддзахад дæр. Æппæт уыцы хæдхуызтæ иу джипы ауадзын, иугъæдон сæ скæнын – уый фæрнджын паддзахадæн йæ царды нысан фесафынæй уæлдай нæу. Ахæм паддзахад та фæрнджын нал уаид, фæлæ æрмæст уæрæх тыгъдад фестид.

***Павел Флоренский.***
*Уæлдæр амынд чиныг, 394-395 фæрстæ.*

* * *

Авд хатты мын йæхи фенад кодта мæ уд.

Фыццаг хатт – бæрзæндтæм схизыны тых æм кæй нæ разынд, уымæй.

Дыккаг хатт – гуылмызты астæумæ куы бахауд, уæд кæй фæкъуылых, уый тыххæй.

Æртыккаг хатт – зын æмæ æнцон хъуыддагыл куы цыди ныхас, уæд йæхицæн æнцон хъуыддаг кæй равзæрста, уый тыххæй.

Цыппæрæм хатт – фыдми ракæныны фæстæ ма йæхи растыл кæй нымадта, ома, дам, иннæтæ дæр афтæ архайынц, зæгъгæ, уый тыххæй.

Фæндзæм хатт – тыхмийæн йæ фыр лæмæгъæй кæй ныффæрæзта æмæ ма æппæлгæ кæй кодта, фæразондзинад тыхы бæрæггæнæн у, зæгъгæ, уый тыххæй.

Æхсæзæм хатт – цæнкуылтæ цæсгомыл былысчъилтæ кæй

кодта, уый тыххæй; афтæмæй йæхи уынд бæллиццæгтæй нæу.

Æвдæм хатт – æппæлæн зарæг кæй кодта æмæ уый хорзыл кæй нымадта, уый тыххæй.

* * *

Рæстдзинад зонын иудадзыг дæр хъæуы, дзургæ та йæ искуы-иу хатт кæн.

* * *

Поэзи у... тугкалгæ хъæдгомы кæнæ та худгæ былты зарæг.

* * *

Поэт у, йæ бынатæй кæй раппæрстæуыд æмæ йæ галуаны сыгъдæттыл чи бады, ахæм паддзах. Ныр уый фæлвары æртхутæгæй фæлгонц саразын.

* * *

Хурмæ чъылдымыздæхтæй куы лæууай, уæд æрмæстдæр дæхи аууон фендзынæ.

***Джебран Халиль Джебран***

* * *

Ахуырады министрады чиновниктæ нын æртæ азы нæ хъусты цагътой, нæ бæстæйы, дам, профессионалон-техникон училищæтæ куы нæ уа, уæд бабын уыдзæни. Уымæ гæсгæ аст азы дæргъы бюджетæй ратыдтой 35 миллиард сомæй фылдæр. Фæлæ та ног кризис куы райдыдта, уæд рабæрæг: уыцы миллиардтæ хардзгонд æрцыдысты бынтон дзæгъæлы.

*АиФ, 2016, №17*

## АЛЫХУЫЗОН ХАБÆРТТÆ

* * *

Гюстав Флобер æмбырд кодта, фысджыты уацмысты-иу цы æнахъинон хъуыдыйæдтæ ссардта, уыдон. Бальзакмæ ссардта ахæм ныхæстæ: «Æз ай дзæбæх нæ уынын, – загъта куырм зæронд лæг». Хистæр Дюмамæ: «Ах-ах! – загъта дон Мануэль португайлагау». Æмæ а. д.

* * *

Æппæтæй фылдæр уарзæттæ уыд араббаг монарх Саудæн: 20 мин сылгоймаджы. 11 азы йыл куы цыд, уæдæй зæронды бонтæм (72-аздзыд куы ссис, уæды онг) алы æхсæв дæр йæхи ирхæфста æртæ сылгоймагимæ. Йæ уарзæттæй-иу фæцух æрмæст хæстыты рæстæг.

* * *

Æппæты уарзагдæр сылгоймагыл нымад у, XVIII æнусы чи царди, уыцы францаг актрисæ Дюбуа. Ссæдз азы дæргъы уый фæци 16527 нæлгоймагимæ. Цæвиттон, алы бон дæр-иу æртæ лæгмæ «смой кодта».

* * *

Разагъды философ æмæ ахуыргонд-энциклопедист Аристотелы фидарæй уырныдта, сылгоймæгтæн сæ дæндæгты нымæц къаддæр кæй у, уый. Кæд дыууæ хатты ракуырдта ус æмæ йын фадат уыд, йæ хъуыды раст у æви нæ, уый сбæрæг кæнынæн, уæддæр æй йæ амæлæты бонмæ нæ равдæлд æцæгдзинад базонынмæ.

* * *

Бирæ бæстæты академиты уæнг, дунейы диссæгтæ чи раргом кодта, уыцы Томас Эдисон иуахæмы бацыд йæ лабораторийы кусæг сылгоймæгтæй иумæ æмæ йæ афарста: «Госпожа Эдисон суæвын дæ фæнды?» Сылгоймаг разыйы дзуапп радта. Мæйы фæстæ уыди чындзæхсæв. Фынджы уæлхъус куы бадтысты, уæд Эдисон йæ ног усæн загъта: «Хатыр курын, фæлæ мæ фынддæс минуты мæ лабораторийы акусын хъæуы». «Табуафси», – дзуапп радта ус. Эдисон йæ кусæнуатмæ куы бацыд, уæд дзы æппæт хъуыддæгтæ дæр ферох сты... Дзæвгар рæстæг рауад, афтæ йæм йе ‘мбæлттæ фæфæдис сты. Разагъды ахуыргонд йæ чемы æрцыд – ус кæй ракуырдта, уый йæ зæрдыл æрлæууыд æмæ йе ‘мбæлтты фæдыл араст...

# АНЕКДОТТÆ

* * *

Хынцинаг арифметикæйæ: Ботас æмæ Таймуразæн сæ мæйы мызд у 50 мин сомы. Ботасы ус мæй хардз кæны 500 мин сомы. Таймуразы ус та мæй хардз кæны 5 милуан сомы. ФАРСТ: Дыууæ лæгæй горæты мэры хæдивæгæй чи кусы. Чи кусы губернаторы хæдивæгæй та?

* * *

Автобусы лæууæнбынаты лæууыди сауджын, йæ цуры та сылгоймаг йæ гыццыл чызгимæ. Саби сауджынмæ бирæ фæкасти, стæй йæ мады фæрсы:

– Мамæ Хъызт Дадайыл сау дзаумæттæ цæмæн и? Снегурочкæ амарди, мыййаг?

Сæ алыварс цы адæм уыд, уыдон худæгæй бакъæцæлтæ сты. Сауджын ларекмæ ацыд æмæ чызгæн шикалад балхæдта, уæдæ цы уыдаид.

* * *

– Мæ ус алкоголизмæй алы бон дæр февзæр вæййы...

– Нуазгæ кæны?!

– Нуазгæ æз кæнын, сур та дзы уый фæвæййы.

* * *

– Мæн афтæ фæнды, цæмæй мын дидинджытæ канд æстæм мартъийы ма лæвар кæнай, фæлæ алы бон дæр.

– Мæн та афтæ фæнды, цæмæй ды фыдсыл уай æрмæстдæр къуыри иу бон.

* * *

– Дæ куыст цы у, зæгъыс?

– Адæмы ласын.

– Æмæ уыдон та цы ми фæкæнынц?

– Хъæрахст сисынц.

– Æмæ дын дæ мукъутæ никуыма ничи фæнадта?

– Нæма. Нырма гыццылтæ сты. Æз арæндоны акушерæй кусын.

* * *

– Монголийы ис ахæм æгъдау: сывæллон сæм куы райгуыры, уæд йæ фыд ныссадзы бæлас. Фæлæ фырт æдылы куы разыны, уæд бæлас акалынц.

– Æз Монголийы уыдтæн æмæ дзы тыгъд быдыртæ йеддæмæ ницы ис.

* * *

– Мæ ус куы фæмæллæгдæр уаид, уый йæ фæнды. Æмæ иудадзыг цæуы бæхыл.

– Гъы, æмæ фæмæллæгдæр?

– Йæхæдæг нæ, фæлæ бæхæн йæ уæзæй 10 килæйы ахауд.

* * *

Иу лæг сахат цалцæггæнæгмæ йæ сахат бахаста. Уый йын æй райгом кодта, æмæ дын дзы мард хъæндил-хъæбыза куы рахауид. Сахат цалцæггæнæг дзуры лæгмæ:

– Мæ лымæн лæг, дæ машинист куы амарди!

*Цъары фæрстыл:*

*2. Гусар.*
*3. Дыууæ мады.*
*2. Амазонкæ.*

* * *

| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель и *издатель*:
Министерство культуры РСО-Алания.
362040. г. *Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 25.05.16. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 372. Цена свободная.
Выход из печати 30 июля 2016 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.





Индекс 73247